# O`zbekistan Respublikasi
# Xaliq bilimlendiriw Ministrligi

## A`jiniyaz atindagi No`kis
## Ma`mleketlik pedagogikalıq institutı

**Ja`miyetlik pa`nler kafedrası**

# « Kishi biznes ha`m jeke isbilermenlik »
# pani boyınsha

**lektsiya tekstleri**

**Lektsiya tekstlerin duziushi:** **Qalenov K.**

No’kis-2014

## 1-Tema. Kirisiw. Isbilermenlik, kishi ham orta biznes paninin predmeti ham waziypalari.

**Mazmuni**

**Isbilermenlik, kishi ham orta biznes paninin predmeti ham waziypalari.**
**Kishi biznes ham jeke isbilermenliktin teoriyaliq tiykarlari.**
**Isbilermenliktin xukik xam majburiyatlari.**

Biznes so`zi inglis tilinen aling`an bolip, ol isbilermenlik xizmeti yaki basqasha so`z benen aytqanda adamlardin` payda aliwg`a qaratilg`an isbilermenlik ha`reketi bolip tabiladi.

Sirt el alimlari o`z oqiwliqlarinda bizneske ha`r tu`rli ta`riplew beredi. AQShtin` Texas Illinoys universiteti professorlari S. Rozemblat ha`m R. Nidlslar ta`repinen tayarlang`an «Biznes kontseptsiyasi» oqiwlig`inda: Biznes bul ne? degen sawalg`a olar:

Biznes – bul jumis ju`ritiw sistemasi.

Biznes– bul adamlarg`a kerek bolg`an tovarlar.

Biznes– bul jumis.

Biznes– bul bizin` qalay jasawimiz.

Biznes– bul bizin` sotsial – ekonomikaliq sistemalardin` orayliq ko`shesi.

Biznes – bul ja`miyettin` talap ha`m mu`ta`jliklerin qanaatlandiriw ushin jaratilg`an o`ndiris sistemasi dep juwap bergen.

Biznes – bul puldan pul tabiw, biraq a`lbette adamlarg`a kerekli bolg`an o`nimlerdi islep shig`ariw yaki xizmet ko`rsetiw na`tiyjesinde puldan – pul islewdi bildiredi. Biznestin` formulasi a`pwayi P-T-P. Biraq bul a`pwayi formula mazmuninda quramali o`mir protsessi jatadi. Biznes bul en` aldin o`ndiristi sho`lkemlestiriw, ekonomikaliq xizmet ha`m qatnas o`mirdin` o`zi, son`inan bolsa pul islew bolip tabiladi. Biznes bul sirt el so`zi, biraqol barliq du`nya` boyinsha tarqalg`an, onnan barliq ma`mleketlerde paydalanadi. Bizde bolsa biznes so`zi isbilermenlik so`zine jaqin keledi. Bul so`z shet tillerge tuwri keledi, biraq sog`an qosimsha ja`ne basqa ma`nistide bildiredi. Solay etip bul so`zlerdin` artinda jumis penen shug`illaniw yamasa ka`rxanani sho`lkemlestiriw jatadi. Solay etip biznes bul ka`rxana sho`lkemlestiriw degen ma`nisti bildiredi. Demek, biznes bul joq na`rseden pul tabiw emes, ba`lkim o`ndiristi yaki xizmet ko`rsetiwdi sho`lkemlestiriw bolip esaplanadi.

Isbilermen nelerdi biliwi kerek? Bul en` aldin, isbilermenlik xizmetin qalay a`melge asiriwdi, qanday sha`rayatta a`meliy ha`reket etiwdi, isbilermen aldinda ushiraytug`in tosqlardi sheshiw jollarin ha`m qanday jen`islerge erisiwdi biliwi kerek. Ol bazar qatnasqlari sha`rayatinda ju`zege keletug`in konkret shariyatlardi bahalwdi ha`m duris jol tahlawdi biliwi kerek. Hesh kim hesh qashan isbilermenge ne islew kerekligin u`yretpeydi, ha`m awir waqtlarda ja`rdemge kelmeydi. Ha`r bir isbilermen tek o`z ku`shine, bilimine ha`m aqilina iseniwi ha`m su`yeniwi lazim.

Bizin` ma`mleketimizde sirt el ma`mleketler ta`jiriybesine su`yengen halda kishi biznes ha`m jeke isbilermenlikti rawajlandiriwg`a ma`mleketimiz ta`repinen u`lken itibar berilmekte.

O`zbekistan Respublikasi «kishi ha`m jeke isbilermenlikti rawajlandiriwdi xoshametlew haqqinda» nizamin misal etip ko`rsetse boladi. Erkin ba`sekege ken` imkanyat jaratiw tu`rli mu`lkshilik reformalarindag`i bazar sub`ektleri ortasinda bolatug`in ekonomikaliq–huquqiy qatnasqlardi du`n`ya jetskenlikleri da`rejesinde jetkeriwde bul nizam u`lken a`hmiyetke iye.

Bul nizamnin` 2- statiyasina muwapiq kishi ha`m jeke isbilermenlik sub`ektlerinin` o`zgeshelikleri onin` belgilep berilgen sonin` ishinde sanaat ha`m qurilista 50 adamg`a shekem, awil xojalig`i ha`m islep shig`ariwdin` basqa tarawlarinda 25 adamg`a shekem, usaqlap satiwda 5 adamg`a shekem bolg`an ka`rxanalar kishi ha`m jeke isbilermenlik sub`ekt ka`rxanalari esaplanadi.

Kishi biznes ha`m jeke isbilermenlik rawajlang`an ma`mleketlerde an`latiladi ha`m olardin` a`hmiyeti nelerden ibarat. AQShta 500 adamg`a shekem xizimetkeri bolg`an ka`rxana kishi ka`rxana esaplanadi.

Germaniya ha`m basqa Evropa ma`mleketlerinde bolsa 300ge shekem xizimetkeri bolg`an ka`rxana esaplanadi.

Sirt ellerde kishi ka`rxanalardi bir birinen o`zgeshelikke iye tu`rlerge bo`liw mu`mkin:

1 O`mirdi ta`minlewshi ka`rxanalar.

2 Tez o`siwshi ka`rxanalar

A`dette kishi ka`rxanalardin` 80-90% ju`da` kishi ka`rxana bolip, olar o`siwi ushin sheklengen imkanyatlarg`a iye. Bunday ka`rxanalar o`mirdi ta`minlewshi ka`rxanalar dep ju`ritiledi.Usi tu`rdegi ka`rxanalarg`a konstitutsiya xizimetin ko`rsetiwshiler firmalar qa`nigelesken du`kanlar, kafe ha`m tag`i basqalar kiredi. Olardag`i xizmetkerler toliq bolmag`an is ku`nine iye bolip firmanin` ma`nzili bolip u`yleri xizmet etedi. O`mirdi ta`minlewshi ka`rxanalar kishi biznes ka`rxanalari bolip, onin` iyesi jeterli turmis da`rejesin ta`minlew maqsetinde sho`lkemlestiredi.

Ekinshi tu`rdegi ka`rxanalar tez o`siwshi ka`rxanalar dep ataladi. 01=bunday ataliwina sebep, 01=maqseti tez arada kishi biznes shegarasinan shig`ip rawajlaniwi bolip esaplanadi. Tez o`siwshi ka`rxanalar kishi biznes ka`rxanasi bolip olar operativ o`siw tendentsiyasina ha`m qoyilg`an kapitallardin` joqari qaytimlilig`ina iye esaplanadi. A`dette bunday ka`rxanalarg`a bir neshshe adamlar basshiliq etedi. Tez o`siwshi ka`rxanalar iri investitsiya negizlerine tez jaqinlasa aladi ha`m bunin` na`tiyjesinde ken` bazarda jan`a tovarlar ha`m xizmetlerin kirgiziw imkanyatina iye boldi.

Kishi biznes ha`m jeke isbilermenlik o`z ko`lemi boyinsha ekonomikanin` u`zliksizligin ha`m turaqlilig`in ta`miynlewde u`lken orin iyeleydi. Kishi biznes ha`m jeke isbilermenliktin` ekonomikag`a ta`sirler ko`lemi bir qatar ekonomikanin` sotsialliq ma`deniy, ruwxiy ha`m basqa ta`replerin o`z ishine aladi. Biz tek g`ana ekonomikaliq ta`repten a`hmiyetli bolg`an o`zgesheliklerge toqtap o`temiz.

Bular to`mendegiler.

A) jumis orinlarin payda etiwde abirayinin` joqarlig`i o`tken 10 jil dawaminda AQSh kishi biznes boyinsha basqarmasinin` mag`liwmatina qaraytug`in bolsaq jan`a jumis orinlarinin` yariminan ko`bi 100 adamnan kem xizmetkerleri bar ka`rxanalarg`a tuwra keledi. Tez o`siwshi firmalar jan`a firmalardin` 27%in payda etip olar 60% jan`a jumis orinlarin payda etiwde qatnaspaqta. Sonin menen birge kishi bizneske payda etilgen jumis orinlarinin` o`zine ta`n o`zgeshelikleri bar:

-is haqi ha`m qosimsha to`lemler, jen`illiklerdin` bir qansha to`lemi:

-jumis orinlarinin` 25%ti toliq emes jumis ku`ni menen sheklenedi.

-olarda islewshi quraminin` ha`r tu`rliligi yag`niy mag`liwmat aldin islemegenler, jasi jag`inan kishi ha`m orta jastan salmag`inin` ko`pligi menen ajiralip turadi.

B) jan`a tovarlar ha`m xizmetlerdi a`melge asiriw. AQSh milliy fondinin` esbina qaray 98%ti jan`a o`nim haqqindag`i analizler kishi bizneste jaratilg`an. Bul en` za`ru`r ko`rsetkish olar ma`mleket boyinsha izleniwler ha`m analizlerge aniq qarjilardin` tek 5% ten kemiregin sariplaydi. En` keri jan`aliqlar: Ka`wipsiz britvalar, elektron saatlar, vertalyotlar, tatlamaytug`in polat ha`m basqa tovarlar ko`lemi tuwridan tuwri kishi bizneste jaratilg`an.

V)Iri korporatsiyalar mu`ta`jligin qandiriw. Iri kompaniyalar o`nimlerin satiw, oni bazar talaplari tiykarinda tu`rleniwine ko`mek beriwde ishki ka`rxanlardin` roli joqari. O`z waqtinda rawajlaniwshi firmalar o`z ekonomikaliq strategiyalarinda mayda ta`miynlewshiler menen baylanis ornatiwshi o`nimdi esapladi. Sebebi olar iykemlesiwshilik qa`biletine iye.

G) arnawli tovarlar ha`m xizimetler menen ta`miynlew wazipasi. Kishi ka`rxanalar klentlerinin` o`zgeshe, arnawli mu`ta`jliklerin qandiriwda jetekshi orin iyeleydi. Sebebi birinshiden arnawli talaptin` massaliq tu`rge iye emesligi ha`m oni iri islep shig`ariwda payda etiw o`nimli bolmawi sebep bolsa, ekinshiden bolsa bay qariydarlardin` «o`zine say» qa`lewlerinin` barlig`i.

Kishi biznesti sho`lkemlestiriwde za`ru`r menen orinda firmani payda etiw ha`m oni o`nimi tarawin onin` belgilew miteletiri. Sonin` menen birge statistika jan`a iske baslawdag`i ko`p a`wmetsizliklerden keltirip shig`aradi. Ko`pshilik oni 30 % mug`darda deydi, sebebi 85%

jan`a ka`rxanalar 10 jilliq da`slepki islew da`wirinde-aq bonkrotqa ushiraydi. Sonin` menen birge registratsiya qiling`an kishi firmalardin` 40 % ti 5 jildan son` o`z jumislarin ja`ne dawam ettirmekte.

Kishi biznes ha`m ja`ne isbilermenliktin` rawajlang`an ma`mleketler ekonomikasinda tutqan orni 1-mag`liwmatlarinan ko`riw mu`mkin.

Rawajlang`an ma`mleketlerde kishi, orta ha`m iri biznes ka`rxanalarinda saanat o`nimleri koleminin` bo`listiriwi (ha`mmesine qatnasi %de)

| Ko`rsetkishler | AQSh | | | Frantsiya | | | Yaponiya | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | ka`rxanalar tu`rleri. | | | | | | | | |
| | iri | orta | kishi | iri | orta | kishi | iri | orta | kishi |
| Ka`rxanalardin` Uliwma sani. | 0,5 | 7,9 | 91,6 | 0,1 | 1,5 | 98,4 | 1,4 | 21,6 | 77,0 |
| Sanaat o`nimleri ko`lemi u`lesi% | 35,0 | 28,4 | 36,6 | 42,1 | 19,1 | 38,8 | 34,4 | 30,1 | 35,4 |

Keste mag`liwmatlarinan ko`rinip turipti AQSh ta kishi ka`rxanalar ja`mi ka`rxanalar saninin 91,6 % in fransiyada – 98,4 %i Yaponiyada bolsa 77% in quraydi. AQShta sanaat o`nimleri ko`leminin` 36,6%i Frantsiyada -38,8 % i Yaponyada bolsa 35,4 % ti kishi ka`rxanalar u`lesine tuwri keledi.

Kishi biznes ha`m isbilermenliktin` rawajlaniwina bir qatar faktorlar ta`sir etedi. Bular to`mendegiler.

1) Ka`rxanalardin` irileniwi tendentsiyasinin` to`menleyai. AQShta jaqin 15-20 jil ishinde ka`rxanalardin` irileniwi tendentsisi to`menleydi. Bul tiykarinan xizimet ko`rsetiw tarawindag`i jiljiwlar menen baylanisli. A`lbette bul ko`rsetiw tarawinda ha`reket mashtabin ken`eyttiriw imkani to`menligi menen belilenedi. Ha`zirgi waqitta xizimet ko`rsetiw tarawindag`i kishi ka`rxanalar iri ba`sekilerine qatinasi ayrim jumislardi o`nimli payda qilip atir. Bul birneshshe gezekte basqariw sistemasinin a`pwaylilig`i ha`m qolaylilig`i menen baylanisli.

2) Hayallar jumis ku`ninin` ekonomikag`a kirip keliwi 80- jillardin` o`zinde 2 mln o`z orinlarin ashti. Ha`zir AQShta 4,6 mln ka`rxana hayallarg`a tiyisli bolip, olar ma`milekettegi ja`mi kishi ka`rxanalardin` 30% in quraydi. Bul tendentsiya dawam etse 2000 jilg`a barip, kishi biznes ha`m jeke isbilermenlikte hayallar ha`m erkekler sani ten`lesedi.

3) Iri islep shig`ariwda jumisshilardin` qisqariwi. Bul ayrim ta`replerden demogrfikaliq faktorlar menen baylanisli. Atap aytqanda «demografiyaliq jariliw » da`wirinde tuwilg`anlar ha`zirde 30-40jasqa yag`niy o`z jumisin g`a`rezsiz baslaw waqtina jetti. Bunnan tisqari iri ka`rxanalarda jumis orni ushin gu`res orta buwin jumisshilarinin` qisqpariwi tuwridan tuwri kishi biznes ha`m jeke isbilermenliktin` rawajlaniwina ta`sir ko`rsetedi.

4) Jan`a ka`rxanalar ashiw tezliginin` artiwi AQShta ha`m jili ortasha 200 min`g`a jaqin xaliq o`zinin` jan`a firmasin ashti. Olardin` yariminan ko`bi 20 min` dollardan kem aylans penen o`z jumisin baslaydi. Olardin` derlik 75% o`z firmalarinda ha`ptesine 50 saat isleydi, 25% bolsa 70 saat ha`m onnan artiq miynet qiladi. Derlik bo`legi jan`a biznesti baslawshilar jan`a yamasa baslap atirg`an kampanyalar esaplanadi, yag`niy olar a`melde islenip atirg`an satip almay, joqaridan o`zleri jeke biznesti baslaydi. Olardin` 80% ten artig`i o`z jumislarin ku`ta` o`nimli ideyalardi emes, ol a`pwayi jumislardi ta`rtipli sheshiw menen baslaydi.

Demek kishi biznes ha`m isbilermenlik jumisinin` rawajlaniwina ta`sir etiwshi faktorlardi uliwmalastirsaq, olar to`mendegilerden ibarat.

- ka`rqanalar irileniwi tendentsiyasinin` to`menlewi.
- Hayallar jumis ku`ninin` ekonomikag`a kirip keliwi.
- Iri islep shig`ariwda jumisshilardin` qisqariwi.
- Jana ka`rxanalardi ashiw tezliginin` artiwi ha`m basqalar.

Barliq jan`a g`a`rezsiz ma`mileketlerde reformalardan alding`i da`wirde mu`likshiliktin` ma`mileket formasi u`stemlik qilg`an. Xojaliqtin` ma`mleket sektorinda miynetkeshler uliwma saninin` bo`legi, kopirativlerde 14-15 % jeke sektorda 3% ke jaqini ba`nt bolg`an. 80-jillardin` ekinshi yariminda xojaliqtin` koopirativ sektorin jaratiw ijarani rawajlandiriwg`a ha`reket qilg`an Bul ha`reketler bazar infrokturasin rawajlanbag`anlig`i, ma`mleket mu`lkshiliginin` u`stemligi, xojaliq ju`rgiziwdin` jan`asha orinlardin` ma`mileket sektorina qaramlig`i, xojaliq nizamlarinin` aniq emesligi ha`m basqa bir qatar sebepler menen na`tiyjesiz bolg`an.

Ka`rxanalardi ma`mleket basqariwinan shig`ariw ha`m jeke- menshik ekonomikaliq reformalastiriw jetekshi buwini. Menshiklestiriw na`tiyjesinde domokratiyaliq ja`miyettin` siyasiy ornin qurawshi jeke mu`likshilik qatlami tu`rleniwi, bazar ekonomikasi ha`m islep shig`ariwda o`nimli rawajlaniwi ushin sha`rayatlar jaratiliwi kerek.

Menshiklestiriw basqishi o`zinshe ju`da` qiyin o`tedi. Bul ta`biyiy mu`likshilikti jaratiw usag`an bunday u`lken ko`lemli jumis ha`r tu`rli tarawlar ha`m ka`rxanalar din` ekonomikaliq tayarlig`in, ekonomikaliq ma`plerin, jeke hu`kimiranliqti jen`ip o`tiwdi, sherikshilik tiykarinda isbilermenlik sestemalarin payda etiliwin, tap sonday sho`lkemlik ha`m finasliq qatnasqlardi tu`rleniwin, yag`niy finasliq, islep shig`ariw jeke o`z ara baylanislardi quraliwin ha`m ma`plerdi biriktirip ketiwin esapqa aliw kerek. Bazar sistemalarin jaratiwida uliwma ma`mleketlik sistemalarin jaratiwda uliwma ma`mleketlik milliy ma`plerdi esapqa alg`an halda ma`mleket ta`repinen qollap quwatlaw muwapiqlastiriw talap etiledi. Menshiklestirgen mu`likke haqiyqiy usinis ha`m talapti esapqa alg`an halda finansliq ta`repi haqqinda da oylaw xa`m esaplap shig`ariw kerek.

A`melge asirilip atirg`an sha`ralardi qoyilg`an maqsetlerge saylig`in ta`minlew kerek: aktiv ha`m o`nimli xojaliq jumisinan ma`ptar mu`likshiler ha`m jeke isbilermenliktin` quriwshilari qatlamin quriw, bunday jumistin` kerekli qiziqtiriwshi faktorlar, ba`seki sha`riyati ha`m infrastrukturani jaratiw.

O`zbekstanda jeke isbilermenliktin` rawajlaniwi ha`m tu`rleniwinin` tariyxin u`sh basqishqa bo`liw mu`mkin: revalyutsiyag`a shekem sotsiyalistlik da`wiri ha`m ha`zirgi da`wir.

Tariyxiy sonday na`rse payda bolg`an, revalyutsiyag`a shekem, O`zbekistan ju`da` u`lken shiyki zat resurslari zapaslarina iye bolg`an halda, o`z sanaatina iye bolmag`an. Patsha Rossiyasinin` sannatshilari Tu`rkistan u`lkesinde sanaat ka`rxanalarin o`z investtsialarin kiritpegen. Olar ushin arzan shiyki zatlardi alip ketiw ha`m tayar o`nimlerdi arqag`a alip keliw paydaliraq bolg`an. Xaliqtin` ku`ndelikli tovarlarg`a ha`r tu`rli a`sbap u`skenelerge mu`ta`jligi, tiykarinan olardi o`nermentler ham mayda ka`rxanalar ta`repinen islep shig`ariw arqali qandirilg`an.

Orta Aziya xaliqlarinin` estetikaliq ideyalari tariyxiy sebeplerge qaray ilimiy ma`denyat en` aniq o`z ko`rinisin tapqan. O`zbekstan xalqi turmisinin` paziyletleri a`sirler dawaminda ko`p sanli o`nimlerdi ken` rawajlaniwi ushin sha`riyatlardi qa`liplestirgen, olar arasinda ko`rkemlilik buwinlardi islep shig`ariw hu`rmetli orindi iyelegen. Ha`r bir usta turmis ushin za`ru`r buyidi jaratqan. Biraq qollanbaytug`in buyimg`a o`z tu`sinigine qaray go`zzalliq kirgizgen ha`m buyim ko`rkem shig`armag`a aylang`an.

Ha`r bir awillarda aytpasada boladi, ha`mme waqitta joqarg`i ko`rkem bayliqqa iye. Tutiniw buyimlardi tayarlaw boyinsha ustalar bolg`an: zergerler, ag`ash ha`m gansh oyip islewshiler, toqiwshilar ha`m glemshiler ha`m tag`i basqalar. Qalani har bir qa`niygelik o`nimleri qalanin ayriqsha teretoriyaloarg`a jaylasqan. Ha`r bir usta o`z u`yinde islegen ha`m usi jerde o`z o`nimlerin satqan.

Biraq bul qa`nigeliktin` barliq ustalari «tsex»larg`a yamasa korporotsiyalarg`a birlesken, olarg`a saylang`an aqsaqallar basshiliq etken. Bul basshiliq o`nimlerdin` sipati u`stinen qarag`an bahanin` uliwma siyasatin a`melge asirg`an, tsex ag`zalarinin` sotsialliq- xizimet ko`rsetiw mashqalalarin sheship bergen. Bunday ko`rinis orta a`sirler da`wirindegi barliq xaliqlar ha`m ma`mleketler ushin tiyisli.

Oris xalqinin tu`rkistang`a sonin` ishinde O`zbekstannin` ha`zirgi teretoriyasina keliwi, tariyxta qisqa muddet ishinde jergilikli xaliq jasaw jag`dayinin` ko`p rawajlaniwinda ku`ndelikli ta`rtibin o`zgertip jiberdi. Ja`miyetin` feoral sestemalarina xojaliq ju`rgiziwdin` kapitalistlik kirip basladi. Fabrikalar arzan buyimlardin` kankurentsiyasi aymaq o`nimlerdi islep shigariwdin` jan`a usillari ha`m jan`a quramaliq sho`lkemlerge o`tiwge ma`jbu`r qiladi.

Tu`rkistan u`lkesinin bayliqlari Rossiya sawda-sannat ortalig`inin birinshi kantaktleri o`z na`tiyjelerin berdi. Rossiyanin iri qalalarindagi tu`rli ko`rgizbelerinde Tu`rkistan xalik ustalari buyimlari menen bo`limler payda bola basladi. Bul buyimlar ja`miyettin` joqari ortaliqlarinada qiziqtra basladi. 1870 jili qisqi sarayg`a imperatritsa ta`ripinen manfaktura ko`rgizbesinin` Tu`rkistan bo`liminde buyirtpa berilgen altin ham gu`lalshiliq buyimlarin jetkerip berilgenligi haqqindag`i hu`jjetler bar.

Biraq 1867 jildin` o`zinde Tu`rkistanliq o`nermentlerdin` buyimlari pu`tkil du`n`ya Parij ko`rgizbesinin` Rossiya bo`liminde ko`rsetilgen edi. O`zbek o`nermentlerinin` buyimlari 1873 ha`m 1876 jillardag`i moskva politexnika ko`rgizbelerinde siyliqlar ha`m diplomlar menen siyliqlang`an. 1888 jillarda o`nermentshilik sanaat ko`rgizbeleri tu`rkistanda da sho`lkemlestirile basladi ms: 1886 jilda o`zbek ustalarinin` buyimlari o`nermentshilik sannat ha`m awil xojaligi ko`rgizbelerinde ko`rsetilgen, 1887 jildag`i Samarqadta o`nermentshilik islep shigariwdin` da`wir sho`lkemlestire basladi. 1888 jilda bolsa iri tu`rkistan ko`rgizbesi o`tkerilgen. A`ste aqirinliq penen o`zbek onermetlerinin` buyimlari sonin` ishinde ko`rkem buyimlari, Parijdegi pu`tkil du`n`ya ko`rgizbesinde, 1904 jildag`i San – Lui dag`i ko`rgizbede du`n`yanin` ta`riypin aldi.

Biraq o`zbek o`nermentleri ko`rkem buyimlarinin` jetiskenlikleri tek abirayli xarakterge iye edi. 1870 jillardin aqirinda Rossiya redantsiyasi tu`rkistan aymag`inin` barliq wa`layatlarinan orinlardag`i bar zavod ha`m favrikalar haqqinda mag`liwmatlardi tezlik penen jiynadi. Juwaplar derlik bir tu`rde edi. Ms: Andijan rayoni baslig`inin` Ferg`ana waliyati baslig`ina 1878 jildin` noyabr`degi bildirmesi to`mendegi so`z benen tamamlanadi: «…menin` qaramag`imdag`i rayonda zavod ha`m fabrikalar joq, barliq jergilikli shig`armalar ha`m buyimlar a`pwayi qol qurallarinda tayarlanadi: Ustalardin` o`nermenshilik ha`m ko`rkem shig`armalarin sanaat islep shig`ariwin jolg`a qoyiwg`a birinshi adamlar 1889 jilda qoyildi. Bul waqitta Tashkentte o`nermentshilik basqarmasi engizildi. Biraq basqarmanin` basshilig`i a`dettegidey pikir ju`rgiziwshi ustalardin` qollap quwatlawina iye bolmadi. Basqarmanin` oraylastiriliwi olardin` iskerliklerin iyeleytug`in edi. Sonin` ushin 1902 jilda Tu`rkistan gubernatori is ju`rgiziw xanasinin` «O`nermentshilik ja`miyetlerin tarqatiw» haqqindag`i qarari shiqti. Biraq kapitalistlik qatnasiqlar bazar stixiyasina aniq kirip bardi, o`nerment ustalardin miynet artelleri payda bola basladi, ha`m 1909 jilda «ustalar ha`m qara jumisshilar artelinin` nizami» tastiyqlandi. Jergiliklli o`nermentlerdin` birinshi sho`lkemi 1889 jilda du`zildi. Og`anda turmis jaqtan xizimet ko`rsetiw tutiniw buyimlarida xaliq iskustva shig`armalari, yag`niy ko`rkem o`nermentshilik buyimlarin islep shig`ariw kirgen, biraq Rossiya jurnallarinin` bir shariqlawshisi «Tashkente Tu`rkistan ko`rgizbesi» maqalasinda (1890 j) o`nermenshilik buyimlarin sanaat tiykarinda jaratiw tariyxina a`dettegi ustalardin` jeke islep shig`ariwinin` barlig`i da`wirinde kirgizedi. Ol: «25jil dawaminda u`lkede ko`p g`ana na`rseler o`zgerdi, jergilikli sannat ken`eydi ha`m rawajlandi» – dep jazadi. Bul ko`rgizbe sonin` menen xarakterli, onda ayriqsha pavil`on Tashkente jasawshi Akrom Asqardin` estelikleri pavil`oni ko`rsetilgen, yag`niy birinshi ma`rte tek g`ana o`zbek ustasinin` buyimlari ko`rsetilgen emes al,onin` o`zide usi ko`rgizbenin` qatnasiwshisi bolg`an. Ko`rgizbede qatnasqani ushin ma`mleketlik lerik ministirligi, Finans ministirligi, ma`mleketlik ot zavodi, imperatordin` moskvag`a awil xojalig`i ja`miyeti ta`repinen ko`p sanli altin, gu`mis ha`m bronza medallari siyliqlang`an.

Tu`rkistannan keltirilgen buyimlar qatnasqan ko`rgizbeler ha`mme waqit sawda xarakterine iye bolg`an.

Olarda pavilonlarg`a qoyilg`an tovarlar satilg`an jerde isletiw ha`m diyhanshiliq bas basqarmasinin` Sankt Peterburg o`nermentshilik skladinin` Sirda`r`ya wa`layati basqarmasina 1907 jil 15 sentyabrinde jibergen xati saqlanip qalg`an, onda o`nermentshilik buyimlarin satiwda

Peterburgta ha`mde sirt elde ken`eygenligi ushin u`lke menen baylanislar ha`m ol jerden alip keliwlerdin` ayrim qiyinshiliqlarina qaramastan, sklad buyimlarin alip keliwdi asiriwdi sorag`anlig`i ko`rsetilgen. Sonin` menen bir qatarda Tu`rkistan tovarlarin mug`darin asiriw ushin Pu`tkil Rossiya ko`rgizbeler komitetinin` hu`rmetli basshisi Tu`rkistan geniral – gubernatorinin` ken`eyiwinen xaliqti ko`rgizbege isberiw ushin buyimlardi ma`mleket ta`repinen satip aliwdan tisqari, ha`r bir qa`lewshi o`z buyimlarin Peterburgqa o`zinin` esabinan jiberiw mu`mkinligi haqqinda xaliqti xabarlandiriwdi soraydi.

Tu`rkistan o`nermentlerinin` ko`rkem ha`m tutiniw buyimlari Peterburg ha`m Moskvadag`i ha`r jilliq Pu`tkil Rossiya ko`rgizbelerinde 1917 jilg`a shekem u`zliksiz jetkerip berilgen, 1910 jillarda bolsa Samarqandta o`nermentshilik buyimlarinin` bazar ko`rgizbeleri o`tkerile basladi.

Revalyutsiyadan keyingi da`wir isbilermenler ushin quramali ha`m birdey bolmag`an.

Sovet hu`kimetinin` birinshi jilinan baslap hu`kimet ma`mlekettin` barliq territorilarinda o`nermentshilik islep shig`ariwdi qollap – quwatlawg`a ha`reket qilg`an. 1919 jildin` 25 aprel`inde BMIK ha`m Hqq nin` o`nermentshilik sanaatina ko`meklesiw jumislari haqqinda dekreti shiqqan, onda aytiliwinsha, «o`nermentshilik sanaatinin` barliq kishi ka`rxanalarin ya jergilikli emes, emes ya menshiklestiriu emes ha`m ya tarqatiu tek ku`tilmegen jag`daylardan tisqari mu`mkin emes» Son` o`nermentler islep shig`aratug`in o`nermentshilik buyimlari sanap o`tilgen.

Olardin` ishinde toqilma buyimlar xaliq sazli a`sbaplari, kesteler, oyinshiqlar ha`m basqa ko`rkem buyimlar kirgen. Onin` u`stine ko`rsetilgen «koperativ birlespelerge joqari sapada o`tilgen buyimlardi Rossiya Respublikasinin` barliq territoriyalarina alip bariw ha`m satiwg`a ruxsat berilgen».

Biraq, a`ste – aqirinliq penen, jeke bizneske talaplar esabina alina baslandi ha`m ol belgili shen`berge (ko`lemine) kirgizildi. 1921 jildin` 8-avgustinda Tu`rkistan Respublikasinin` Sovetler orayliq atqariwshi komiteti 88 sanli «o`nermentshilik ha`m mayda sanaat haqqinda»g`i qararin qabil etti. Bul qarar menen o`nermentshilik ha`m mayda sanaattin` reglamenti ha`m statusi, olardin` huqiqlari ha`m ma`leket penen o`z ara qatnasiqlari belgilep berildi. A`melde Respublikanin` barliq terretoriyalarinda, metall ha`m ag`ashtan buyimlar islep shig`ariw, ku`lalshiliq, kiyimler ha`m ayaq kiyim tigiw, awil – xojaliq o`nimlerin qayta islew ayriqsha kamunal` xizmetlerin ko`rsetiw, awil xojalig`i a`sbaplarin islep shig`ariw boyinsha neshe ka`rxanalar sho`lkemlestireildi. Kishi ka`rxanalardin` tez rawajlaniwi olardi basqariw ofislerin du`ziw za`ru`rligin keltirip shig`ardi ha`m 1923 jildin` 16 – sentiyabrinde Tu`rkistan Respublikasi xaliq komissarlari ken`esi 139 – sanli qarardi qabilladi, onda TSSR terretoriyasinda sanaatti uliwma ta`rtipke saliw waziypalari belgilep berilgen ha`m walayat atqariw komitetleri bo`limleri huqiqinda ha`reket etiwshi ha`m walayat atqariw komiteti smetasi boyinsha jergilikli byudjetke kiriwshi jergilikli sanaattin` wa`layat bo`limleri tastiyqlang`an sol uzaq jillarda sanaatqa basshiliq etiw qanday a`melge asirilg`an? Bul qiziqli ma`seleni ayriqsha ko`rip shig`iw lazim. Sanaat u`yinen ma`mleket qadag`alawin ornatiw ha`m ta`rtipke saliw ma`selelerin a`melge asiriw ushin orinlarda wa`layat ekonomikaliq ken`esleri qasinda xizmetkerlerdin` tiyisli shtati menen wa`layat sanaat …………. lawazimi engizildi.

Wa`layat sanaat juwapkerlerige boysing`an, onin` pa`rmanlarina a`mel qilg`an, o`z jumislarin wa`layat ekonomikaliq ken`esi menen muwapiqlastirg`an ha`m og`an za`ru`r esabatlardi using`an.

Barliq fabrika – zavod yamasa ma`mleketlerge jergilikli kooperativ te, jeke, uliwma sanaat xarakterine iye barliq ka`rxanalar wa`layat sanaat qolinda bolg`an. Bunin` u`stine ka`rxana dep og`an ku`sheytiriwshi qurilmalar bar bolsa yamasa besten artiq jumisshi islese esaplang`an, eger jumis jallanba jumisshilar ta`repinen emes, al shan`araq yamasa artel ag`zalari ta`repinen orinlansa, onda bir u`yde onnan (10) artiq adam ba`nt boliwi kerek bolg`an. 30 – jillardin` baslarinda sanaat ka`rxanalarin belgilew ushin sonday kriteriyalar bolg`an. Sanaat juwapkerleri fabrika zavod ka`rxanalarin dizimge alg`an, olardin` u`skeneleri ha`m onin` texnikaliq jag`dayi haqqinda turaqli xabarlardi jiynag`an, ka`rxanalar jumisinin` analizin o`tkergen. Ka`rxanalardi texnikaliq qayta u`skenelew, olardi qayta quriw, jan`a fabrika ha`m zavodlardi quriw, shiyki zat

ha`m materiallar, janilg`ini u`nemlew, jumisshi kadrlar ha`m basshilardi tayarlaw, islep shig`ariwg`a jan`aliqlardi engiziw ha`m oylap tabiwshilarg`a sheriklikti jaratiw boyinsha ma`seleler de olardin` huqiq ko`lemine kirgen.

Ha`zir jergilikli sanaatin` baslaniwinda turg`an birinshi isbilermen- …………. haqinda aniq bir na`rse aytiw qiyin. Ele puqaralar urisi jasaw ushin talpinatug`in edi, biraq waqit ku`ndelikli maıqalalardi sheshiwdi talap qilatug`in edi. Sol tinishsizliq jillarda ele esaplar, arxivler ha`m statistikaliq qiyin dizimi bar bolmag`an, bizler ushin o`tken waqiyalardi hu`jjetlik aniqliqta tiklew qiyin. Biraq bir na`rse so`zsiz: bul maqsetke umtilg`an, o`z talpiniwlarinda ken` peyil bolg`an, o`z miynetleri ha`m isbilermenlik talantlari menen o`zlerinin` jergilikli sanaatlarin jaratiwg`a qarar qilg`an bir maqset penen birlesken jumisshilar edi, bul arqali sol waqittin` ku`ndelikli ma`seleleri jumis beriw, qiynalg`an xaliqta toydiriw, kiyintiriwdi tez ha`m en` kem qa`rejetler menen sheshiw mu`mkin bolg`an.

Aman qaliw jarisinda a`sirese da`stu`riy o`nerler wa`killeri o`zlerin jaqsi ko`rsetti.

Gu`lalshiliq bul saliq o`nerinin` en` a`yyemgisi bolip, ol du`ni`yanin` barliq xaliqlarinda ju`da` a`yyemnen belgili. O`zbekistan terretoriyasinda tu`rli da`wirlerdin` ------------ buyimlarinin` ko`p sanli arxiyalogiyaliq tabilmalari tabilg`an: en` a`yyemgi da`wirdegi antik da`wirdegi ha`m orta a`sirler da`wirindegi a`yyemgi ustalar ha`r tu`rli buyimlardi tayarlawdin` ko`p sirlarin bilgen, al ha`zir olar joq qiling`an.

O`zbek ustalari arxitektura imaratlari ushin ---------- bezew plitalarin, tutiniw buyimlar ha`m go`zzallig`i boyinsha a`jayip bolg`an ko`rkem idislar u`lgilerin islep shig`ariwdi dawam etken. XIX a`sirdin` ekinshi yariminda Orta Aziyag`a temir joldin` quriliwi --------- islep shig`ariwdi ken`eytiwine, biraq a`piwayilasiwina alip keldi. Bul jol menen bul jerge Rossiya fabrikalarinda islep shig`arilg`an sipatliraq ha`m arzaniraq o`nimler ag`ip kele basladi ha`m jergilikli ustalar ja`nede arzaniraq ha`m ko`p mug`dardag`i buyimlardi islep shig`ariwg`a ma`jbu`r bolg`an. Bul ju`da` qatti ba`seki ha`m bazar ushin gu`res edi.

| | Rishton | | Toshkent | |
|---|---|---|---|---|
| | 1915 jil | 1924 jil | 1915 jil | 1924 jil |
| Ustalar sani | 80 | 57 | 10 | 23 |
| Buyimlar mug`dari, dana | 260.000 | 512.000 | 50.000 | 205.000 |

A`yyemgi gu`lalshiliq oraylari ha`mme waqit ha`m ka`rwan jollari boyinsha jaylasqan. Bul da`stu`r ulli jipek joli da`wirlerinen – aq saqlanip qalg`an. Bunnan tisqari ustalar ka`rwan o`mirinin` komunal sha`rayatlarin ha`m esapqa alg`an ha`m sonin` ushin o`nermentshilik ustaxanalari o`zgeshelik penen emes, ol bir birinen shama menen (32 km) de jaylasqan. Bul ka`rwannin` bir ku`nlik joli. Biraq revalyutsiyadan son` o`nermentshilik oraylari jan`a orinlarda da payda bola basladi.

Ta`kirarlaw ushın sorawlar.

1. Biznes degenimiz ne?
2. Isbilermenlik degenimiz ne?
3. Biznes xam isbilermenliktin bir-birinen ozgesheligi.
4. Biznestin turleri.

## 2-Tema. İsbilermenliklik xızmetin sho`lkemlestiriwdin` tiykarg`ı baskıshları.

**Mazmuni**

**İsbilermenlikti ma`mleketlik dizimnen o`tkeriw.**
**Xojalık ju`rgiziwshi sub`ektlerge ruxsatnama beriw tartibi.**
**Respublikada kishi biznestin` ha`zirgi dawirdegi na`tiyjeliligi.**

O`zbekistan Respublikasinin` mu`likshilik haqqindag`i, ka`rxanalar haqqindag`i, menshiklestiilgen ha`m ma`mleket qarawinan shig`ariw haqqindag`i ha`m basqa bir qatar normativ hu`jjetlerdi ko`p ukladliliq tiykarlari belgilenip, olar mu`lkshiliktin` barliq formalarinin` ten` huqqiqlig`in joq etiw, mu`lkdarlardin` huqqiqlarin toliq qorg`aliwi, jeke mu`lkti ja`nede qorg`aw, isbilermenlikti rawajlandiriw ha`m shet el invistitsiyalarin jiynawg`a qaratilg`an.

Tovar – pul qatnasiqlari rawajlanip atirg`an ha`m basqarilatug`in bazar sharayatinda mu`lkshiliktin` barliq formasinda tiyisli ka`rxanalardi payda etiw, olar xizmetinin`, olardi qayta quriw ha`m tamamlawdin` uliwma huqiqiy ekonomikaliq ha`m sotsialliq negizleri usi normativ hu`jjetlerde jaratip berilgen.

"O`zbekistan Respublikasinda mu`lkshilik haqqinda" g`i (1990 jil 31 – oktyabr`) Nizaminda belgilep qoyilg`an mu`lk formalarina muwapiq to`mendegi tu`rdegi ka`rxanalarg`a bo`linedi:

- O`zbekstan Respublikasi puxaralarinin`, sonday – aq immigrant puxaralardin` individual (menshik ha`m jeke) mu`lkine tiykarlang`an ka`rxanalar;
- (ja`ma`a`t shirket) mu`lkine tiykarlang`an ja`miyet, shan`araq, jergilikli ka`rxanalari, islep shig`ariw kooperativleri; kooperativlerge qarasli ka`rxanalar, aktsiyali ja`miyetlerge, ma`jbu`riyati sheklengen ja`miyetlerge, basqa xojaliq ja`miyetleri yamasa shirketlerine qarasli ka`rxanalar; ja`miyet sho`lkemlerinin` ka`rxanalari, diniy sho`lkemlerdin` ka`rxanalari ha`m ja`miyet mu`lkshiliginin` basqa formalarina tiykarlang`an ka`rxanalar;
- ma`mleket mu`lkine tiykarlang`an respublika ma`mleket ka`rxanasi, Qaraqalpaqstan Respublikasi ma`mleket ka`rxanasi, wa` layatlar arqali, wa`layat, rayonlar araliq, rayon, qala ma`mleket ka`rxanasi ha`m ka`rxanalardin` basqa tu`rleri ;
- toliq yamasa u`les qosip qatnasiwg`a tiykarlang`an (qospa ka`rxana) respublika mu`lki, Qarqalpaqstan Respublikasi, immigrant huqiqiy shaxslar, firmalar ha`m ma`mleketler mu`lki bolg`an ka`rxanalar;
- mu`lktin` aralas formalarina tiykarlang`an ka`rxanalar.

**Mu`lkshilik formalarina qaramastan, ka`rxana jumisshilar sanina qarap kishi ka`rxanalar qatarina (4-temag`a qaratilg`an) kirgizilgen, bunday ka`rxanalardi payda etiw ha`m olar xizmetinin` o`zine ta`n ta`repleri, atag`i, olardi dizimge aliw sha`rtleri,sonday-aq, ka`rxanalardibul tu`rge kirgiziw ta`rtibi, O`zbekstan Respubikasi Prezidenti aldindag`i Wa`zirler organi ha`m Qaraqalpaqstan Respublikasi Wa`zirler Ken`esi ta`repinen salinadi.**

Kishi ha`m jeke isbilermenlik (bunnan keyin isbilermen dep ataladi) xizmetin payda etiw, rawajlandiriwdin` huqiqiy tiykarlari, sonday – aq «Xoshametlew haqqinda»g`i (1995 jil 21-dekabr`) Nizamlarinda o`z ko`rinisin tapti.

**Bul nizamlar isbilermenliktin` ekonomikaliq ha`m huqiqiy g`a`rezsizligine kepillik beredi, olardin` huqiq ha`m juwapkershiligin aniqlaydi, isbilermenlerdin` basqa ka`rxanalar ha`m sho`lkemler, ma`mleket basqariwi mekemeleri menen qatnaqsilarin ta`rtipke saladi.**

Bunnan tisqari, puharalardin` isbilermenlik qa`biletin barliq sharalar menen iske saliw, olardin` iskerligin asiriw, isbilermenlikti rawajlandiriwdin` huqiqiy kepillikleri belgilew negizinde bazar qatnasiqlarin tezlestiriwge qaratilg`an.

Isbilermenlik haqqindag`i normativ hu`jjetler mu`lkshilik ha`m xojaliq ju`rgiziw formalarin erkin tan`law, bul formalardin` ten` huqiqliq tiykarinda a`mel qiliwi, o`z – ara birge islesiw ham erkin basekilesiw ta`miyinlenetug`in sha`rayatlardin` jaratiliwina ko`meklesedi.

Isbilermenliktin` o`zi ne? Onin` xizmetin a`melge asiriw negizleri ham rawajlandiriwdin` tiykarg`i qagiydalari nelerden ibarat.

Isbilermenlik – mu`lkshilik su`ektlerinin` payda ali maqsetinde ta`wekel etip ha`m mu`lklik juwapkershiligi tiykarinda, a`meldegi nizamlar ko`leminde baslama menen ekonomikaliq xizmet ko`rsetiwi.

O`zbekstan Respublikasinda isbilermenlik:

- Isbilermennin` jeke mal mu`lki tiykarinda;
- Isbilermennin` basqa puxaralar ha`m yuridikaliq shaxslar, sonin` ishinde immigrant puxaralar ha`m de yuridikaliq shaxslardin` mal-mu`lklerin tu`rli formalarda jumsaw tiykarinda;
- Isbilermennin` ma`mleket ha`m ja`miyet sho`lkemleri mal – mu`lklerinen paydalaniwi tiykarinda;
- Joqarida aytilg`an formalardi qosip,alip bariw tiykarinda a`melge asiriladi.

Isbilermenlik xizmetinin` ha`m mu`lkdar menen bolg`an qatnasiqlardin` xarakterinen kelip shiqan halda isbilermenlik xizmeti mu`lkdar ta`repinen de, xojaliqti toliq ju`rgiziw huqiqi negizinde (sol shegaralari mu`lk iyesi ta`repinen belgilengen halda) mu`lkdarlardin` mal – mu`lkin basqariwshi sub`ekt ta`repinen de a`melge asiriladi.

Ha`r qanday formadag`i isbilermenlik mu`lk iyesinin` islep shig`ariw protsesinde o`zi tuwridan – tuwri qatnasiwina ha`m (yamasa) basqa puxaralardin` miynetin qollaw joli menen paydalaniwina tiykarlanadi.

Isbilermenlikti rawajlandiriwdin` tiykarg`i qag`iydalari to`mendegilerden ibarat:

- nizam menen qadag`alanbaytug`in ha`r qanday isbilermenlik xizmetin a`melge asiriwda isbilermennin` o`zine tiyisli bolg`an mal – mu`lkten paydalaniw erkinligi;
- isbilermennin` xojaliq xizmetin ju`rgiziwdegi ha`m xizmet o`nimin bo`listiriwdegi g`a`rezsizligi;
- isbilermennin` barliq tu`rdegi islep shig`ariw-xojaliq xizmetin ju`rgiziwde, mu`lk formalarina qaramastan, nizam aldinda ten` huqiqlilig`i;
- isbilermenlikti a`melge asiriw ha`m xizmetker jallawdin` erkinligi;
- da`ra`mat aliwdin` jerleri (istochnik) ha`m usillari
- qanday boliwina qaramastan, saliq komitetleri aldinda esabat beriwdin` deklarativ formasi, isbilermenlerdin` da`ra`matlarin jasirip qalg`ani (to`menletip ko`rsetiwi) ushin O`zbekstan Respublikasi nizamlarina tiykarlanip materialliq juwapkerligi.

Isbilermenlik xizmetin a`melge asiriw ushin isbilermenlik sub`ekti isbilermenlik sho`lkemleri (shirketlerin) du`zedi. Isbilermenlik sho`lkemlerin (shirketlerin) du`ziw, olardin` xizmetin ko`rsetiwi, olardi qayta sho`lkemlestiriw ha`m tamamlawdin` uliwma huqiqiy, ekonomikaliq ha`m sotsialliq tiykarlari O`zbekstan Respublikasinin` «O`zbekstan Respublikasindag`i ka`rxanalar haqqinda»g`i nizami menen ta`rtipke salinadi.

Isbilermenlik ka`rxanalarin payda etiw ha`m oni registratsiyadan o`tkeriw to`mendegi ta`rtipte a`melge asiriladi:

***1. Ka`rxana payda etiwdin` uliwma sha`rayatlari*:**

a) ka`rxana mal – mu`lk iyesi (iyeleri) yamasa ol (olar) wakil qilg`an mekeme, ka`rxana, sho`lkem qararina muwapiq, yamasa sho`lkemlestiriwshiler topari ha`m ayirim sho`lkemlestiriwshi shaxslar qarari menen usi ha`m de O`zbekstan Respublikasinin` basqa nizam hu`jjetlerinde ko`zde tutilg`an ta`rtipte payda etiledi;

b) ka`rxana islep turg`an ka`rxanalar, sho`lkemler quraminda bir yamasa bir neshe quramliq bo`limnin` usi bo`lim (bo`limler) miynet ja`ma`a`ti baslamasi menen ajiralip shig`iwi na`tiyjesinde, eger bunday ajiralip shig`iw ushin ka`rxana mal – mu`lk iyesinin` (ol wa`kil qilg`an mekeme, ka`rxana ha`m sho`lkemnin`) razilig`i bolsa ha`m ka`rxana aldin o`z moynina alg`an ma`jbu`riyatlardin` orinlaniwi ta`miyinlense du`ziledi;

v) ka`rxanani payda etiw ha`m onin` xizmeti ushin jer uchastkasi, basqa ta`biyat resurslari talap qilinatug`in qollarda olardan paydalaniwg`a ruxsatnamani ha`miyat mekemesi, tiyisli nizam hu`jjetlerinde ko`zde tutilg`an hallarda bolsa ekologiya ekspertizasinin` unamli juwmag`i bolg`an ta`g`dirde ta`biyattan paydalaniwshi tiyisli baslang`ish sho`lkem ta`repinen de beriledi. Jer uchastkasi ha`m basqa ta`biyat resurslarin beriw qadag`an etilgeninde O`zbekstan Respublikasi nizam hu`jjetlerinde ko`zde tutilg`an ta`rtipte naraziliq bildiriwi mu`mkin;

g) ka`rxana ma`mleket du`ziminen o`tken ku`nnen baslap payda etilgen dep esaplanadi ha`m huqiqiy shaxs huqiqin aladi.

***2. Ka`rxanani ma`mleket diziminen o`tkeriw ta`rtibi:***

a) ka`rxana, eger O`zbekstan Respublikasi Nizam hu`jjetlerinde o`zgeshe ta`rtip ko`zde tutilg`an bolmasa ka`rxana jaylasqan jerdegi jergilikli ha`kimiyat ha`m basqariw mekemeleri ta`repinen ma`mleket diziminen o`tkeriledi. Ka`rxana ma`mleket diziminen o`tkerilgenligi haqqindag`i mag`liwmatlar O`zbekstan Respublikasi jalg`iz ma`mleket reestrine kirgiziw ushin 10 ku`n mu`ddet ishinde Finans wa`zirligine xabar qilinadi;

b) ka`rxanani ma`mleket diziminen o`tkeriw ushin tiyisli jergilikli ha`kimiyat ha`m basqariw mekemesi bul ka`rxanani payda etiw haqqindag`i qarar, ustav ha`m de normativ hu`jjetlerde belgilep qoyilg`anday dizim boyinsha basqa hu`jjetler usiniladi;

Ka`rxanalar tiyisli jergilikli ha`kimiyat ha`m basqariw mekemesinde za`ru`r xu`jjetler qosimsha qilip arza tapsirilg`an waqittan baslap uzag`i menen 30 ku`nde ma`mleket diziminen o`tkeriledi;

v) ka`rxanani payda etiwdin` O`zbekstan Respublikasi nizam hu`jjetlerinde belgilep qoyilg`an ta`rtibi buzilg`anlig`i, sonday – aq sho`lkemlestirilgen hu`jjetleri nizam talaplarina sa`ykes kelmewi sebeplerine qaray ka`rxanani ma`mleket diziminen o`tkeriw biykar etiliwi mu`mkin.

Ka`rxanalar zaru`r hu`jjetlerdi using`an ta`g`dirde, jergilikli ma`mleket ha`kimiyati organlari olardi dizimge aliwdi biykar etiwge yamasa dizimge aliw ushin qosimsha sha`rtler belgilewge haqli emes.

Eger ka`rxana belgilengen muddette ma`mleket diziminen o`tkerilgen bolmasa yamasa sho`lkemlestiriwshi ka`rxanani dizimnen o`tkeriw biykar etilgenligi sebepli tiykarsiz dep esaplasa, ol sudta xabarlasiwi mu`mkin.

Sud ka`rxananni dizimnen o`tkeriwbiykar etilgenligin tiykarsiz dep tapsa, bul jag`day ka`rxanani dizimnen o`tkermesten jergilikli ha`kimiyat ha`m basqariw mekemesinin` materialliq juwapkershiligi (sud shig`inlarinan tisqari) sebep boladi. Materialliq juyaapkershiliktin` mug`dari sud ta`rpepinen aniqlanadi ha`m nizamda belgilengen ta`rtipte o`ndirilip alinadi.

g) ka`rxanani ma`mleket diziminen o`tkerilgeni ushin onnan O`zbekstan Respublikasi nizamlarinda belgilep qoyilatug`in mug`darinda haq alinadi. Aling`an qarji jergilikli ha`kimiyat ha`m basqariw mekemesi ta`repinen ka`rxana dizimnen o`tkerilgen orindag`i rayon, qala, qaladag`i rayon byudjetine o`tkeriledi.

3. Ka`rxana ustav tiykarinda jumis alip bariw ta`rtibi.

Ka`rxana ustavinda to`mendegiler belgilep qoyiladi:

- ka`rxananin` ati, onin` qay jerde jaylasqanlig`i;
- xizmet tu`ri ha`m maqsetleri;
- onin` basqariw ha`m qadag`alaw organlari, olardin` wa`killikleri;
- ka`rxana mal – mu`lkin sho`lkemlestiriw ha`m paydani (dara`matti) bo`listiriw ta`rtibi;
- ka`rxanani qaytadan sho`lkemlestiriw ha`m onin` xizmetin toqtatiw sha`rtleri.

Ustavqa ka`rxana xizmetinin` qa`siyetleri menen baylanisli bolg`an, nizamlarg`a keri kelmeytug`in basqa qag`iydalar kiritiliw mu`mkin.

4. Ka`rxanani basqariwdi sho`lkemlestiriwdin` uliwma qag`iydalari**.**

Ka`rxana o`z ustavina muwapiq basqariladi.Ka`rxana basqariw strukturasi, formasi ha`m uslublarin g`a`rezsiz aniqlaydi, shtatlardi belgileydi.

Mu`lkdar ka`rxanani tuwridan – tuwri yamasa o`zi wa`killik bergen mekemeler arkali basqariladi.

Mu`lkdar yamasa xojaliqti toliq ju`rgiziw huqiqi sub`ekti yamasa ol wa`killik bergen mekemeler usi huqiqlardi ka`rxana ken`esine (mekemesini) yamasa ka`rxana ustavinda ko`zde tutilg`an ha`mde mu`lkdar basqa mekemege tapsiriwi mu`mkin.

Ka`rxana basshisin tayinlaw (saylaw) ha`m bosatiw, ka`rxana mu`lki iyesinin` yamasa xojaliqti toliq ju`rgiziw xuqiqi bolip, bul huqiqti olar tuwridan tuwri, sonday – aq o`zleri wa`kil qilg`an mekemeler arqali yamasa ka`rxanani basqariw huqiqi berilgen ka`rxana ken`esi, basqariwiyamasa basqa mekemeler arqali a`melge asiriladi.

5. Ka`rxananin` miynet ja`miyeti, onin` wa`killeri.

O`z miyneti menen (pitim, kelisiw) sonday – aq turmisshinin` ka`rxana menen miynet qatnasiqlarin ta`rtipke saliwshibasqa formalar tiykarinda qatnasiwshi barliq puxaralar sol ka`rxananin` miynet ja`ma`a`tin qura ydi.

Karxanalar miynet ja`ma`a`ti wa`killerin a`melge asiriwdin` tiykarg`i formasi onin` uliwma jiynalisi bolip esaplanadi. Uliwma jiynalisi: ka`rxana mal – mu`lkin satip aliw menen baylanisli ma`selelerdi, ka`rxana administratsiyasi menen ja`ma`a`t sha`rtnamasi (pitimi) du`ziw za`ru`rligi haqqindag`i ma`seleni, o`z xizmetkerleri ushin qosimsha otpuskalar, qisqartilg`an jumis ku`ni ha`m islep tabilg`an ha`mde tutiniwg`a sarplanatug`in qa`rejetler ko`leminde basqa sotsialliq imkanlar belgileydi.

6. Ja`ma`a`t sha`rtnamasi (pitimi)

Ja`ma`a`t sha`rtnamasi (pitimi) ha`mme tu`rdegi ka`rxanalarda du`ziliwi mu`mkin ha`m ol a`meldegi nizamlarg`a qarsi bariwi lazim.

Ka`rxanadag`i islep shig`ariw ha`m miynet qatnasiqlari, miynetti qorg`aw, ja`miyettin` sotsialliq rawajlaniwi ha`m ja`ma`a`t ag`zalarinin` salamatlig`i ma`seleleri ja`ma`a`t sha`rtnamasi (pitimi) menen ta`rtipke salinadi.

Ja`ma`a`t sha`rtnamasi (pitimi) du`ziw yamasa oni orinlaw waqtinda kelispewshilikler shiqqan jag`dayda bul kelispewshilik nizam hu`jjetlerinde belgilengen ta`rtipte sheshiledi.

7. Isbilermennin` huqiqlari. Ol to`mendegilerden ibarat:

- Respublika territoriyasinda jasawshi ha`m xizmet ju`rgiziwshi basqa – basqa sub`ektler menen ten` negizlerde nizamlarda belgilengen sha`rtlerge tiykarlang`an halda ka`rxanalar ha`m sho`lkemlerdi payda etiw, sho`lkemlestiriw, satip aliw ha`m qayta du`ziw joli menen isbilermen xizmetin baslaw ha`m dawam ettiriw;
- bul xizmetti orinlaw ushin basqa yuridikaliq shaxslar ha`m puxaralardin` mal – mu`lki ha`m de pul qarjilarin qa`legen negizlerde bag`darlawi, jumisshilardi g`a`rezsiz jollaw ha`m jumistan bosatiw;

Isbilermenlikten nizamlarda belgilengen ta`rtipte saliq salinatug`in sheksiz mug`darda jeke da`ramat arttiriwi, sotsialliq ta`miyinleniw ha`m sotsialliq qamsizlandiriw huqiqlarina iye.

Isbilermen yamasa ol wa`kil qilg`an shaxslar xojaliq ju`rgiziwshi basqa sub`ektlerdin` ha`r qanday ha`reketleri ha`m isbilermenlerge qilip atirg`an dawalari ha`mde belgilengen ta`rtipte beriletug`in taza sharalari haqqinda dawlasiwg`a haqli, nizamlarga muwapiq hesh so`zsiz qollanilatug`inlari bug`an tiyisli emes.

8. Isbilermennnin` ma`jbu`riyatlari. Ol to`mendegilerden ibarat:

- isbilermen a`melde nizamlardan ha`mde o`zi du`zgen pitimlerden kelip shig`atug`in barliq ma`jbu`riyatlardi orinlawi;
- jollanip islep atirg`an jumisshilar menen nizamlarg`a muwapiq miynet sha`rtnamalari du`ziwi, jollanip islep atirg`an jumisshilardi sotsialliq ha`m ta`biyiy qamsizlandiriw;
- jumista islep atirg`an barliq jumisshilar menen du`zilgen sha`rtnamag`a muwapiq ka`rxananin` finansliq ahwalina qaramastan, toliq esap – kitap qiliniwi;
- arnawli bilim ha`m ko`nlikpe talap qilinatug`in jumislarg`a tek g`ana za`ru`r tayarliqqa iye, ka`sibi jag`inan jaramli ha`m tiyisli mag`liwmatqa iye bolg`an shaxslardi g`ana shaqiriwi tiyis.

9. Isbilermennin` juwapkershilikleri.

Saliq ha`m kredit ma`jbu`riyyatlarinin` du`zilgen sha`rtnamalarinin` orinlaw barisi, basqa sub`ektlerdin` mu`lklik huqiqlarin buzg`anlig`i, qa`wipsiz, miynet sha`riyatlarina a`mel qilmawi,

tutiniwshilarg`a adamlardin` salamatlig`ina ziyan jetkizetug`in o`nim jetkerip bergenligi, a`tirapqa ziyan jetkizgenligi, jeke ha`kimlikke qarsi nizamlardi buzg`anlig`i ushin, isbilermen o`z mal – mu`lk ko`lemindegi a`meldegi nizamlarg`a muwapiq juwapker bolip esaplanadi.

Mu`lklik dawalar isbilermennin` miyrasxorlarina da tiyisli boladi, biraq olar miyras qilip qaldirg`an mal – mu`lk ko`leminen aspawi za`ru`r.

10. Finans ha`m kredit qatnasiqlari**.**

Payda, amortizatsiya ajiratpalari, qimbatli qag`azlardi satiwdan tu`sken pul, miynet ja`miyeti ag`zalarinin`, ka`rxanalar, sho`lkemler, puharalardin` pay ha`m basqa to`lemleri, sonday – aq, basqa tu`simler ka`rxana finansliq resurslarin quraytug`in derekleri bolip esaplanadi.

Ka`rxana satiwda sha`rtnamasi tiykarinda bank kreditinen basqa ka`rxanalardin` kreditlerinen de paydalaniladi.

Isbilermen pul qarjilarin saqlaw ha`m de barliq tu`rdegiesap – kitap, kredit ha`m kassa operatsiyalarin a`melge asiriw ushin ka`rxana dizimge aling`an jerdegi ha`r qanday bankte, basqa jerdegi bankte bolsa, sol banktin` razilig`i menen esap – kitap schetlari ha`m basqa esap schetlari ashiwi da mu`mkin.

Is haqi to`lew ha`m byudjetke to`lemler barliq ka`rxanalar ushin birinshi gezektegi to`lewi bolip esaplanadi. Esap – kitaplardin` basqa tu`rlerin ka`rxana kalendar` ta`rtibine muwapiq a`melge asiriladi.

Ka`rxana qariydar (tutiniwshilar)g`a qarizg`a aling`an qarji ushin payda to`lew ta`rtibide qarizg`a o`nim jetkerip beriw, jumisti orinlawi ha`m xizmet ko`rsetiwi mu`mkin. Bunday sawda pitimlerin ra`smiylestiriw ushin ka`rxana xojaliq aylanisinda veksel`di qollawi mu`mkin. Ka`rxana % to`lew sha`rti menen basqa sha`rtnamag`a kredit beriwi mu`mikn.

Eap – kitap qiliw barasinan o`z ma`jbu`riyatlarin turaqli orinlaytug`in ka`rxana bank ta`repinen to`lewge jaramsiz dep dag`aza qiliwi mu`mkin. Bunday ka`rxanalarg`a ta`sir o`tkeriw sharalari ha`m olardi qollaw ta`rtibi bankler ta`repinen O`zbekstan Respublikasi nizam hu`jjetlerine muwapiq belgilenedi.

11. Isbilermenlik sub`ektlerin rawajlandiriwdi xoshametlew ha`m oni qollap – quwatlaw bag`darlamalari.

Ma`mleket kishi ha`m jeke isbilermenlik sub`ektlerinin` huqiqlari ha`m de nizamliq ma`plerine a`mel qiliniwina kepillik beredi. Erkin ba`siyke ushin sha`riyat jaratadi, materialliq, finansliq, miynetke tiyisli ha`m basqa resurslarin paydalaniwda ten` imkaniyatlardi ta`miyinleydi.

Wa`zirler, Ma`mleket komitetleri, Ma`mleket ha`m jergilikli ma`mleket ha`kimiyati organlarinin` kishi ha`m jeke isbilermenlik ma`melelerine tiyisli ha`mme ushin ma`jbu`riy bolg`an normativ hu`jjetleri tiyisli A`dillik ministrliginde, onin` jergilikli organlarinda huqiqiy ekspertizadan o`tkeriliwi, ma`mleket dizimine aliniwi za`ru`r. Bul hu`jjetler g`alaba xabar qurallarinda dag`aza qilinadi.

Kishi ha`m jeke isbilermenlik sub`ektleri xizmetlerinin` jumis yamasa sawda siri bolg`an informatsiyalardin` qorg`aliwina kepillik beredi.

Ma`mleket organlari ha`m basqa organlardin` olardag`i joqari orinlardag`i shaxslar ha`m jumisshilardin` normativ hu`jjetlerinde na`zerde tutilg`an jag`daylardi biykarlag`an, kishi ha`m jeke isbilermenlik sub`ektleri xizmetine aralasiwina jol qoyilmaydi.

Ma`mleket organlari yamasa basqa organlardin` ha`mde olardag`i joqari orindag`i shaxslardin` kishi ha`m jeke isbilermenlik sub`ektlerinin` huqiqlarin buziwshi ha`reketleri (qararlari) u`stinen sud ta`rtibinde naraziliq bildiriw mu`mkin.

Ma`mleket organlari yamasa organlardin` yamasa olardin` joqari orindag`i shaxslardin` ha`reketleri (qararlari) sebepli kishi ha`m jeke isbilermenlik sub`ektine jetkizilgen ziyan, qoldan berilgen paydani qosqan halda, sol organlar ta`repinen nizamli ra`wishte qaplanadi. Ziyandi qaplaw haqqindag`i qarama – qarsiliqlardi tek sud organlari ta`repinen belgilengen ta`rtipte sheshiledi.

Ma`mleket ta`repinen kishi ha`m jeke isbilermenlik sub`ektlerinin` mal – mu`lki alip qoyiliwina jol qoyilmaydi, nizam hu`jjetlerinde belgilengen hallar ha`m ta`rtipte alip qaliw bug`an kirmeydi.

Kishi ha`m jeke isbilermenlikti qa`liplestiriw, rawajlandiriw protsesslerin ta`rtipke saliw ha`m xoshametlew ma`mleket ta`repinen normativ huqiq reformalastiriw, infrastrukturani ha`m de kishi ha`m jeke isbilermenlik sub`ekitleri xizmeti ushin sha`rayat jaratiw tiykarinda ekonomikaliq ta`sir ko`rsetiw joli menen a`melge asiriladi.

Bul boyinsha jergilikli ma`mleket ha`kimiyati orgonlari o`z wa`killeri ko`leminde:

- ishki ha`m jeke isbilermenlik sub`kitleri ushin jergilikli saliqlar ha`m jiyimlar boyinsha jen`illikler belgileydi ;
- kishi ha`m jeke isbilermenlikti rawajlandiriwdin` terretoriyaliq islep shig`adi;
- kishi ha`m jeke isbilermenlikti rawajlandiriwdin` u`stem bag`darlarin aniqlaydi.

Kishi ha`m jeke isbilermenlikti rawajlandiriw ministirler kabineti ha`m jergilikli ma`mleket ha`kimiyati orgonlari ta`repinen islep shig`arilatug`in kishi ha`m jeke isbilermenlikti rawajlandiriwdin` ma`mleket ha`m terretoriyaliq da`stu`rlerine muwapiq a`melge asiriladi.

Kishi ha`m jeke isbilermenlikti rawajlandiriwdin` ma`mleket ha`m terretoriyaliq da`stu`rleri bazar infrastrukturasin payda etiwdi qolay isbilermenlik ornatilg`an qa`liplestiriw ha`mde kishi ha`m jeke isbilermenlikti rawajlandiriwda ekonomikaliq xoshametlew ilajlarin o`z ishine aladi.

Da`stu`rlerdi finansliq ta`miyinlew kishi ha`m jeke isbilermenlikti qollap – quwatlaw fondlari, xaliq araliq da`stu`rler boyinsha, jeke ha`m basqa tiykarlardan aling`an qarjilaresabina to`mendegi maqsektler ushin beriledi:

-kreditler sol qatarda xoshametli kreditler beriw tiykarinda investitsiya joybarlarin finansliq ta`miyinlew;

-ustav investitsiasinda qatnasiw;

-ma`sla`ha`t ha`m informatsiya xizmetlerin ko`rsetiw formasinda texnikaliq ta`repten ko`meklesiw;

-infrastrukturaliq rawajlandiriwg`ako`meklesiw;

-alinip atirg`an kreditler ushin kepillikler, ma`jbu`riyatlar ha`m kepillikler beriw joli ha`mde qollap – quwatlawdin` basqa formalari menen kishi ha`m jeke isbilermenlik sub`ektlerin rawajlandiriwda xoshametlew ushin payda qilinadi.

Awil orinlarindag`i kishi ha`m jeke isbilermenlik sub`ektlerin, imaratti ijarag`a aliw yamasa satip aliw, sawda ha`m xizmet ko`rsetiw tarawi ob`ektlerin olar jaylasqan jer uchastkalari menen birlikte satip aliw birinshi gezek huqiqina iye.

Ma`mleket basqariw organlari kishi ha`m jeke isbilermenlik sub`ektleri zamanago`y u`skene ha`m texnalogiyalar aliwg`a, texnoparkler, lizing ka`rxanalari, biznes inkubatorlar,islep shig`ariw – texnalogiya oraylari ha`m infrastrukturanin` basqa ob`ektleri tarmag`in payda etiwge ja`rdem beriw ju`zesinen ilajlar islep shig`iliwi ha`m a`melge asiriliwin ta`miyinleydi, qa`niygelesken ko`tere bazarlar, yarmarkalar payda etiw ha`msho`lkemlestiriwde ja`rdemlesiw.

Ma`mleket basqariw organlari o`nimler satip aliw ha`m jetkerip beriw ,xizmetlerko`rsetiw ushin sha`rnamalardi du`ziw waqtinda buyirtpalardi tan`law tiykarinda kishi ha`m jeke isbilermenlik sub`ektlerine bo`listirip beriwi de mu`mkin.

Kishi ha`m jeke isbilermenlik sub`ektleri o`z o`nimlerin ha`m xizmetlerin, bar talap – mu`ta`jliklerden kelip shig`ip erkin bahalarda realizatsiya qilinadi.

Kishi ha`m jeke isbilermenlik sub`ektlerinen, sol qatarda awil orinlarda xizmet alip barip atirg`an yamasa ba`sekiles ha`m eksportqa arnalg`an o`nim islep shig`ariw menen shug`illanip atirg`an kishi ha`m jeke isbilermenlik sub`ektleri ushin bir qansha qolaysiz sharayatlardi ju`zege keltiretug`in o`zgerisler kirgizilgen jag`dayda,bul sub`ektlerden keyingi 2 jil dawaminda olar ma`mleket diziminen o`tken waqitta a`melde bolg`an nizam hu`jjetlerine muwapiq saliq o`ndiriledi.

Kishi ha`m jeke sub`ektleri islep shig`ariw shig`imlarina arnalg`an qa`rejetlerge kirgizip, tiykarg`i islep shig`ariw fondlarinin` tezlestirilgen amortizatsiyasin tiyisli tiykarg`i fondlar ushin belgili normadan 2-ma`rteden ko`birek asip ketpeytug`in mug`darda qollaniwg`a haqli.

Kishi jeke isbilermenlik sub`ektleri 3 jildan ko`birek mu`ddet dawaminda isletilip, amortizatsiya ajratpalari ajiratip kelingen tiykarg`i fondlar da`slepki quninin` 50%ine shekemgisin esaptan shig`ariwg`a haqli.

Kishi yamasa jeke ka`rxana iske tu`sken waqittan baslap 2 shekem  o`z xizmetin tamamlag`an jag`dayda qosimsha ra`wishte esaplap shig`arilg`an (tezlestirilgen) amortizatsiya swmmasi kishi ha`m jeke ka`rxananin` balans paydasi ko`beyiwi esabinan qaytariladi.

Kishi ha`m jeke isbilermenlik sub`ektlerine jen`illik kreditine beriw kishi ha`m jeke isbilermenlikti qollap – quwatlaw Fondi (biznes – fondi) ta`repinen a`melge asiriladi. Respublika ma`mleket mu`lk komiteti usi maqset ushin menshiklestiriw ha`m ma`mleket quraminan shig`ariwdan tu`sken tu`simler esabinan 50% qarjilardi o`tkeriledi. O`z gezeginde Biznes fond kishi ha`m jeke isbilermenlikti qamsizlandiriw boyinsha qorg`awdi «Madad» qamsizlandiriw agentligi ha`m basqa arnawli agentlerdin` xarakteristikalari tiykarinda jen`illikli kreditlerdi ajratadi. Bul qa`niygelesken qamsizlandiriw agentleri isbilermenlik ta`wekelshilerinen ha`mde kreditler qaplanbag`anlig`i ushin qarizdardi juwapkerlikten jen`illikli sha`rtlerde qamsizlandiriw joli menen qorg`aw ma`jbu`riyatin o`z moynina aladi.

Sawda bankleri kishi ha`m jeke isbilermenlik sub`ektlerine ziyan jetkergenligi ushin, sol qatarda qoldan ketken nayda sipatinda ziyan jetkergenligi ushin normativ hu`jjetlerinde belgilengen ta`rtipte juwapker boladi.

Sawda bankleri kishi ha`m jeke isbilermenlik sub`ektlerine banktegi o`z esap qag`azlarinan o`z qarjilarin aliwdi biykar etiwge haqli emes.

12. Isbilermen ka`rxananin` sirtqi ekonomikaliq xizmeti**.**

Ka`rxana nizamlarg`a muwapiq sirtqi ekonamikaliq xizmetin g`a`resiz ra`wishte a`melge asiriw huqiqina iye .Aling`an valyuta ka`rxananin` valyuta balansi esabina o`tkeriledi ha`m onnan ka`rxana g`a`ressiz paydalanadi. Ka`rxananin` valyuta tu`siminen bul ka`rxana o`z valyuta esabinan qilg`an tuwridan tuwri vaoyuta qa`rejetleri shegirip taslang`annan son` respublika ha`m jergilikli byudjetlerge valyuta ajratpalari o`tkeriledi.

Respublika ha`m jergilikli byudjetlerge ajratpalar mug`dari Nizam hu`jjetleri menen ta`rtipke salinadi. Ka`rxananin`  valyuta qarjisinda basqa jol menen tartip aliw atap o`tilgen nizamlar ha`m basqa normativ hu`jjetlerde ko`rsetilgendey qadag`an etiledi.

Ma`mleket basqariw organlari kishiha`m jeke isbilermenlik sub`ektlerinin` eksport-import operatsiyalarindag`i qatnasiwin ken`eytiriwge, sonday-aq bul sub`ektlerdin` sirtqi ekonomikaliq xizmet tarawindag`i da`stu`rlerdi ha`m planlardi a`melge asiriwda qatnasiwina tiyisli ilajlardi a`melge asiradi,olardin` xaliq araliq ko`rgizbeler ha`m yarmarkalarda qatnasiwina ja`rdem beredi.

13.Ka`rxana xizmetin qadag`alaw ta`rtibi**.** <u>Ka`rxananin` finansliq-xojaliq xizmeti mug`dardin` baslama menen ha`r bir jilda ko`bi menen bir ma`rte qatan` tekseriw o`tkeriliwi</u> mu`mkin.

Normativ hu`jjetleri menen ka`rxanalari xizmetinin` ayrim ta`replerin tekseriw waziypasi ju`klengen saliq ha`m basqa ma`mleket mekemeleri bunday tekseriwlerdi za`ru`rligi tuwilg`anda ha`m tek o`z wa`killeri ko`leminde a`melge asiriwi mu`mkin. Ka`rxana o`z gezeginde ,sol mekemelerdin` wa`killigine kirmeytug`in ma`seleler u`stinen bul mekemelerdin` talaplarin orinlamawg`a ha`m qadag`alaw tarawina kirmegen materiallar menen olardi tanistirmawg`a haqli.

Barliq tu`rdegi terseriwler xa`m ta`sir o`tkeriwler ka`rxananin` normal xizmet ju`rgiziwine, islewlerine kesent beriwi kerek. Ta`sir ko`rsetiw ha`m tekseriwlerdin`  na`tiyjeleri o`z waqtinda ka`rxanag`a xabar etiledi.

14.Ka`rxanani jabiw ha`m sho`lkemlestiriw sha`rtleri**.** Ka`rxanani jabiw ha`m qayta sho`lkemlestiriw (birlestiriw, qosiw, bo`lip jiberiw, ajratiw, qaytadan du`ziw), ka`rxana mal – mu`lk iyesinin` yamasa sonday ka`rxanalardi o`tkeriwge wa`killikli bolg`an mekemeler qararina

qaray yamasa sud yaki ha`kimshilik sudinin` qararina qaray a`melge asiriladi. Sing`an ka`rxanalardi jabiw nizam hu`jjetleri menen ta`rtipke salinadi.

Ka`rxana ma`mleket dizimi reestrinen shig`arip jiberilgen waqittan baslap qayta sho`lkemlestirilgen yamasa jabilg`an esaplanadi .

Ka`rxana qayta sho`lkemlestiriw ha`m jabiw dawaminda jumistan bosatilip atirg`an xizmetkerlerge normativ hu`jjetlerdi belgilengenge muwapiq olardin` huqiqlari ha`m ma`plerine a`mel etiwine kepillikler beriledi .

Ka`rxana basqa ha`m ka`rxana menen qosilg`an jag`dayda bul ka`rxanalardin` ha`r birine tiyisli barliq mu`lklik huqiqlar ha`m ma`jbu`riyatlar qosiliw na`tiyjesinde payda bolg`an ka`rxanag`a o`tedi. Bunda onin` barliq mu`lklik huqiqlari ha`m ma`jbu`riyatlari qosip alg`an ka`rxanag`a o`tedi.

Ka`rxana bo`lip jiberilgen jag`dayda qaytadan sho`lkemlestirilgen ka`rxananin` mu`lklik huqiqlari ha`m ma`jbu`riyatlari sol bo`lip jiberiw na`tiyjesinde payda bolg`an jan`a ka`rxanalarg`a bo`lip jiberiw hu`jjetleri(balansi)ne muwapiq tiyisli bo`limlerde o`tedi .

Eger ka`rxanada bir yamasa bir neshe jan`a ka`rxanani ajiratip shig`arilsa, qaytadan sho`lkemlestirilgen ka`rxananin` mulklik huqiqlari ha`m ma`jbu`riyatlari bo`lip jiberiw hu`jjetleri (balansi)ne muwapiq tiyisli bo`limlerde olardin` ha`r birine o`tkeriledi.

15. Isbilermenlik ka`rxanalari ushin kadrlar tayarlaudin mamleket ta`repinen qollap – kuwatlaw tartipleri.

Mamleket isbilermenlik karxanalari ushin kadrlardi tayarlau, kayta tayarlau xam olardin tajriybesin asiriu sistemasin rauajlandiriudi tamiynleydi. Auil orinlarindagi kishi xam jeke isbilermenlik ushin kadrlar tayarlau, kayta tayarlau xam olardin tajriybesin asiriu menen shugillaniushi sholkemler xam sholkemler normativ (nizam) xujjetlerinde belgilengen tartipte jenilliklerden paydalaniladi.

Takrarlau ushin soraular.

1 Ozbekistan Respublikasinin isbilermenlik xakkindagi nizami kashan kabil etildi?
2 Isbilermenliktin printspleri.
3 Isbilermenliktin majburiyatlari nelerden ibarat?
4 Isbilermenlikti rauajlandiriuda mamlekettin roli kanday?
5 Isbilermenlikti mamleketlik dizimnen otkeriu tartibi kanday?

## 2.1-Tema: Isbilermenlik xizmetinde biznes reje.

Mazmuni

1. Biznes rejenin manisi xam axmiyeti, o`nim satiu bazarin ekonomikalik baxalau.
2. Ondiris protsessi.
3. Marketing tarauinin bagdari.

Bazar ekonomikasi sharayatinda karxana xam sholkemler xizmet jurgiziulerin karji menen tamiynleu ekonomikalik mashkalalardan biri bolip, u`lken ta`wekelshilikti talap etedi. Sariplang`an qarjilardi qaytariw,qaplaw mu`ddeti qansheli uzaq bolsa, bul qa`wip da`rejeside sonsheli asip baradi. Sebebi bul mu`ddet ishinde bazar konyukturasida,bahalarda ,is haqi to`lemleri ha`dden tis asip baradi. Sonin` ushin ekonomika turaqli bolmag`an jag`daylarda (a`sirese bul jag`day tek g`ana ayirim tovarlar bazari emes,al barliq ma`mleket ushin ta`n bolsa) qa`rejetler tez qaplanatug`in na`tiyjeli planlarg`a qarji sarplaw maqsetke muwapiq. Bunday jantasiw ilimiy texnika rawajlaniwinin` tezligi en` joqari bolg`an ha`m jan`a texnologiya yamasa o`nimlerdin` kirip keliwi alding`i investitsiyalardi tez qa`dirsizlendirip jiberiwi mu`mkin bolg`an tarmaqlar ushin ju`da` a`hmiyetli.Bunnan basqa puldi aliwshi onsha abiroyg`a iye bolmasa ha`m qarji iyesi uzaq mu`ddetke onda puldi isenimin qa`lemesede qarjinin` o`zin qaplaw mu`ddetine qarap is ko`riledi.

Misali ushin g`a`rezsiz xizmet ju`rgizip atirg`an «Azizbek» kishi ka`rxanasinin` qarji menen ta`miynlew ha`m o`zlestiriw ta`rtibin ko`rip shig`amiz. Ka`rxana qolinda (aldinda) o`zlestiriw ushin 120 min` somliq shiyki zat resurslari ha`m tayar o`nimler bar. Bul resurslardan paydalaniw na`tiyjesinde ka`rxana 35 min` swm daramat aliwdi ko`zde tutadi. Sol tiykarda ka`rxananin` rawajlaniw fondinan ajiratilg`an pullar ha`m bankten aling`an kreditlerdi 4 jildan keshiktirmey qaytariw rejelestirilgen. Al, usi plan talapti qandira aladima?

Bunin` ushin to`mendegi esap – kitaplardi a`melge asiramiz. Ka`rxana qa`rejetlerin qaplaw mu`ddeti to`mendegi formula arqali aniqlanadi.

Qa`rejetlerdi qaplaw mu`ddeti   slang`ish investitsiiyalar / Ha`r jilg`i pul da`ramatlari   120 / … 3,4

Bul esap kitaptan ko`rinip turipti, esaplap shig`ilg`an qa`rejetlerdi qaplaw mu`ddeti belgilengen mu`ddetten bir qansha kem (8 ayg`a). Demek, investitsiya ajratiwdin` usi varianti qolay.

Biraq a`melde pul da`ra`matlari ha`r jili ha`r tu`rli boladi. A`dette, olar j umis basinda kemirek bolip, qanshelli o`sip bariwi mu`mkin (eger, plan qandayda bir aniq maqsetti go`zlegen bolsa ha`m islep shig`arilatug`in o`nim tez o`tetug`in bolsa) . Bunday jag`dayda qa`rejetlerdi qaplaw mu`ddeti bir qansha basqasha boladi.

Investitsiya mug`dari misalimizdag`i siyaqli bolsin, jillar boyinsha ko`zde tutilatug`in tu`simler to`mendegishe bolsin:

Birinshi jil – 25 min` swm;
Ekinshi jil – 35 min` swm;
U`shinshi jil – 48 min` swm;
To`rtinshi jil – 54 min` swm;

Bulardan ko`rinip turipti, birinshi 3 jilda da`ra`matlar ko`lemi 108 min` swmdi quraydi, demek, investitsiyanin` toliq qaplaniwi ushin to`rtinshi jil dawaminda tek g`ana 12 min` swm talap etiledi. Bul swmmani to`rtinshi jilda ko`zde tutilg`an da`ra`mat swmmasi (54 min` swm) na ten` bolip, sol jil ushin qa`rejetlerdi qaplaw mu`ddetine – 0,22 jilg`a iye bolamiz. Solay etip, qa`rejetlerdi qaplaw mu`ddeti 3,22 jildi (3,0 + 0,22) quraydi.

Investitsiyalardi analizlewdin` bunday usili a`piwayilig`i ha`m aniqlig`i menen ajralip turadi. Onin` qolaylig`i sonda, investitsiya jol qoyilatug`in mu`ddette qaplaniwi jag`ina qaray

bahalang`anda, ol investitsiyanin` qolaysizlig`i haqqinda da aniq tu`sinikke iye boliwg`a ja`rdem beredi.

Sonin` ushin bunday esap – kitap investitsiyani bahalawdin` en` quramali usillarina paydali qosimsha bola aladi. Sebebi olar ko`binshe qutiliwi mu`mkin bolg`an ekonomikaliq bankrot qa`wpin onshelli aniq ko`rsetip bere almaydi.

Bul usildin` da o`zine jarasa kemshilik ha`m qa`teleri bar. Birinshiden, ol pul waqit dawaminda qun o`zgerisin esapqa almaydi. Ekinshiden, joqarida keltirilgen formulada investitsiya toliq qaplang`annan keyin tu`setug`in da`ra`matlar da ko`rsetilgen. Jan`a fondlaronnan keyin de isletiledi. Sol sebepli, usi kemshiliklerdihesh bolmag`anda bir bo`legin jog`altiw ushin, qa`rejetlerdi qaplaw mu`ddetin swmnin` bu`gingi ha`m keshegi quni ortasindag`i pariqti esapqa alg`an halda, diskontlastirilg`an usilin qaplaw maqsetke muwapiq.

Diskont (angl. **discount**) ha`zirgi waqittag`i bahalar menen olardi qaytariw da`wirindegi bahalar ortasindag`i pariqlari yamasa qimbat bahali qag`azlar nominali . Mazmuni, tu`rli da`wirlerde investitsiya qa`rejetleri ha`m keleside firmanin` ishki da`ra`matliliq normalarin aniqlaw dawamindag`i pul tu`simleri, yag`niy kapital qarjilardi qaplaniw (qaytariliw) koeffitsientinen ibarat.

Pullardin` yamasa jumsalg`an qarjilardin` «bu`gingi» ha`m «keshegi» qunlari ortasindag`i nariqti esapqa aliw ushin investitsiyalardin` qaplaniwi esap – kitap qilinip atirg`anda kelesidegi da`ra`matlar diskontlaw koeffitsientlerine ko`beytiriledi. Diskont koeffitsientlerin esaplaw to`mendegi formula arqali aniqlanadi:

$$K \quad \frac{1}{(1 + K) * T}$$

Bul jerde, K – pul quninin` o`zgeriw tezligi (a`dette, bank kreditleri boyinsha ortasha protsent da`rejesinde qollaniladi); T – investitsiya ajratilg`an waqittan baslap o`tken waqit , ku`nler. Misali, protsent stavkasi 10 g`a ten` bolsa, u`shinshi jil ushin diskonlaw koeffitsienti:

$$K \quad \frac{1}{(1 + 0{,}3)} \qquad = \ 0{,}769 \text{ ды курайды}$$

Bunnan paydalanip, joqarida ko`rip shiqqan misalimiz ushin investitsiyani qaplaw mu`ddetin aniqlaymiz. Bunin` ushin (1) formuladan paydalanip, investitsiyanin` qaplaniwi kerek bolg`an da`wirde pul quninin` parqin aniqlap alamiz.

Solay etip, bank protsenti 10% bolg`an jag`dayda, diskontlaniw da`ra`matlari:

| Diskontlaniw koeffitsienti: | Diskontlaniw da`ra`matlari: |
|---|---|
| Birinshi jilda – 1/ (1+0,1)=0,9091; | 25000·0,9091=22728 swmdi; |
| Ekinshi jilda - 1/(1+0,2)=0,8333; | 35000·0,8333=29166 swmdi; |
| U`shinshi jilda- 1/(1+0,3)=0,7692; | 48000·0,7692=36922 swmdi; |

quraydi. Barlig`i bolip u`sh jilda diskontlang`an, yag`niy swmnin`bu`gingi ku`ndegi satip aliwqa`biletide (da`rejeside) sa`wlelengen, da`ra`matlar ko`lemi 88816swmdi (22728+29166+36922)di quraydi. Demek firma boyinsha investitsiyanin` toliq swmmasin qaplaw ushin firmag`a 31184(120000-88816)swm jetispey atir. Mine endi, to`rtinshi jilda investitsiyanin` uliwma ko`lemin jetispey atirg`an bo`legin ja`nede anig`iraq qilip esaplap shig`iwimiz mu`mkin. Demek, to`rtinshi jilda diskontlang`an da`ra`matlar:

1/(1+0,4)=0,7142; 54000·0,7142=38567 swmdi quraydi. Endi firma ushin investitsiyanin` jetispey atirg`an swmmasin (31184 swm) esaplap shig`ilg`an to`rtinshi jildag`i investitsiya swmmasi (38567 swm)na bo`lip 0,81 ge iye bolamiz. Solay etip, firma investitsiyalarinin` qaplaw mu`ddeti 4 jilda emes ba`lkim 3,84 jildi quraydi eken .Firma investitsiya qa`rejetlerinin`

ma`lim waqit o`tiwi menen bahasinin` o`zgerip bariwin esapqa almastan a`melge asirg`an alding`i esap – kitaplarimizdan mu`ddet 3,22in quraytug`in edi. Lekin, belgilengen da`wirdegi mu`ddetler ishinde barliq a`mellerdi esapqa alip ja`nede anig`raq esaplap shiqqan investitsiyalardi qaplaniw ko`rsetkish bizge, islep shig`arilip atirg`an sho`lkem ushin ajratilg`an qarjilardi 4 jil mu`ddetke zorg`a jetisiwin ko`rsetip beredi. Eger bank kreditlerinin` % i ha`m inflyatsiya da`rejesin esapqa alip o`zgerip barsa, onda usi jobani qabil qiliw maqsetke muwapiq emes. Sonin` ushin investitsiyalastirilip atirg`an jobalardi islep shig`iw dawaminda ko`zde tutilip atirg`an (ekonomikaliq) a`mellerdi sirtqi, ko`zde tutilmag`an (ta`biyiy sotsialliq) faktorlardi itibarg`a alg`an haldi bir neshe variantlarin islep shig`iwin ko`rsetedi.

Lekin, buni qanday a`melge asirw mu`mkin?

Bunday jag`daylarda bar bolg`an barliq investitsiyalaw variantlari investitsiyalarinin` paydaliliq da`rejelerin aniqlaw arqali u`yrenip shig`iw usiniladi. Paydaliliq ko`rsetkishi sipatinda paydaliliq koeffitsenti dep ataliwshi u`lkenlikten paydalaniw mu`mkin. Ol to`mendegi formula ja`rdeminde esaplanaddi.

$$\text{Paydaliliq Koeffitsenti} = \frac{\text{Ko`zde tutilg`an da`ramatlar swmmasi}}{\text{Ko`zde tutilg`an qa`rejetler swmmasi}}$$

Ko`zde tutilg`an da`ramatlar swmmasi bul usi investitsiyalanip atirg`an plandi a`melge asiriw esesine keleside alinatug`in payda ko`lemi. Biraq ol keleside ku`tilip atirg`an absalyut mug`darlarda emes, al joqarida aytilg`aninday, diskontlaw koffitsentleri menen tuwrilang`an halda ju`zege keledi. Basqasha qilip aytqanda, formulanin` aliminda swmnin` barlig`i quninda ko`rsetilgen da`ramatlar swmmasi sa`wlelenedi.

Ko`rilip atirg`an investitsiya planlardi a`melge asiriw ushin jumsalatug`in barliq qa`rejetler ko`lemide tap sonday esaplanadi. Bul esap kitaplar bir neshshe jildag`i investitsiya planlarin a`melge asiriwg`a qaratilg`an, eger investitsiyalastiriw qisqa mu`ddetke (3 ay, 6 ay yamasa 1 jilg`a) arnalg`an bolsa, bunday jag`dayda qa`rejetler ha`m da`ramatlardi diskontlawdin` keregi joq.

Paydaliliq koeffitsentine tiykarlanip eger koeffitsient 1,00 den joqari yaamasa og`an ten` bolg`anda g`ana investitsiyalastirilip atirg`an planlardi a`melge asiriw maqsetke muwapiq.

Biraq, bul esap – kitaplar da aytarliqtay emes. Sebebi qarji menen ta`miynlew jetispewshiligi joqari bolg`an sha`rayatlarda,paydaliliq koeffitsentileri joqariraq bolg`an planlardi qollaw za`ru`r bolip qaladi. Buni to`mendegi misalda ko`rip shig`amiz. Meyli, eki investitsion plan usinilg`an bolsin.

Birinshi plan boyinsha qa`rejetler ko`lemi 200min` swmdi qurap ha`m bul barlig`i 1mln. swm mug`darda diskontlang`an da`ramat keltiriw ko`zde tutilg`an. Bunda taza da`ramat (da`ramat-investitsiya,qa`rejet) 800min` swmdi quraydi.

Ekinshi plan boyinsha bolsa ja`mi qa`rejetler ko`lemi 50min` swmdi talap etken jag`dayda,diskontlang`an da`ramatlar ko`lemi bolsa 450min` swmdi quraydi. Bunda taza da`ramat 400min` swmg`a ten`, yag`niy birinshi plannan 2 ma`rtege kem.

Sizdegi bar qarji bolsa 200min` swmdi qurap birinshi plandi investittsiyalastiriw imkaniyatina iyesiz. Al, bul maqsetke muwapiq pa?

A`lbette, yaq, sebebi, birinshi plan ushin paydaliliq koeffitsienti 5 (1mln. swm /200 min` swm), ekinshi plan ushin bolsa 9g`a (450min` swm/50min` swm) ten` ekenligi esaplap shig`iw o`nshelli qiyin emes. Demek, eger 200min` swm qarjin`izdi paydaliliq koeffitsienti 9g`a jaqin bolg`an bir neshe kishi planlarg`a jumsasan`iz, na`tiyjede siz 1,6mln. swmg`a jaqin taza da`ramatqa iye bolasiz. Bul bolsa, birinshi plan daramatina qarag`anda 2 ma`rtege ko`p.

Biraq o`mirde paydaliliq koeffitsientleri birdey bolg`an bir neshe planlar bir waqittin` o`zinde kemnen – kem jag`daylarda g`ana ushraydi. Bul koeffitsientler ko`bineshe bir – birinen keskin parq qiladi. Sonin` ushin qaysi plandi tan`law ma`selesi sheshilip atirg`anda, en` aldi menen olardin` paydaliliq koeffitsientlerin u`lkenlikleri boyinsha, yag`niy usi koeffitsientler mug`dari kemeyip bariw ta`rtibin ko`rsetiwshi sxema du`zip qadag`lap bariw maqsetke muwapiq.

Buni qa`rejetler ha`m da`ramatlar imkaniyatina karap to`mendegi keste tu`rinde de sa`wlelendiriw mu`mkin:

«Azizbek» firmasinin` investitsiyalastirilg`an planlar boyinsha paydaliliq koeffitsientlerinin` esap – kitabi.

| Plan | Ko`zde tutilg`an qa`rejetler swmmasi, min` | Ko`zde tutilg`an da`ramatlar swmmasi | Paydaliq koefitsienti | Ranglar |
|---|---|---|---|---|
| A | 600 | 840 | 1,4 | 7 |
| B | 900 | 1305 | 1,45 | 2 |
| V | 300 | 390 | 1,3 | 3 |
| G | 700 | 770 | 1,1 | 4 |
| D | 1200 | 1260 | 1,05 | 5 |

Usi kesteden ko`rinip turipti, eger firma 2,5mln.. swmliq planlardi investitsiyalastiriw imkaniyatina iye bolsa, bul qarjilardi A, B, V ha`m G planlar ushin jumsaw maqsetke muwapiq bolip, ju`da u`lken da`ramat keltiriw imkaniyati bolsada D plannan keshiw za`ru`r.

Eger paydaliliq koeffitsientine itibar bermesten,tek ko`zde tutilg`an da`ramatlardin` maksimal mug`darlarina qarap is ko`rilgende, onda D, B ha`m V variantlar tan`lang`an bolinatug`in edi. Bunda ja`mi qa`rejetler 2,4mln.. swmdi qurag`an halda,firma da`ramadi 2,955mln. swmdi quraytug`in edi. Eger paydaliliq koeffitsientin esapqa alip du`zilgen investitsiya planin a`melge asirilg`anda, alinatug`in da`ramat ko`lemi 3,305mln. swmdi qurawi mu`mkin edi.

Joqarida ko`rsetilgenlerden tisqari, a`melde boliwi mu`mkin bolg`an kompleks planlardi itibarg`a aliwda mu`mkin. Bul da investitsiya qarjilarin ajratiwdin` variantlarinan biri bolip, belgili bir waqitta basqa bir plan menen parallel` a`melge asiriliwi mu`mkin.

Misali, jan`a tsex quriliwi barliq zavodqa xizmet qilatug`in energetika yamasa tazalaw imaratlari rekanstruktsiyasi ushin belgili da`rejede qarji qoyiwdi talap etedi. Bunday jag`dayda, eki investitsiya qarjisin jumsaw planinin` da paydaliliq koeffitsientin esaplap shig`iw lazim. Bunda usi koeffitsientlerdin` individual da`rejelerine itibardi qaratiw sha`rt emes. Misali ushin, firmada 600 min` swm qarji sariplap, 840 min` swm mug`darda da`ramat keltiretug`in plan bar. Bunda paydalaliliq koeffitsienti 1,4 (840/600)di quraydi. Biraq, sonin` menen birge firma uliwma zavod xojalig`in bekkemlewge ja`ne 100 min` swm sariplawi za`ru`r. Bul bolsa da`ramatliliqti tek 60 min` swm mug`darda g`ana o`siwine alip keledi, yamasa basqasha qilip aytqanda, bul plan boyinsha paydaliliq koeffitsienti 1 den kishi bolip, 0,6 (60/100) di quraydi. Biraq, eger bir – biri menen baylanisli bolg`an usi planlar boyinsha investitsiyalar mug`darin ha`m ku`tilip atirg`an da`ramatlardi qossaq, bunda birinshi halatta 700 min` swm (600+100), ekinshi jag`dayda bolsa 900 min` swm (840+60) kelip shig`iwin ko`remiz. Solay etip, uliwma (integral) paydaliliq koeffitsienti 1,29 (900/700) di quraydi, yag`niy birden – bir qansha joqari. Bul bolsa bizge eki plandi bir waqitta a`melge asiriw ushin qansha za`ru`r qarji sariplaw mu`mkinligin ko`rsetedi.

Paydaliliq koeffitsientlerinen paydalaniw - o`zinin` a`piwayililig`i ha`m qolaylilig`i menen ajiralip turatug`in usil bolip, jeterlishe tiykarli qararlardi (juwmaqlar) qabil etiwge ja`rdem beredi. Jalg`iz quramalilig`i sol, ko`zde tutilip atirg`an da`ramatlardi ha`m investitsiyalardi diskontlastiriw boyinsha esap kitaplardi tuwri a`melge asiriwdan ibarat. A`sirese, ol jan`a ashilip atirg`an ha`m jumis baslap atirg`an firma ha`m ka`rxanalar ushin ju`da`

paydali. Sebebi olar alg`an qarizlarinan tezirek qutilip, da`ramatlarin ja`nede ko`beytiwi, ha`m na`tiyjede qarji jumsawdin` en` paydali planlarin tan`law imkaniyatlarin jaratiwi za`ru`r.

Kishi ha`m jeke isbilermen ka`rxanalar o`z xizmetin g`a`rezsiz rejelestiredi, shiyki – zat resurslari ha`m matariallardin` barlig`in ha`mde islep shig`arilip atirg`an o`nimde, orinlanip atirg`an jumisqa, ko`rsetilip atirg`an xizmetke bolg`an talaplardi esapqa alip, rawajlaniw keleshegin belgileydi.

Ka`rxana ma`mleket mu`ta`jligi ushin sha`rtnama tiykarinda jumislar orinlaydi, o`nimlerin satadi ha`m tu`rli xizmetler ko`rsetedi.

Ha`zirgi bazar ekonomikasi sha`rayatinda ha`r bir isbilermen aldinda aliwin xizmet ko`rsetip baslag`annan aldin tiykarg`i mashqala o`nim islep shig`ariwin, tutiniw bazarinda potentsial klientlerdi tabiw ha`m bazarda o`z abiroyina erisiw sharalarin islep shig`iw ha`m oni aldinnan duris rejelestiriwden ibarat.

Isbilermen tarmaqlar jumis ju`rgiziwinin` da`slepki basqishinda uzaqti ko`re alatug`in maqsetke muwapiq biznes – rejelerin islep shig`adi. Bul biznes-reje uliwmaliq ta`repten xizmet ju`ritiw tarawlarinan biyg`a`rez to`mendegi bo`limlerden ibarat:

1. Tovardin` xarakteri, kimge arnalg`anlig`i ha`m du`zilisi.
2. Tovar satilatug`in bazardi bahalaw.
3. Tovar satilatug`in bazardag`i konkurentsiya.
4. Marketing rejesi.
5. Islep shig`ariw rejesi.
6. Sho`lkemlestiriw rejesi.
7. Huqiqiy reje.
8. Xizmet tarawlarin qamsizlandiriw.
9. Plandi qarji menen ta`miyinlew.

“Tovardin` xarakteri, kimge arnalg`anlig`i ha`m du`zilisi” bo`liminde xojaliq xizmetin ju`rgiziwshi isbilermen islep shig`arip atirg`an o`nimler (jumislar, xizmetler)in qanday maqsetlerge mo`lsherlengenliign, tovar xarakterin ha`m ko`rsetilip atirg`an xizmetler qanday mu`ta`jliklerdi qandiriwin analiz qiliw ha`mde bar sog`an uqsas tovarlar yamasa xizmetler menen salistiriwi, jan`a tovardin` artiqlilig`in u`yrenip shig`iw ko`rsetiledi.

Bul bo`lim to`mendegi bir neshe bo`limlerden ibarat. “Shiyki zat neigzi, shiyki zat penen ta`miyinlew ko`lemi” bo`limshesin o`z ishine alip, bunda isbilermen shiyki zat, janilg`i resurslarin qayjerden aliwin (eger ka`rxana sanaat yamasa materialliq islep shig`ariw menen baylanisli bolsa) ha`m og`an bolg`an tutiniw da`rejesin “tovarlar resurslari ha`m tutiniw” balanisinda sap kitap qilip shig`iwi lazim. Eger ka`rxana tu`rli jumislar yamasa xizmetler ko`rsetiw menen baylanisli bolsa, ol jag`dayda tiyisli texnologiya a`sbaplarin,qollanbalardi, ko`rgizbeli qurallardi, jumislar ha`m xizmet ko`rsetiw tarawlarin quraw boyinsha barliq metodikaliq jollanbalardi, yag`niy, “NOU-XOU” lardi qanday ha`m qay ta`rtipte sho`lkemlestiriw rejesin islep shig`iwi ha`m beliglep aliwi lazim. “Shiyki – zat jetkerip beriw ushin kerek bolg`an sha`rayatlar, shiyki – zatti jetkerip beriw ushin ketetug`in qa`rejetler” bo`limshesinde bar qarjilar tiykarlari jeterlilik da`rejesi, zamanago`y texnika komp`yuterler menen ta`miyinleniw da`rejesi ha`m intelektual informatsiya negizlerin ken`eytiriw sharalarin islep shig`iwdan ibarat bir qatar ma`selelerdi sheshiwden ibarat. “Za`ru`r islep shig`ariw mallari ha`m resurslari” bo`limshesinde, isbilermen belgili mu`ddetlerdi ha`m da`wirlerde o`nim islep shig`ariw ko`lemi ha`mde islep shig`arilip atirg`an o`nimlerdin` assortiment tu`rlerin belgilep aladi.

“Tovarlar ha`m o`nimlerdi islep shig`ariwda jan`a texnologiyalardin` barlig`i uqsasliq bahalaw” bo`limshesinde, islep shig`ariw ushin ko`zde tutilg`an tovar ha` o`nim menen baylanisli barliq mag`liwmatlar analiz etiledi. Islep shig`arilip atirg`an tovar yamasa o`nimge ko`rsetilip atirg`an xizmetlerge sa`ykes keleutug`in o`z-ara uqsas basqa ka`rxanalarda islep shig`arilip atirg`an o`nimlerdin` texnologiyasi yamasa islep shig`ariw usillari, o`nimlerdin` patentlilik da`rejesi ha`m basqa mag`liwmatlar u`yrenilip, salistiriladi. En` kem qa`rejetli qolay optimal variant tan`lap alinadi. Litsenziyalardi satip aliw qa`rejetleri esap kitap qilinadi. Tan`lap

aling`an texnologiya patenti yamasa ruxsatnamasi iyesin (kadrdi) ka`rxana xizmetinde qanday sha`rtlerdi ha`m sha`rayatlardi na`tiyjeli paydalaniw oni qiziqtiriwin arttiriw mu`mkinligi esaplanip shig`iladi. "Tovar satilatug`in bazardi bahalaw" bo`limi to`mendegi bo`limlerden ibarat: "Tovarlar yamasa o`nimlerdin` potentsial tutiniwshilar mug`darliq bahalaw". Bunda islep shig`arilip atirg`an o`nimler (tovarlar)di satiw da`rejesi, xaliqtin` qaysi kotegoriyasi ta`repinen qay da`rejede qabil etiw jag`dayi, ma`mleket regionlarinda (walayatlar, ma`mleketler) realizatsiya qiliw da`rejesi siyaqli ma`seleler u`yrenilip shig`iladi. O`nimler ha`m tovarlardi o`tkeriw bazarlarinin` jag`dayi, olardag`i konkurentlerdin` tutqan orni, bul o`nimlerge bolg`an talaptiw da`rejeside teren` u`yrenilip jetiskenlikke erisiw jag`daylari ko`rip shig`iladi. "Islep shig`arilatug`in o`nimlerdin` yamasa tovarlardin` uliwma quni. Uqsas (swmmaliq) bahalaw" islep shigarilip atirg`an o`nim yamasa tovarlardin` ko`lemin ha`m mug`darin aniqlap aling`annan keyin onin` uliwma quni esap kitap qilinip shig`iladi. Bul bolsa o`nim yamasa tovarlardin` satip aliw qa`biletin aniqlaqg`a imkaniyat beredi. Ko`rsetilip atirg`an xizmet tarawlari boyinsha bolsa ko`rsetilip atirg`an xizmetlerdin` ortasha bir tu`rlerinin` qunin ha`m onnana paydalaniw huqiqlardin` ta`rtibin aniqlawg`a ja`rdem beredi. Usi bo`limsheden "Satiw ko`lemlerin belgilew ha`m onin` en` absolyut mug`darin aniqlaw" bo`limshesi kelip shig`adi. Bul bo`limshelerdegi usinis etilip atirg`an ko`rsetpelerdi esap kitaplari maqsetke muwapiq islep shig`arilsa, ka`rxana xizmetindegi materialliq resurslardi artiqsha jumsaw tu`rli isirapkershilikler, jog`altiwlar, sonday – aq artiqsha islep shig`ariw jag`daylari ju`z bermeydi. Artiqsha talapqa say kelmeytug`in, sipatsiz o`nimlerdi islep shig`ariw aqibetlerinin` aldin aladi.

"Birdey o`gim ha`m tovarlar islep shig`ariw, onin` ko`lemi ha`m xarakteri" bo`limshesinde bolsa ka`rxanada islep shig`arilip atirg`an o`nim ha`m tovarlar yamasa xizmetlerge uqsas, o`z – ara sa`ykes keliwshi o`nim ha`m tovarlardi qaytarilmawi aqibetleri, sonday – aq konkurentlerdin` islep shig`ariwindag`i ku`shsiz ta`replerin ko`rsetiwshi mag`liwmatlarg`a iye boladi.

"Tovar satilatug`in bazardag`i ba`seki" bo`limi to`mendegi bo`limshelerden ibarat:

"Uqsas o`nim tovarlar islep shig`ariwshilar" da region (walayat, ma`mleket) da bul ka`rxanada islep shig`arilip atirg`an ma`mleket ha`m tovarlarg`a uqsas tovar assortimentlerin qaytariw ushin mag`liwmatlarg`a iye boladi ha`m onin` unamsiz aqibetlerin aliw imkaniyatlarina iye boladi.

"Da`slepki texnologiyani engiziw" de tutiniw bazarinda kankurentlerdin` paydalanatug`in bar texnologiya protseslerin kemisleri ha`m olardin` kemshilikleri aniqlanadi bul bo`limshe o`z ishine to`mendegi bo`limshelerdi aladi:

"Uqsas o`nim yamasa tovarlardin` xarakteri" bunda o`z – ara bir – birine uqsas tovarlardi reklama qiliwda kankurentlerdin` o`z o`nim ha`m tovarlarina baratug`in bahalarin aniqlaw imkaniyatina iye boladi. Bul bolsa konkurenttin` kemis ha`m kemshiliklerin itibarg`a alg`an halda o`z o`nim ha`m tovarlardi reklama qiliw protseslerin jetilistiriwge, reklama negizlerin ha`m usillarin ku`sheyttiriwge bunin` menen reklama na`tiyjesine erisedi.

"Uqsas o`nim yamasa tovarlardin` bahalarinin` xarakteri"nde gu`zetiw soraw tutiniwshilar menen so`wlesiw na`tiyjesinde o`nim yamasa tovarlarg`a bolg`an talap ha`m usinistin` qay da`rejeligin, xaliqtin` tutiniw ha`m satip aliw qabiletin u`yreniw ha`m onin` ko`lemin aniqlaw imkanina iye bolinadi. Bul bolsa xaliq talabi ha`m usinisina a`ykes tu`rde o`nim ha`m tovarlar bahalarin asiriw (eger konkurenttin` o`nimlerine bolg`an bahalar pa`s bolsa) imkanin jaratadi. Soni aytip o`tiw kerek, bahani asiriw bahani asiriw tovardin` joqari sapalilig`in onin` jan`aliq ta`replerin itibarg`a alip a`melge asiriw maqsetke muwapiq ha`m ko`zlengen na`tiyjeni beredi.

"Marketing rejesi" bo`liminde ka`rxana, xojaliq xizmetinin` maqsetke muwapiq bag`darlang`an protsesleri ko`rinedi. Bunda islep shig`ariw protsesi, o`nimlerdi tutiniw bazarlarinda jaylastiriw ha`m satiw protseslerin quraw unamli reklamalardi sho`lkemlestiriw ha`m xaliq talabi ha`m olardin` isenimine erisiw siyaqli ma`seleler ken` jaritilg`an boladi.

Marketing rejesi bo`limi to`mendegi ma`selelerdi o`zine ja`mlestirgen bo`limshelerden quralg`an:

«Tovardin` tarqliw sxemasi» bo`limshesinde o`nimler yamasa tovarlardin` ko`rsetilip atirg`an xizmetlerdin` ha`m jumislardin` a`melge asiriw sxemalarin du`zip shig`iw ha`mde olardin` grafik ko`rinisleri sa`wlelenedi. Bul bolsa tovarlardin` tarqaliw shinjirindag`i en` potentsial ta`replerin ha`m ku`shsiz jerlerin aniqlawg`a, sonday – aq olarg`a tiykarg`i itibardi qaratiw lazimlig`in ko`rsetedi.

«O`nim ha`m tovarlardin` bahalari»bo`limshesinde o`nim ha`m tovarlarg`a belgilenetug`in bahalardin` jag`dayi ko`rsetiledi.Bahalardi asiriwda tek g`ana o`nim o`zine tu`ser bahasin kemeytiriw yamasa bahanin` bir-birine sa`ykeslew ushin artiqsha ha`reket qiliw lazim emes, al o`nim ha`m tovarlarg`a, ko`rsetilip atirg`an xizmetlerge bolg`an talaptin` artip bariwi menen talap ha`m usinis ortasindag`i ten`salmaqliqqa erisiw lazim. Na`tiyjede islep shig`ariw protsesslerin reformalastiriw sebepli artiqsha qa`rejetlerdi imkani barinsha kemeytiriwge erisiledi.

«Za`ru`r servis xizmetlerin quraw» bo`limshesinde, eger tovar texnik xizmet ko`rsetiw menen baylanisli bolsa, onda arnawli xizmet ko`rsetiw tarawlarinda ko`rsetilip atirg`an xizmetler klassifikatsiyalari u`yreniledi ha`m olardin` ekonomikaliq ko`rsetkishleri sa`wlelenedi. Biz analiz na`tiyjeleri tiykarinda xizmet ko`rsetiw tarawlari boyinsha kepillikli sha`rtnamalar tiykarinda tiyisli xizmet ko`rsetiw tarmaqlarin quraw, jergilikli ustaxanalardi yamasa xizmet ko`rsetiw arnawli servis-firmalarin payda etiw sha`ralari islep.

*«Reklama qurallarin ha`m usillarin jaratiw»* isenimli ha`m shirayli reklama – bul ha`rqanday ka`rxana yamasa sho`lkem xizmetinin` en` a`himiyetli ta`replerinen biri bolip esaplanadi. Sol sebepli usi bo`limshede, reklama jaratiwshi kadrlardi jallaw qa`rejetlerin, tan`lang`an ha`r bir reklama tu`rleri boyinsha sariplardin` ko`lemi ha`m uliwma reklama qa`rejetlerinin` ko`lemi esap-kitaplari sa`wlelenedi. Reklamanin` na`tiyjeli boliwi, ka`rxananin` abrayin ko`rsetiw ushin, amerikaliq isbilermenler aytip o`tkenindey, jan`a tovar ushin bazarda o`z abirayin qolg`a kirgiziw, qariydar menen baylanistin` quramali boliwi ushin barliq islep shig`ariwg`a ketkendey pul ha`m waqit sariplaw za`ru`r. Sol sebepli ka`rxana xizmetinin` jetiskenligi, reklama qilinip atirg`an o`nimler yamasa tovarlar reklamalarinin` haqiyqatlig`i, talapqa sa`ykesligin tuwri ha`m aniq tu`rde su`wretlewdi talap etedi. Bul a`lbette za`ru`r a`himiyetke iye bolip, potentsial qariydarlarg`a usinis etilip atirg`an tovarlar yamasa ko`rsetilip atirg`an xizmetlerdin` tek g`ana sapasi emes, al olar ja`rdeminde qariydar o`zinin` mashqalalarin qalay sheshe aliwi, mu`ta`jligin qandira aliwi haqqinda mag`liwmat beriletug`in jetiskenlikke erisetug`in, unamli reklamag`a erisedi.

*«Ja`miyet pikirin qa`liplestiriw»* bo`limshesi tovarlardi reklama qiliw qurallarinan biri bolip, onda gazeta-jurnal, radio, televidenie a`himiyetli rol` oynaydi. Sonin` ushin bul bo`limshede, bul tarawlarda beriletug`in reklama tu`rleri ha`m usillarina ayriqsha itibar berilip, ha`r bir stat`ya, reklama tekstleri kadrlar ta`repinen islep shig`iladi. Reklamanin` ha`r bir elementi ayriqsha aling`an halda, ha`r bir tin`lawshig`a tu`sinerli, aniq ha`m aydin tu`rde, ko`rkem, qisqa xa`m mazmunli ko`rsetilip beriliwi maqsetke muwapiq esaplanadi.

*«Islep shig`ariw rejesi»* bo`liminde, ka`rxanada islep shig`ariw protsessin quraw ha`m basqariw, islep shig`arilip atirg`an o`nimnin` ko`lemi, shiyki zat negizlerin tan`law,sha`rtnamalar du`ziw protsessin quraw, islep shig`ariw koorparatsiyasin ha`m potogin sho`lkemlestirgen sxemalarin du`ziw ma`seleleri jaratiladi.

Usi bo`lim to`mendegi bo`limshelerden turadi:

*«Islep shig`aratug`in o`nim ko`lemi»* bo`limshesinde, joqaridag`i bo`limlerde aytip o`tilgen materiallardi, yag`niy tu`rli regionlardag`i tovarlarg`a ha`m xizmetlerge bolg`an talapti aniqlang`annan son`, tu`rli ko`rsetilip atirg`an servis xizmetler rejelerin du`zipbolg`annan son` , o`nimler yamasa tovarlar haqqanda ja`ma`a`t pikirin qa`liplestirip bolip, ha`mde teren` analiz qilip bolg`annan son` islep shig`ariw ko`lemi rejelestiriledi.

*«Islep shig`ariwdi basqariw ha`m quraw strukturasi»* bo`ldimshesinde ka`rxana o`z xizmet ju`rgiziw jag`dayinan, ju`zege kelgen ha`diyse ha`m o`zinin` mu`ta`jliklerinen kelip shiqqan halda basqariw sistemalarin islep shig`adi. Bul xizmet strukturasi ka`rxana, jumisshi,

xizmetkerlerinin` qa`lew ha`m usinislarinan kelip shiqqan halda du`ziledi ha`m islep shig`ariw sistemalarinda o`z ko`rinisin tabadi.

*«Kadrlardi tan`law»* bo`limshesinde ka`rxana xizmet ko`rsetip atirg`an region, terretoriyada kadrlar ma`selesiqanday sheshilip atirg`anlig`i aniqlap alinadi.Sonday – aq, jumis ku`shin jallaw boyinsha agentliklerdin` bar joqlig`i, ma`mleket ba`ntlik fondlarinda registratsiya qilinip atirg`an kadrlardin` jag`dayi menen teren` tanisip bariladi.

*Jumis orni* (bar yamasa sho`lkemlestiriletug`in) bo`limshesinde aling`an bo`limlerde ko`rip shig`ilg`an biznes – rejege tiykarlang`an jag`dayda, og`an sa`ykes tu`rde sho`lkemlestiriledi. Umis orinlarin sho`lkemlestiriwge lizinginen ken` paydalaniw maqsetke muwapiq.

Lizing – mal-mu`lkti oni ijarag`a beriw maqsetinde satip aling`an qariz beriwshiden ijarag`a aliw. Lizingnin` eki: operativ (qisqa mu`ddetli) ha`m finansliq (uzaq mu`ddetli) turi bar.Finansliq lizing uzaq mu`ddet paydalanatug`in tovarlardi qarizg`a beriw tu`ri.

Bunnan tisqari qaytariliwshi dep atalatug`in lizing ushin sherik tabiw usilinan paydalaniw itibarg`a ilayiq. Shiyki zat negizleri, sha`rtnama sha`rtleri bo`limshesinde o`nim islep shig`ariw ushin za`ru`r shiyki zat resurslarin tabiw, tan`law ha`molar tiykarinda qolayli sha`rtnamalardi du`ziw lazim. Bul sha`rtnamani ka`rxana yuristi ta`repinen tastiyiqlaw ushin using`annan son` ra`smiylestiriw lazim.

Islep shig`ariw koorparatsiyasi bo`limshesinde, islep shig`arilip atirg`an basqa ka`rxanalar menen o`z-ara birgelikte jumis alip bariw maqsetke muwapiq. Birge islesiw tayar texnologiyalardin` litsenziyalarin satip aliw yamasa patentti ijarag`a aliw variantlari tu`rinde de boliwi mu`mkin.

Litsenziya – xojaliq xizmetinin`ayrim tu`rlerin, sol qatarda sirtqi sawda satiq jumislarin alip bariw ushin wa`killikli ma`mleket orgonlari ta`repinen beriletug`in ruxsatnama.

Patent – Xojaliq xizmetin ayrim tu`rleri boyinsha avtorliq huqiqlari, do`retiwshilik ha`mde isbilermenliktin` ayrim tarawlari boyinsha xizmet ju`rgiziwge wa`kil ma`mleket otgonlari ta`repinen beriletug`in ruxsatnama.

“Sho`lkemlesken du`zilis” bo`liminde, ka`rxanada jumisshi xizmtkerler sanin aniqlaw, olardi qa`niygelikleri boyinsha jaylastiriw, is haqi menen ta`miyinlew olardi sotsial qorg`aw ila`jlari islep shig`iladi. Bo`lim to`mendegi bo`limshelerden ibarat:

“Shtat boyinsha keste du`ziw ”bo`limshesinde, islep shig`ariw tarawin ju`rgize alatug`in, esap kitap jumislarin toliq a`melge asiratug`in ta`jiriybeli kadrlardi tan`lap olardi jumis penen ta`miyinlewdi jolg`a qoyiw rejesin puxta islep shig`iwdan ibarat.

“Is haqi da`rejesi” nde bolsa, ka`rxanag`a ta`jiriybeli xizmetkrlerdi aliwdi en` aldi menen olardi is haqilari menen toliq ha`m turaqli ta`miyinlewdi a`mlge asiriwdi jolg`a qoyiw za`ru`r. Bul kadrdi jumisqa bolg`an qizig`iwin arttiradi. Ka`rxananin` islep shig`ariw xizmeti dawaminda yamasa tayar o`nimlerdi satiw dawaminda qiyinshiliqlar payda boliw ku`tilip atirg`an waqitta sonday-aq aylanis qarjilarg`a mu`ta`jlik seziletug`in waqitlarda ka`rxanani aktsionerlik ja`miyetine aylandiriw arqali mashqalani sheshiw ta`rtiplerin islep shig`iw maqsetk muwapiq.

“Yuridikaliq reje ” bo`limshesi ka`rxanani xojaliq xizmeti dawaminda onin` statusin belgilep beriwi, xizmet da`rejesin aniqlap beriw ma`selelerin sheshiwge qaratilg`anlig`in ko`rsetedi.

Status (angl. status) jag`dayi, ka`rxana sho`lkemnin` yamasa shaxstin` huqiqiy halatin jag`dayin tu`sindiriwi.

Ka`rxana (firma) nin` statusi to`mendegi ta`rtipte belgileniwi mu`mkin. Eger ko`zde tutilg`an o`nim islep shig`ariw a`piwayi usilda, ko`p qarji ha`m qa`rejet talap qilmaytug`in bolsa

a`lbette, bunda jeke firma statusin yamasa individual (jeke ta`rtipte) miynet xizmtin ju`rgiziwdi belgilewi maqsetke muwapiq, . Eger islep shig`ariwdi rawajlandiriw ushin qarji talap qilinsa, onda juwapkerligi sheklengen ja`miyet statusin belgilew a`hmiyetli boladi. Eger islep shig`ariw ha`mme waqit rawajlanip, reformalasip barsa kapital qarjilardin` o`siwi turaqli tu`rde asip bariwi gu`zetilse,na`tiyjede ustav qarjilarinin` bunday o`sip bariwi ka`rxanani ashiq usildag`i aktsioner ja`miyetine aylandiriw maqsetk muwapiq boladi.

“Qamsizlandiriw xizmeti” bo`liminde, tiykarinan ka`rxanani tu`rli ekonomikaliq jag`daylardan, ta`biyiy apatlardan qorg`aw maqsetleri ushin arnawli ajiratpalari ajiratiw ta`rtibi islep shig`iladi.

Bo`lim to`mendegi bo`limshelerden quraladi.

“Islep shig`ariw ta`weklshilik da`rejesin aniqlaw” bo`limshesinde, islep shig`ariw dawaminda tu`rli ekonomikaliq qiyinshiliqlarg`a dus keliw tosinali, bankrotliqtan qorg`aniw sharalari aldinnan esap kitap qilip rejelestiredi.

“Qamsizlandiriw tu`rlerin tan`law” bo`limshesinde bolsa, joqarida aytip o`tilgen ta`weklshilikten qorg`aniw maqsetinde ka`rxana xizmetine sa`ykes keliwshi, maqsetke muwapiq qolayli qamsizlandiriw tu`ri belgilep alinadi. Og`an ajiratilip atirg`an qarjilar ha`mme waqit qadag`alap bariladi.

Bul bo`lim eki bo`limnen ibarat. Olarg`a:

“Finansliq plan” bo`liminde, islep shig`arilg`an o`nimlerdi keyingi jil ushin ko`zde tutilg`an jag`dayin aniqlaw, finansliq negizlerin belgilew ma`seleleri ko`rip shig`iladi.

Usi bo`lim to`mndegi bo`limshelerden ibarat:

“O`nimlerdi islep shig`iw ha`m satiw boyinsha keleshektegi ko`lemin aniqlaw” da 2 (2 bo`limshe) ha`m 5 (1 bo`limshe) bo`limlerinde ko`rsetilgen ko`rsetkishlerge tiykarlanip keyingi jil ushin ko`zde tutilg`an (rejeler) ko`lemi du`zip shig`iladi.

Finanslastiriw negizleri” bo`limshesi biznes rejenin` tiykarg`i ma`selelerden biri bolip da`slep xizmtin baslawshi isbilermn ushin sawda yamasa basqa banklerden alinatug`in kreditler ko`lemi itimalin aniqlaw onnan paydalaniw ushin ta`weklshilikke jol qoyilmaw faktorlari islep shig`iliwi kerek. Sonin` ushin baslawshi isbilermen ushin ma`mleket ta`repinen isbilermnlerdi qollap quwatlaw fondlarinan yamasa sog`an uqsas arnawli sho`lkmlestirilgen fondlardan paydalaniw maqsetke muwapiq bolip finansliq negizlerdin` a`hmiyetli bo`legi bolip esaplanadi.

“Resurslardan paydalaniw bag`darlari” bo`limi, ka`rxananin` islep shig`ariw qa`rejetlerin aniqlawg`a, olardi esapqa aliwg`a, tu`simler qa`rejetlerdi esap kitap etip bariwg`a qaratilg`an.

Bo`lim to`mndegi bo`limshelerden ibarat:

“Islep shig`ariw boyinsha qarejetler haqqindag`i mag`liwmatlar” bo`limshesinde islep shig`ariwdi payda etiw boyinsha qa`rejetler ha`m da`ramatlardin` finanasliq rejesin du`ziw za`ru`r a`hmiyetk iye. Misali: qa`rejetlerdi 04 schet “materialliq emes aktiv” ne o`tkeriw onnan keyin bolsa oni 05 schet “materialliq emes aktivlerdi toziwi” boyinsha ko`shirip jaziw arqali “Da`ramattan alinatug`in saliqlar haqqindag`i” nizamg`a ko`rsetilgenindey, ka`rxananin` saliq salinatug`in bazasin kemeytiriwge erisiw mu`mkin.

“Tu`simler ha`m pul qa`rejetleri balansi” nda, pul qarejetleri ha`m tu`simleri maqsetk muwapiq tu`rde shaxmat kestesi tu`rinde du`zilip, kestenin` gorizantali boyinsha qa`rejetler, vertikalinda bolsa ka`rxananin` da`ramatlari ko`rinedi.

Juwmaqlap aytqanda, joqarida ko`rsetilgen ta`rtipte isbilermenlik biznes rejesin maqsetke muwapiq tu`rde du`ziw ekonomikaliq o`nimdarliqti asiriwg`a islep shig`ariwdi turaqlilig`in ta`miyinlewge ha`m ka`rxananin` finansliq g`a`rezsizligine kepillik beriwge qatan` faktor bolip esaplanadi.

Bizneste ju`da` u`lken mug`darda informatsiya xizmet qiladi. Kishi biznes ha`m jeke isbilermenlik ko`leminde orinlanip atirg`an jumislardin` ha`r tu`rligine juwap beriwshi informatsiyanin` jeke massivleri qa`liplesedi.

Biznes jeterli ha`m aniq informatsiyasiz a`melge asiriliwi mu`mkin emes, bul informatsiyalar isbilermenlik xizmeti ushin za`ru`r bolg`an mag`liwmatlar, xabarlar jiynag`inan

ibarat boladi. Informatsiya – bul islep shig`ariwshilar, tovardi satiwshilar ha`m qariydarlar ortasindag`i baylanis formasi.

Isbilermen tiykarinan ha`r tu`rli informatsiyalar: statistikaliq, operativ, sho`lkemlesken, buyriqli, buxgalteriyaliq, finansliq, marketing, ta`miyinlew boyinsha, xizmetkerler boyinsha, mag`liwmatli h.t.b. menen isleydi.

Informatsiya kishi ka`rxana yamasa sawda sho`lkemi ishinde aylanip ju`redi. Ol ka`rxana xizmetin, onin` texnikaliq – ekonomikaliq ko`rsetkishlerin, materialliq ha`m miynet qa`rejetlerin, debitorliq ha`m kreditorliq qarizlari haqqindag`i mag`liwmatlardi sa`wlendiredi.

Sirtqi informatsiyalar o`nim islep shig`ariwshilar ha`m tutiniwshilar menen ha`kimiyat mekemeleri, bankler. Konkurentler ha`m basqa sho`lkemler menen baylanislardi tu`sindiredi. Ol tovarlardi satiw ha`m satip aliw sha`rtleri haqqindag`i sirtqi ortaliq xabarlarinan ibarat boladi.

Paydalaniwshi waqit boyinsha informatsiyalar: operativ, da`wirlik ha`m uzaq mu`ddetligi, o`zgertiw da`rejesi boyinsha birlemshi ha`m ekilemshige bo`linedi.

Bizneste ekonomikaliq informatsiyalar jetekshi rol` oynaydi. Sebebi, olar tovarlar islep shig`ariw, materialliq bayliqlardi bo`listiriw, almastiriw ha`m tutiniw protsessinde adamlar ortasindag`i qatnasiqlardi sa`wlelendiredi.

Kishi ka`rxanalar ushin ilimiy – texnikaliq rawajlaniw tiykarinda jetilistiwin ko`rsetedi.

Turaqli da`rejesin informatsiya turaqli, sha`rtli – turaqli ha`m o`zgertiwshi boladi. Turaqli informatsiya o`z ma`nisin uzaq waqit dawaminda o`zgertpeydi (qalalar, ka`rxanalar, sawda tochkalari atlari, tovarlar tu`rleri).

Sha`rtli – waqit informatsiyalar belgili waqit dawaminda o`z ma`nisisn saqlap qaladi, og`an o`nim tayarlaw ushin texnikaliq sha`rtler, normallar ha`m normativler, lawazim is haqilari h.t.b. kiredi.

O`zgertiw informatsiyalar satip aliw, satiwdi o`siwin sa`wlelendiredi. Olar qarar qabil etiw u matsiya hu`jjetlerde ko`rsetiledi. Hu`jjet – bul informatsiya tarqatiwshi. Ha`r bir hu`jjettin` waziypasi oni formasinda ko`rsetedi. Tek g`ana isbilermenler emes, al bul hu`jjetlerdi oqiwshi, paydalaniwshi, qayta islewshi ha`m saqlawshi adamlardin` miynet qa`rejetleri hu`jjetlerdin` formalarina baylanisli. Bizneste kereksiz hu`jjetlerdin` boliwi mu`mkin emes.

Informatsiya ag`imlari na`tiyjeli biznes ushin kerekli baylanislari ta`miyinleydi. Bunday baylanislar tovar islep shig`ariwshilar ha`m olardin` tutiniwshilari, o`nimlerdi satiwshilari, o`nimlerdi satiwshilar ha`m qariydarlar, tu`rli sho`lkem ortasinda za`ru`r.

Informatsiya derekleri ha`m qabil etiwshiler ortasinda en` saz baylanislardi ta`miyinlew biznes ha`m jeke isbilermenlikti na`tiyjeli jumislarin o`zgeris sha`rtlerinen biri boladi.

Informatsiyalardi almasiw kishi ha`m jeke isbilermenliktin` en` quramali mashqalalarinan biri boladi. Na`tiyjeli islep atirg`an isbilermen bul baylanis qiliwda na`tiyjeli adamlar. Olar baylanis qiliw protsessinin` ma`nisin tu`sinedi, awizeki ha`m jazba qatnasa aladi.

Baylanis qiliw protsessi – bul eki yamasa onnan artiq adamlar ortasinda informatsiya almaslaw protsessi. Baylanis qiliw protsessinin` tiykarg`i waziypasi, almasiw temasi bolg`an informatsiyani tu`siniwin ta`miyinlew. Biraq informatsiya almasiwin qatnasip atirg`an isbilermenlerdin` baylanislari na`tiyjeligine kepillik bermeydi.

Informatsiya almasiw protsessinde to`rt tiykarg`i element qatnasadi: jiberiwshi, xabar (informatsiyanin` o`zi), kanal – informatsiyani uzaytiwshi qural ha`m aliwshi. Bul tiykarg`i elementlerdin` jumisi aniq jolg`a qoyilg`an boliwi kerek, informatsiya buzilg`an bolmawi kerek.

Informatsiya almsiwi waqtinda eki ta`rep (satiwshi ha`m qariydar) a`hmiyetli rol` oynaydi. Eger satiwshi tovar bahasin aytsa, bul tek informatsiya almasiwinin` baslaniwi. Informatsiya almasiwi na`tiyjeli boliwi ushin, qariydar tovarlardi sol bahag`a satip aliwg`a razi ekenligin satiwshig`a xabar qiliwi kerek.

Eger bir ta`rep informatsiyani usinsa ha`m basqa ta`rep oni buzbastan qabil etken halda informatsiya almasiwi boladi. Sonin` ushin baylanis etiw protsessine diqqat penen itibar beriw kerek.

Baylanis qiliw texnikasi ha`r tu`rli. Biznestin` balanis qiliw texnikasinin` tu`rlerinen biri – komp`yuterlestiriw. Komp`yuterlestiriwdin` a`hmiyeti bazar qatnasiqlarina o`tiw,.

Isbilermenlerdin` du`n`ya bazarina shig`iwi, qatnasig`i menen salistirip bolmaytug`in halda o`spekte. Biznestin` du`n`ya ta`jiriybesinde komp`yuterlestiriw ku`ndelikli ha`m za`ru`r texnika bolip qalg`an. Komp`yuet ja`rdeminde biznes – rejeler du`ziledi, miynetke haqi to`lew a`melge asiriladi, bazar u`yreniledi, usaqlap ha`m ko`tere sawdalar u`yreniledi.

Informatsiyalar bizneste kishi ha`m jeke isbilermenlikte u`lken a`hmiyetke iye, qabil qilinip atirg`an qararlardin` deregi boladi.

Informatsiyalar jiynag`i biznes informatsiya sistemasin quraydi. Biznstin` informatsiya sistemasi o`z ishine kerekli informatsiyalar, hu`jjetler, biznes jumislari sistemasi, baylanis kanallari ha`m texnika qurallarin aliwshi, quramali informatsiya sistemasi.

Isbilermenler o`z jumis ku`nlerin kishi ha`m jeke ka`rxanalar, sawda tochkalari jumisi haqqindag`i mag`liwmatlar, o`nimlerge buyirtpalar ha`m ju`klep jiberiw haqqindag`i teleks esabatlari menen tanisiw, haqiyqiy ha`m rejeli ko`rsetkishlerinin` o`z ara qatnasiqlarin protsentlerinde qa`rejetlerinde u`yreniwden baslanadi.

Takrarlau ushin soraular.

1. Biznes rejeni duziudin zarrurligi nede?
2. Biznes reje kanday bolimlerden turadi?
3. Biznes rejeni duziudin jollari.

**3-Tema. Kishi biznesti finanslastiriu ha`m kredit penen ta`miynlew o`zgeshelikleri.**

**Mazmuni**

**Bazar ekonomikası jag`dayında ka`rxana na`tiyjeligin belgilewshi faktorlar.**
**Finans kapitalının axmiyeti xam duzilisi.**
**Kishi biznesti kredit penen tamiynleu formalari.**

Bazar ekonomikasi sha`rayatinda ma`mleket mu`lkin menshiklestiriw na`tiyjesinde, xojaliq ju`rgizip atirg`an sub`ektlerdin` tu`rli mu`lk iyeligindegi sho`lkemleskenlik-huqiqiy formalardin` qa`liplesiwi, tarmaqlardin` finansliq-xojaliq xizmetin basqariwda ha`m qadag`alawda buxgalteriya esabat mag`liwmatlarin ha`mde finansliq na`tiydelerin analizlew za`ru`r a`hmiyetke iye bolip kelmekte.

O`zbekstan Respublikasi territoriyasinda tu`rli mu`lk formalarinda xizmet ju`rgizip atirg`an tarmaqlar finansliq xizmetin analizlewdi jetilistiriw ha`m duris jurgiziwdi jolg`a qoyiw barisinda Finans Ministrligi ta`repinen tastiyiqlang`an (1995 jil 26 yanvar` № 5) ha`m a`dillik ministrliginde dizimnen o`tkerilgen (1995 jil 13 mart, № 130) ha`m 1995 jil 1 yanvardan baslap a`mel qilip atirg`an «O`nimler o`zine tu`ser bahasina kirgiziletug`in o`nim islep shig`ariw ha`m satiw (jumislar, xizmetler) boyinsha qa`rejetler tu`rleri haqqinda ha`m finansliq na`tiyjelerdi qa`liplestiriw ta`rtibi haqqinda»g`i Qag`iyda za`ru`r normativ hu`jjetlerden biri bolip esaplanadi.

Qag`iydada ko`rsetilgen qa`rejetler klassifikatsiyasi en` aldi menen qa`rejetlerdi duris ha`m toliq bildiriwge (esapqa aliwg`a) bag`darlang`an, sonday-aq, ka`rxanalardin` finansliq esabatlarin tayarlaw maqsetinde finansliq na`tiyjelerdi (payda yamasa kemislerdi) de duris ha`m aniq aniqlawg`a qaratilg`an.

Ka`rxanalar xizmetinin` finansliq na`tiyjelerin bildiriwshi paydanin` tiykarg`i ko`rsetkishleri to`mendegilerden ibarat:

a) o`nimlerdi satiwdan tu`sken jalpi payda (JP);

bul, realizatsiyadan tu`skentaza tu`sim (TT) ha`m satilg`an o`nimnin` o`zine tu`ser bahasi (O`B) ortasindag`i pariqtan ibarat, yag`niy:

JP = TT - O`B

b) tiykarg`i islep shig`ariw xizmetinen tu`sken payda (IShX);

bul, belgili da`wir ishinde o`nimler satiwdan tu`skenjalpi payda (JP) ha`m qa`rejetler (qa`rej) ortasindag`i pariq ha`m plyus yamasa basqa tiykarg`i xizmet tarawlari da`ramatlari (Da`r) yamasa kemisleri (Bkem) ayirmasinan ibarat, yag`niy:

IShX = JP - Qa`rej + B Da`r - B kem

v) uliwma xojaliq xizmetindegi payda (UXP);

bul, algebraliq belgiler jiynag`i tu`rinde belgilenedi: tiykarg`i xizmettegi payda (TXP) plyus dividentler (DD) ha`m protsentler (PD) boyinsha da`ramatlar plyus (yamasa minus) shet el valyutalari boyinsha operatsiyalarinan da`ramatlar (yamasa kemis) (+/– ShEV) plyus (yamasa minus) qimbat bahali qag`azlar investitsiyalarin qayta bahalawdag`i da`ramatlar

UXP = TXP + DD + PD +/– ShEV +/- QQQB – PQ

g) saliq to`lemlerine (yamasa kemisler) (+/– QQQB) minus protsentler boyinsha qa`rejetlerden (PQ) ibarat, yag`niy:

shekem bolg`an payda (SP);

bul ko`rsetkish te algebraliq belgiler jiynag`i tu`rinde belgilenip, uliwma xojaliq xizmetindegi payda (UXP) ha`m tosinalli (ko`zde tutilmag`an) payda ha`m kemisler (TPK) sal`dosinan ibarat, yag`niy:

SP = UXP +/– TPK

d) jilliq taza payda (JTP);

bul, barliq saliqlardi to`lepbolg`annan son` ka`rxana esabina qalatug`in da`ramat, yag`niy saliq to`lemlerine shekem bolg`an paydadan (SP), da`ramat yamasa payda salig`in (PS) ha`mde basqa saliqlar yamasa to`lemlerdi (BS) alip taslang`annan qalg`an bo`legi, yag`niy:

BTP = SP – PS – BS

Ka`rxanalardin` xojaliq xizmetin ju`rgiziw dawaminda kelip shig`atug`in qa`rejetler o`z qa`siyetlerine qaray to`mendegi klassifikatsiyag`a bo`linedi:

1) O`nimlerdin` islep shig`ariw o`zine tu`ser bahasi:

a) tuwri ha`m keri materialliq qa`rejetler;

b) tuwri ha`m keri miynet qa`rejetleri;

v) basqa tuwri ha`m keri qa`rejetler.

2) Belgili da`wirdegi qa`rejetler:

a) basqariw menen baylanisli qa`rejetler (administratsiya qa`rejetleri);

b) basqa protsessler menen baylanisli qa`rejetler ha`m kemisler.

3) Finansliq xizmet penen baylanisli qa`rejetler:

a) protsentler boyinsha qa`rejetler;

b) shet el valyutalar menen operatsiyalar menen baylanisli kurslardin` unamsiz parqi;

v) qimbat baxali qag`azlar boyinsha jumsalg`an qarjilardi qayta bahalaw;

g) finansliq xizmet penen baylanisli basqa qa`rejetler

4) Tosinalli kemisler.

Ka`rxanalardin` xojaliq xizmetin jurgiziw dawaminda kelip tu`setug`in da`ramatlar o`z qa`siyetlerine qaray to`mendegishe toparlanadi ha`m ol esabatlarda to`mendegi tiykarg`i bo`limler boyinsha ko`rsetiledi:

- realizatsiyadan tu`sken taza tu`simler;
- tiykarg`i xizmet tarawlarindag`i basqa da`ramatlar (operatsion da`ramatalr);
- finansliq xizmet tarawlarindag`i da`ramatlar;
- tosinalli da`ramatlar.

1. Realizatsiyadan tu`sken taza tu`simler - o`nimler (jumislar, xizmetler) di satiwdan tu`sken tu`simlerden, qosimsha qun salig`i, aktsizler, eksport salig`i (satip aliwshi ta`repinen beriletugin ayrim skidkalar yamasa tovarlardi qaytariw summasi bug`an kirgizilmeydi) ha`m basqa to`lem ha`mde ajiratpalarda alip taslang`annan qalg`an bo`legi siyaqli esaplanadi.

Ka`rxanalarda eksport xizmeti menen baylanisli operatsiyalardan tu`sken paytsda ha`m da`ramatlardi esaplaw, o`nimler (jumislar, xizmetler) di satiwdan tu`sken tu`simler ko`lemin aniqlaya ha`m esap – kitap isleri qadag`alang`an qag`iydadan belgilengen ta`rtipte a`melge asiriladi.

2. Tiykarg`i xizmet tarawlarindag`i basqa da`ramatlar (operatsion da`ramatlar) esabat bo`limindegi basqa «Basqa da`ramatlar ha`m tu`simler» stat`yasinda ko`rsetiledi.

Usi da`ramatlarg`a:

- xojaliq sha`rtnamalari sha`rtlerin buzg`ani ushin ha`r tu`rli sanktsiyalar, shtraflar, neustoykalar, peniyalar, sonday-aq keltirilgen ziyan ha`m kemislerdi qaplaw;
- esabat jilinda, o`tken jildag`i da`ramatlar ha`m paydalardin` esaplap tabilg`an summasi;
- o`nimler (jumislar, xizmetler) di satiw yamasa islep shig`ariw protsessleri menen baylanisi bolmag`an basqa da`ramatlar, yag`niy renta da`ramatlari, ja`rdemshi xizmet ko`rsetiw tarmaqlarinan tu`sken da`ramatlar, ka`rxana sistemasindag`i asxana ha`m kafeler esabinan kelip tu`setug`in tu`simler;
- tiykarg`i fondlar ha`m ka`rxananin` basqa mal-mu`lklerinin` xizmetinen kelip tu`setug`in finansliq da`ramatlar;
- to`lew mu`ddeti tolg`an kreditorliq qarizlarin ko`shirip jaziwdan tu`sken da`ramatlar.

3. Finansliq xizmet tarawlarindag`i da`ramatlar boyinsha bo`lim to`mendegilerdi o`z ishine aladi:

- royalti (litsenziya pitiminde ko`rsetilgen na`rseden paydalaniw huqiqi ushin satiwshig`a waqti – waqti menen pul o`tkerip turiw) kapitallarin toplaw;

- ka`rxana sistemasindag`i xizmet ko`rsetip atirg`an tarmaqlardin` qimbat bahali qag`azlarg`a qosqan u`leslerinen kelip tu`setug`in dividentler esabindag`i da`ramatlar;

- valyuta schetlari boyinsha kurslar pikirinin` unamli sal`dolari, sonday-aq shet el valyutalari boyinsha.

4. Tosinnanli payda yamasa da`ramatlar xojaliq xizmetin ju`rgiziw dawaminda ko`zde tutilmag`an ha`diyseler, waqiyalar, itibarg`a alinbag`an protsessler sebepli ju`zege keletug`in da`ramatlar bolip esaplanadi. Bularg`a, tiykarinan xizmet ju`rgiziw dawaminda da`liyllengen esabatlarda sa`wlelengen basqa da`ramatlar bo`limi stat`yasindag`i da`ramatlar kiritilmeydi.

Xojaliq xizmetin ju`rgiziw dawaminda o`z qa`rejetleri da`rejesin aniqlaw, ba`rha` tekserip turiw za`ru`r orin tutadi. Sebebi mu`lklik juwapkerlik, du`zilgen kontraktlar ha`m sha`rtnamalar tiykarinda kelip shig`atug`in o`z-ara kelispewshilikler yamasa jag`daylar mine usi mu`lkke bolg`an iyelik huqiqlari boyinsha kepillik beredi. Sol sebepli bul boyinsha Finans wa`zirligi (1996 jil 18 noyabrdegi 17-06/150-sanli ko`rsetpe) ha`m ma`mleket saliq komiteti ha`m wa`zirler sho`lkeminin` 1996 jil 1 oktyabrdegi №342 qararina muwapiq, xojaliq ju`rgiziwshi sub`ektler mulklik juwapkerlik boyinsha usinis qiliw mu`mkin bolg`an o`z da`ramatlarin bar ekenligin (sanin) tastiyqlawshi summalarg`a import kontraktlarin du`ziw huqiqina iye ekenligin bildirip o`tedi.

Mu`lklik juwapkerlik mu`lk formasina qaramastan, tek ka`rxanani o`z qarjilarina qoyiliwi mu`mkin. O`z qarjilardin` mmug`dari buxgalteriya balansi mag`liwmatlarina tiykarlanip aniqlanadi. Kontrakt esaplang`an ha`m import kontrakti du`zilgen ku`nge dawa mu`ddeti tamamlang`an debitorliq qarizlari, kreditorliq qarizlari ko`rsetpelerine tuwirlang`an (korrektirovka qiling`an) aqirg`i esabat da`wiri balansin mag`liwmatlari qollaniladi.

Mu`lk formalarina qaramastan xojaliq ju`rgiziwshi sub`ektler esabina bolg`an o`z qarjilari summasi to`mendegi formula ja`rdeminde aniqlanadi:

$$O`_{qa`r} = BV - (M + Ma`j.\, o`s - Ma`j.\, so`n) - Dd.\, Tam - Z$$

Bunda: $O`_{qa`r}$ - o`z qarojilari;

BV – balans valyutasi (balanstin` barliq summasi 360 kat. yamasa 780 kat);

M – uzaq mu`ddetli ha`m qisqa mu`ddetli minnetlemeler (balans passivin ekinshi ha`m u`shinshi bo`limleri – 520 kat. va 770 kat. summalari);

Ma`j. o`s – minnetlemelerdin` o`siwi – aqirg`i esabat da`wiri ushin balans mag`liwmatlari menen salistirg`anda kontrakt qol qoyilg`an ku`nge qariz aling`an ha`m qaratilg`an (kreditorliq qarizlari, zayomlar, kreditler h.t.b.) qarjilar;

Ma`j. san – kontraktqa qol qoyiw sa`nesi ha`m aqirg`i esabat da`wiri ushin balansti du`ziw sa`nesi ortasindag`i da`wir ushin so`ndirilgen minnetlemeler;

Dd.tam – dawa qiliw mu`ddeti tamamlang`an debitorliq qarizlari (O`zbekstan Respublikasi Puqaraliq Kodeksinin` 89, 97-stat`yalarina muwapiq, dawa qiliw mu`ddeti – 1 jil);

Z – ziyanlar (balanstin` 340 kat. + 350 kat.)

Orayliq Banktin` konvertatsiya mexanizmin jedellestiriw haqqindag`i tu`siniklerine ha`mde finans Ministrliginin` 1996 jil 21 noyabrindegi 04-01-04/427-sanli ko`rsetpesine muwapiq, belgilengen ta`rtipte qayta dizimnen o`tken sho`lkemler, ka`rxanalar ta`repinen tutiniw tovarlarin realizatsiya qiliwdan aling`an sum tu`simleri sha`rtnamaliq kurs boyinsha (Orayliq bank kursin 12% ten aspaytug`in marja ha`m Orayliq bank kursi) EAV (erkin almastiriwshi valyuta) g`a konvertatsiya qilinadi.

Sonin` menen marja summasi jalpi da`ramat ha`m payda (da`ramat) salig`in esaplaw waqtinda saliq salinatug`in bazadan shig`arip taslanadi.

Mu`lk formalarina qaramastan ka`rxana ha`m sho`lkemlerdin` finansliq xizmetinin` payda ha`m kemislerin bildiriwshi esabat formalari to`mendegilerden ibarat:

1. O`nimler (jumislar, xizmetler) di satiwdan tu`sken taza tu`simler – V1;

2. Satilg`an o`nimler (jumislar, xizmetler) din` o`zine tu`ser bahasi (balans stat`yalarin qayta bahalaw, ag`imdag`i bahalarg`a sa`ykes tu`rde qayta bahalanatug`in stat`yalardi qosiw menen) – B1;
3. O`nimler (jumislar, xizmetler) di satiwdag`i jalpi da`ramatlar yamasa kemisler;
4. O`nimlerdi satiw menen baylanisli qa`rejetler (balans stat`yalarin qayta bahalaw, ag`imdag`i bahalarg`a sa`ykes tu`rde qayta bahalanatug`in stat`yalardi qosiw menen) – B2;
5. Administratsiya qa`rejetleri (balans stat`yalarin qayta bahalaw, ag`imdag`i bahalarg`a sa`ykes tu`rde qayta bahalanatug`in stat`yalardi qosiw menen) – B2;
6. Basqa operatsion da`ramatlar ha`m tu`simler (tiykarg`i xizmet tarawlarindag`i) – V2;
7. Basqa operatsion qa`rejetler ha`m kemisler (tiykarg`i xizmet tarawlarindag`i) – B2;
8. Tiykarg`i xizmet tarawlarindag`i payda;
9. Aktsionerlik ka`rxanalari ha`m shu`ba (dochernix) kompaniyalarinan tu`sken dividentler – V3;
10. Basqa dividentler – V3;
11. Aktsionerlik ka`rxanalari ha`m shu`ba (dochernix) kompaniyalari ta`repinen qimbat bahali qag`azlar (obligatsiya, zayomlar) dan tu`sken protsentler – V3;
12. Basqa qimbat bahali qag`azlar (obligatsiya, zayomlar) dan tu`sken protsentler–V3;
13. Shet el valyutalari menen operatsiyalar menen baylanisli kurslardin` unamsiz parqi – B3/V3;
14. Qimbat bahali qag`azlarg`a sariplang`an qarjilardi qayta bahalaw na`tiyjeleri (payda yamasa kemis) – B3/V3;
15. Aktsionerlik ka`rxanalari ha`m shu`ba (dochernix) kompaniyalarinan aling`an zayomlarg`a to`lemler protsentleri – B3;
16. Basqa to`lengen protsetler – B3;
17. Turaqli xizmet tarawlari boyinsha payda yamasa kemis;
18. Tosinanli paydalar yamasa kemisler – B4/V4;
19. Payda yamasa da`ramatlarg`a saliq to`lemlerine shekem bolg`an payda yamasa kemisler;
20. Payda yamasa da`ramatlarg`a saliqlar;
21. Basqa, joqarida atap o`tilmegen stat`yalardan tisqari saliqlar;
22. Usi jildag`i taza payda yamasa kemisler.

Mu`lkshilik formalarinan biyg`a`rez isbilermenlik xizmeti menen shug`illanip atirg`an sho`lkemler, ka`rxanalar, islep shig`ariw birlespeleri ha`mde O`zbekstan Respublikasi nizamshilig`i boyinsha huqiqiy ta`rep esaplang`an ka`rxanalar Finans ministrliginin` 1996 jil 1 oktyabr` № 17-5-6/115- sanli ko`rsetpesine tiykarlanip jilliq buxgalteriya esabatin to`mendegi ko`lemde du`zedi:

1. Ka`rxana balansi – 1 forma.
2. Finansliq na`tiyjeler haqqinda esabat – 2 forma ha`m byudjetke to`lemler haqqindag`i mag`liwmatnama.
3. Ka`rxana balansina tu`sinik – 2a ha`m 5 formalari (5-formanin` birinshi bo`limi toltirilmaydi).

Jilliq buxgalteriya esabatin tapsiriwda Finans ministrliginin` 1993 jil 5 noyabrdegi 155-sanli buyrig`i, 27 noyabrdegi 76-sanli 1994 jil 24 oktyabrdegi 110 sanli ha`m 1996 jil 6 fevraldag`i 11-sanli ha`mde Ma`mleket saliq komitetinin` 96-13-sanli xatlari menen tastiyqlang`an «Jilliq ha`m shereklik buxgalteriya esabati formalarin toltiriw ta`rtibi haqqinda»g`i ko`rsetpe ha`m formalarinan paydalaniw usiniladi.

Kishi biznestin` isbilermenlik qurallarin kredit penen ta`miynlew – bul olarg`a finansliq pul yamasa tovar formasindag`i qurallardi belgili mu`ddetke xojaliq xizmetin a`melge asiriw ushin beriw.

Kredit penen ta`miynlewdin` to`mendegi tu`rleri bar:

- Xojaliq ju`rgiziwshi sub`ektlerge pul ssudalarin yamasa tovardi kapital orninda tuwridan-tuwri beriw formasi.
- Esap-kitap tu`rlerinen biri sipatinda kredit penen ta`miyinlew, yag`niy to`lem mu`ddeti uzaytirilg`anlig`i esabi menen.

Bul jerde «Kredit» tu`sinigi ken` ma`nige iye. Birinshiden: Kredit to`lew ha`m protsent to`lew sha`rti menen ssuda ko`rinisinde pul yamasa tovar formasinda boliwi mu`mkin. Yuridikaliq yamasa fizikaliq ta`repler qarizg`a qural beriwshiler – kreditorlar, aliwshilar – zayomchikler dep ataladi. Kredittin` tiykarg`i waziypasi pul qurallarin qaytarip beriw sha`rti menen ka`rxanalar, sho`lkemler, tarmaqlar ha`m respublikalar arasinda bo`listiriw ha`m waqitsha bos pul qarjilarin tejemli isletiwden ibarat. Kredittin` basqa waziypasi bul haqiyqiy pullardi kredit pullarg`a (banknotlar) ha`m kredit operatsiyalarina (baha pulsiz esap-kitapqa) almastiriwdan ibarat. Ekinshiden: Kredit o`zi ssuda kapitali ha`reketi formasinda sa`wlelenedi. Pul yamasa tovar formasindag`i ssuda qaytariliwi ha`m to`lemli sha`rti menen kreditor ha`m zayomchik arasindag`i ekonomikaliq qatnasiqti sa`wlelendiredi. Kishi bizneste kredit penen ta`miyinlew ken` formalardi ko`z aldin`a keltiredi, bul jerde to`mendegi kreditler isletiledi: sawda, bank, ma`mleket, tutiniwshi, xaliq araliq. Olardin` barlig`i kredit beriliw mu`ddetine qarap qisqa mu`ddetli (bir jilg`a shekem), orta mu`ddetli (bir jildan u`sh jilg`a shekem) ha`m uzaq mu`ddetli (u`sh jildan artiq) boliwi mu`mkin.

Sawda krediti – tovar formasinda (beriliwshi) satiwshilar ta`repinen qariydarlarg`a beriliwshi kredit bolip satilg`an tovardin` qunin arqaraq jilistiriwdan ibarat. Na`tiyjede esap-kitaplar veksel` yamasa ashiq esap penen a`melge asiriladi. Birinshi jag`dayda qariydar tovar hu`jjetlerin alg`aninan son` o`tkeriliw satiwshi ta`repinen qoyilg`an veksel`di (trattani) ko`rsetedi yamasa a`piwayi veksel` hu`jjetlestiriledi. Ekinshi jag`dayda satiwshi qariydardin` qariz minnetlemelerin almawdi ha`m qariz boyinsha esap ashadi, qarizdi u`ziw da`wirlik to`lemler sipatinda qisqa mu`ddetlerde (1-2 ay) a`melge asiriladi.

Sawda kreditine bolg`an za`ru`r kapitaldi isletiw ha`m aylanis waqtinin` bir-birine tuwri kelmewi na`tiyjesinde kelip shig`adi. Bul jerde tovardi kreditke satiw islep shig`ariw protsesstin` u`zliksizligine ja`rdemlesedi, kapitaldin` aylaniwinin` tezlesiwin ha`m paydanin` ko`beyiwin ta`miyinleydi. Usi formadag`i kredit a`dette qisqa mu`ddetli boladi.

Bank krediti isbilermen ha`m ka`rxanalarg`a pul ssudasi ko`rinisinde beriledi.

Bank ssudasi – bul ka`rxana sho`lkemlerdi, ayriqsha puqaralardin` waqitsha bos quralları bolip bank ta`repinen sha`rtnama tiykarinda olardin` razilig`i menen tartiladi ha`m ssuda fondi payda boladi. Kredit aliw ushin kredit aliwshi ha`m zayomchik ta`repinen kredit sha`rtnamasi du`ziledi, ol o`z ishine to`mendegilerdi aladi: kredit tu`ri, mug`dari, onin` beriliw ta`rtibi ha`m mu`ddeti, kredit beriw sha`rti, protsent to`leminin` mug`dari, ha`r eki ta`rep juwapkershiligi, kreditor ha`m zayomchikler haqqindag`i mag`liwmatlar.

Kishi biznes rawajlaniwi ushin Ma`mleket krediti ma`mleket byudjetinen en` za`ru`ri zamanago`y isbilermenlik planlarin a`melge asiriw boyinsha tastiyiqlang`an da`stu`rler tiykarinda beriledi. Tutiniwshi kredit – bul kredit formasinda qariz aliwshi sipatinda yuridikaliq ta`rep, qariz beriwshi sipatinda kredit mekemesi, ka`rxana ha`m sho`lkem shig`iwi mu`mkin. Bul kredit formasi xaliqtin` tutiniw talabin qandiriw qurali sipatinda xizmet qiladi ha`m pul yamasa tovar formasinda boliwi mu`mkin.

Xaliq araliq kredit – bul xaliq araliq ekonomikaliq qatnasiqlar tarawi bolip, ol tu`rli ma`mleketler kreditorlar ha`m qariz aliwshilari arasinda ssuda beriw, isletiw ha`m oni u`ziw boyinsha protsent to`lew menen a`melge asiriladi. Bul tu`rdegi kredit kishi biznesti rawajlandiriw ushin ma`mleketler araliq bankler ha`m firmalar ta`repinen xaliq araliq ja`rdem tu`rinde beriledi. Xaliq araliq kredit o`lshemi ha`m oni beriw sha`rti kredit beriwshi ha`m aliwshilar ortasindag`i kredit sha`rtnamasinda o`z ko`rinisin tabadi. Firma na`zerinde beriw ha`m ta`miyinlewde to`mendegi kreditler boliwi mu`mkin. Tovar, valyuta, ta`miyinlengen (tovar, sawda hu`jjetleri menen ha`m basqa qunlar menen) ta`miyinlengen (bank) kreditleri, qariz aliwshilari boyinsha kreditler jeke, ma`mleket ha`m finansliq boliwi mu`mkin. *Kredittin`*

*tiykarg`i sha`rti esap-kitap tu`ri bolip (to`lew mu`ddeti uzaytirilg`an esap) firma krediti, veksel` (esapli) ha`m faktorlarinin` esaplanadi.*

Firma krediti – bul kredit beriw formasinda mal beriwshi ha`m satiwshi to`lew mu`ddeti uzaytirilg`an kreditti qariydarg`a beredi. Bul siyaqli kredit formasinin` birden-bir misali o`nimdi tutiniwshig`a, avans beriwdi avans beriwshige sha`rtnamag`a qol qoyilg`annan son` o`tkeriledi. Veksel` krediti – bul veksel`di bank ta`repinen satip aliw veksel` iyesinen to`lew mu`ddeti kelmesten satip aliw, yag`niy veksel` iyesi bankten mu`ddetinen aldin veksel`di ko`rsetilgen pul mug`darin, sawda to`lemlerin, esap to`lemin ha`m basqa qa`rejetlerdi ayirg`annan keyingisin aladi. Faktoring – bul aylaniwshi qurallardi kredit penen ta`miyinlewde ortada turiwshinin` xizmeti tu`ri, ortada turiwshi kompaniya (bank) belgili to`lem ornina isbilermenler quraminan qariydarlardan onin` esabina alinatug`in pul qarjilarin aliw huqiqina iye boladi (debitorliq qarizin inkassag`a qoyiw huqiqi). Sonin` menen birge ortada turiwshi klienttin` aylaniwshi quralin kredit penen ta`miyinlewdi ha`m onin` kredit ha`m valyuta ta`wekelshiligin o`z moynina aladi, ortada turiwshi tovar satiwshinin` o`z-ara qatnasiqlari faktoring boyinsha sha`rtnama menen ta`rtipke salinadi.

Ashiq esap boyinsha kredit penen ta`miyinlew – bul satiwshinin` turaqli qariydarina ta`miyinletpesten ha`m tez protsent to`lemesten to`lem mu`ddeti uzaytirilg`an formadag`i krediti. Satiwshi qariydarg`a tovardi onin` adresine tovar bo`listiriw hu`jjetleri menen qariz mug`darin qariydar sha`rtnamada ko`rilgen mu`ddetlerde o`z qarzin ashiq esap boyinsha u`zip baradi.

Overdraft – qisqa mu`ddetli kreditlew formasi bolip bankler praktikasinda isletiledi. Ol Angliyada payda boldi. Overdrafttin` mazmuni sonnan ibarat, a`dette banktin` isenimli klientine belgili shegarada chekler menen qariz to`lew huqiqi beriledi. Bul siyaqli operatsiya na`tiyjesinde on` balans payda boladi, yag`niy debitorliq sal`dosi (klientinin` bankke qarzi).bank ha`m klient o`z-ara sha`rtnama du`zip, onda overdrafttin` en` u`lken mug`dari, kredit beriw sha`rti, oni qaytariw ta`rtibi ha`m overdraft ushin protsent mudari belgilenedi.

Ta`kirarlaw ushın sorawlar.

1. Payda degenimiz ne?
2. Payda normasi xam massasi kalayinsha aniklanadi?
3. Kredittin manisi, funktsiyalari xam kredit turleri.

3-Tema. Kishi biznesti rawajlandırıw bag`darların anıklaw.

Mazmunı.

1. Isbilermenlik ideyalarinin kaliplesiui xam kishi biznes bagdarlarin tanlau.
2. İsbilermenlik proektlerin texnikalık-ekonomikalık tiykarlau.
3. Finans penen tamiynleu dereklerin izleu.

Bazar ekonomikasina o`tiw sebepli ja`miyette jan`a finansliq siyasat islep shig`ildi ha`m hu`kimet ta`repinen real o`mirge a`melge asirilmaqti. Ja`miyettegi ha`r bir ekonomikaliq xizmettin` baslaniwi ma`mlekettin` jaqinnan turip bergen finansliq ja`rdemi sebepli rawajlanip, jedellesip bariwi mu`mkin. Solardan «Kishi ha`m jeke isbilermenlikti rawajlandiriwdi xoshametlew haqqinda»g`i 1995 jil 25 dekabrde qabil etilgen Nizamda kishi ha`m jeke isbilermenlikti qollap-quwatlawda banklerdin` rolin asirip bariwg`a ayriqsha itibar berilgen.

Kishi ha`m jeke isbilermenlik ka`rxanalarinvin` tiykarg`i xizmeti bankler menen baylanisli bolip, olar alip barip atirg`an xizmet shiyki zatti satip aliw, islep shig`arilg`an tovarlar, ko`rsetiletug`in xizmetlerge haq to`lew, is haqi menen islewshilerdi ta`miyinlew, tu`rli ka`rxanalar, firmalar, yuridikaliq ta`repler menen bolatug`in ekonomikaliq qatnasiqlar, yag`niy aling`an paydadan, da`ramattan saliq to`lew, transport, kommunal xizmetler ushin to`lemlerdin` barliq tu`rleri bankler arqali, o`z gezeginde alinatug`in kreditler ha`m basqa esap-kitaplar da bankler arqali a`melge asadi.

Ma`mleketimiz g`a`rezsizlikke erisemen degenshe bank ha`m bankler menen bolatug`in tu`rli ekonomikaliq qatnasiqlar onsha aship ko`rsetilmeytug`in edi. Du`n`ya xojalig`inin` za`ru`r xojaliq ju`rgiziw bo`legi bolg`an kishi ha`m jeke isbilermenlik ka`rxanalarinin` barliq xizmeti bankler menen baylanisqani bu`gingi ku`nde ha`mmege belgili bolip qaldi. Sonin` ushin da rawajlang`an ma`mleketlerde, misali, AQShta bank sistemasinin` xizmeti ju`da` rawajlang`an bolip, isbilermenlerdin` aktiv ekonomikaliq xizmet ko`rsetiwinde bankler barliq mu`lk formasindag`i ka`rxanalarg`a kompleks tu`rde xizmet ko`rsetedi.

Uliwma bank operatsiyalari passiv ha`m aktiv operatsiyalardan ibarat bolip, passiv operatsiyalar pul qarjilarin belgili bir bag`darg`a jumsawg`a qaratilg`an. Bankler passiv operatsiyalar arqali fondlardi ha`m waqitshaliq bos turg`an qarjilardi islep shig`ariwg`a jumsap payda aladi. Aktiv operatsiyalar tu`rli xarakterdegi kreditlerdi beriw operatsiyalari menen baylanisli bolip, to`mendegi elementler boyinsha bo`linedi:

1. Mu`ddetleri botsinsha kreditler 1 jilliq, 5 jilliq ha`m 7 – 10 jilg`i aralig`inda boliwi;
2. Kreditlerdin` ko`lemi boyinsha kishi, orta, iri mug`dardag`i ha`r bir klientke indevidual ha`m finansliq imkaniyatlarin esapqa alg`an halda a`melge asiriladi;
3. Ayrim tu`rleri boyinsha arnawli kepillikti talap qilmaytug`in, girew esesine berilmeytug`in kreditler;
4. Kreditlerdin` tu`rleri boyinsha yag`niy ma`mleket sawda, jeke ha`m basqa tu`rleri boyinsha beriw;
5. Zayomdi tu`rleri boyinsha yuredikaliq shaxslar ha`m basqariwg`a beriw;
6. Waqitshaliq paydalaniw ushin investitsiya, tutiniw ushin, qarizlardi to`lew tiykarlarinan eksport ha`m import operratsiyalarin orinlaw ushin beriletug`in kreditler.

**Ha`zirgi baza ekonomikasi sha`riyatinda mu`lk iyeliginin` kishi ha`m jeke isbilermenlik formasi ka`rxanalari o`z xizmetinde tu`rli bankler menen baylanista boladi. Bul protsess en` aldi menen aldin`g`ilardan pariq qilg`an halda bir qansha quramali esaplanadi, sebebi aldin`g`i protsessler tiykarinan ka`rxana arqali bank o`z xizmetin alip barg`ani menen xarakterlenedi. Isbilermenlik xizmeti qa`liplesiwi sebepli bankler jeke mu`lk iyeleri ha`m kishi ka`rxanalarda xizmeti menen baylanisli operatsiyalardi orinlawg`a o`z imkaniyatlarin jumsap baradi.**

Tu`rli mu`lkshilik sha`riyatinda respublikada kishi ha`m jeke isbilermenlikti qollap – quwatlaw haqqinda 1995 jil 14 fevraldag`i Ministrler sho`lkeminin` №55 qararinda O`zbekstan territoriyasindag`i barliq isbilermen bankler kishi ha`m jeke isbilermenlerge esap schetlarin 3 ku`n ishinde olardin` arzalari ha`m ha`kimiyatta dizimge aling`ani haqqindag`i guwaliqlari

tiykarinda basqa kereksiz hu`jjetlr talap qilmay aliniwlari haqqinda ko`rsetpe berilgen. Bul qarar arqali respublikada min`lap kishi ha`m jeke isbilermenlik ka`rxanalarin payda ettiriliwine imkaniyat jaratilip, bul tarawdag`i ka`rxanalar sani ku`nnen ku`nge ko`beyip barmaqta. Sonin` menen birge kishi ha`m jeke isbilermenler shet ellik mu`lk iyeleri, isbilermenler menen birgelikte xizmet alip baratug`in bolsa, ma`mleket valyuta operatsiyalarin alip bariwg`a ruxsat berdi. Respublika bankleri menen isbilermenler ortasinda bolatug`in sha`rtnamalar, tovarlar sawdasi, xizmetler boyinsha bolatug`in to`lemlerdi erkin konvertatsiyalastirilg`an valyutada a`melge asiriliwi mu`mkin.

Isbilermenlerdi bankler menen bolatug`in operatsiyalarinda tu`rlik erkinlikler qoyg`anin sonda ko`rinedi, jeke isbilermen o`z fondin O`zbekstannin` tu`rli banklerinde o`z esap schetlarinda saqlawi, kredit ha`m kassa operatsiyalarin orinlaw huqiqina iye bolip esaplanadi. Bankler menen isbilermenler ortasindag`i qatnasiqlardi a`mel qilip atirg`an nizamlarg`a ha`m sha`rtnamalarga tiykarlanip pul o`tkeriw joli menen esap – kitaplar alip bariliwi mu`mkin. Bankler isbilermen schetinda pul qarjilari qimbat baxali qag`azlar ha`m basqa za`ru`r a`hmiyetke iye bolg`an hu`jjetlerdi saqlawi menen kepillik beredi. Bankler isbilermenler ha`m klientler menen bolatug`in operatsiyalardi pul iyesi ta`repinen tapsiriw qag`azi bankke kelip tu`siwi menen12 – 13 saat dawaminda keyingi operatsiyalar orinlaniwi za`ru`r.

Mu`lk iyeleri esabina pul o`tkeriw qala ishinde 4 ku`n jumis ku`ninde, wa`liyat ishinde 5 jumis ku`ninde, respublika ishinde 10 jumis ku`ninde orinlaniwi lazim. Eger bul nizam sha`rtleri buzilsa klientke jilliq protsent mug`darinda bank shtraf to`leydi. Bank klientlerdin` arzasina qaray olarg`a tiyisli operatsiya orinlaydi. Bankler isbilermenlerdi Respublika Orayliq banki ta`repinen kirgizilgen o`zgerislerdi, qag`iydalardi a`sirese esaplar boyinsha naqlay pulsiz tu`rdegi operatsiyalar boyinsha o`zgerisler haqqinda isbilermenge xabarlaydi. Bank o`z waqtinda klientti keshigip o`tkergen operatsiyalari ushin puldi naduris perevod qilg`ani ushin bank ayipker sipatinda ha`r bir ku`ni ushin klientke o`tkerilip atirg`an summanin` 3% mug`darinda bank shtraf to`leydi. Isbilermen ta`repinen bankke naduris mag`liwmat berilgen bolsa (misali, pul o`tkeriw boyinsha klienttin` adresi naduris ko`rsetilgen bolsa) klientler 5000 som shtraf toleydi, eger sol jag`day ja`ne ta`kirarlansa xizmet ju`rgiziwi toqtatiladi.

Isbilermenler menen bank ortasindag`i kredit beriw boyinsha bolatug`in operatsiyalar eki ta`rep ortasinda imzalang`an sha`rtnama tiykarinda a`melge asiriladi. Operatsiyalardi na`tiyjeli orinlaw ushin ha`r bir isbilermen «Bankler ha`m bank xizmeti haqqinda»g`i Respublika nizamlarin teren` u`yrenip, og`an a`mel qiliw lazim.

Bazar ekonomikasinda isbilermenlik ka`rxanalarinin` o`miri ha`m ekonomikaliq xizmeti valyuta operatsiyalari menen baylanislilig`i belgili. Isbilermenlik ka`rxanalari sirtqi ekonomikaliq xizmetin a`melge asiriwda da milliy valyuta ha`mde shet el valyutasinda operatsiyalardi orinlawg`a tuwri keledi. A`sirese sirtqi sawda tuwridan-tuwri valyuta operatsiyalari menen baylanisli esaplanadi.

Valyuta operatsiyalari valyuta kursi boyinsha eki ta`rep valyutasi qatnasi salistirilip a`melge asiriladi. AQSh dollari valyuta kodirovkasinda baza sipatinda xaliq araliq maydanda qabil etilgen. Basqa ma`mleketler valyutasi kurs boyinsha AQSh dollarina salistirilip bariladi.

Dollar kursi turaqli bolmay, bul da o`zgerip turadi. Valyuta kursinin` o`zgerip turiwi ha`r ku`ni de boliwi mu`mkin. Sonin` ushin bankler kursti bank xizmet baslaw aqtindag`i yamasa jabiliwi waqtindag`i kurslar boyinsha esap-kiap jumislarin alip baradi. Valyuta kursinin` o`zgerip bariwi haqqinda ha`r ha`ptede gazetada keste berip bariladi. Bul informatsiya isbilermenlerdin` ekonomikaliq xizmetinde za`ru`r bolip esaplanadi. Valyuta operatsiyalarinda tiykarg`i orinda kredit, qimbat bahali qag`azlar, valyutani payda aliw maqsetinde satip aliw ha`m satiw siyaqlilar iyeleydi. Xojaliq ju`rgiziw protsessinde ha`zirgi kishi ha`m jeke mu`lk iyeleri valyuta esap-kitap schetina iye boliw huqiqin alip, erkin tu`rde valyutani satip aliwi da mu`mkin. Isbilermenler shet el firmalari ha`m isbilermenleri menen sawda qiliwi na`tiyjesinde valyutani erkin satip aliw huqiqina da iye.

**Uliwma bazar ekonomikasi du`n`yadag`i iri rawajlang`an ma`mleketlerdin` aylanistag`i valyutalarinin` ma`mleket ishki bazarinda ha`reket etiwi ushin huqiqiy imkaniyatlar jaratip beredi. Isbilermenler valyuta menen baylanisli bolg`an xizmetlerinen na`tiyjeli paydalanip, shet el valyutasina jan`a texnika ha`m zamanago`y texnologiya satip alip, islep shig`ariw ha`m xizmet ko`rsetiw ka`rxanalarinda xizmettin` sipatin asiriwg`a, islep shig`ariw tarawinda sipatli tovarlar islep shig`arip, aniq realizatsiyasinan u`lken payda aliw imkaniyatlarina iye boladi.**

Barliq mu`lk formalarinan biyg`a`rez ka`rxanalar O`zbekstan Respublikasinin` «Ka`rxanalar, birlespeler ha`m sho`lkemlerden alinatug`in saliqlar haqqinda»g`i Nizamg`a (1991 jil 15 fevral`) ha`m Ministrler Kabinetinin` «Xaliq tutiniwi mallarin islep shig`ariwdi xoshametlew maqsetinde saliq sistemasn bekkemlew haqqinda»g`i qararina (1994 jil 24 fevral` № 93) muwapiq ma`mleket ha`m jergilikli byudjetlerge to`lenetug`in saliqlar tu`rindegi da`ramatlar derekleri belgilep berilgen. Bul saliqlardi engiziwden ko`zlengen maqset ma`mleket sotsialliq kepilliklerinin` isbilermenlik xizmetin ta`rtipke saliwdan, ta`biyiy bayliqlardan tejep paydalaniwdi ha`m a`tirapti azada saqlawdi xoshametlewden ibarat.

Saliq saliw ob`ekti, ka`rxananin` esabat da`wirindegi jalpi da`ramadi bolip esaplanadi.

Saliq saliw bazasi bolip, saliq to`lewshi dep esaplang`an ka`rxanalarg`a saliq saliw maqsetlerinde materiallik ha`m og`an ten`lestirilgen basqa qa`rejetler, sonday-aq ma`jbu`riy to`lemler esaplanadi.

Isbilermen ka`rxanalardan esaplap shig`ilg`an saliq saliw bazasina muwapiq saliq stavkalari to`mendegi tu`rde belgilenedi:

1. mu`lkshiliktin` barliq formasindag`i ka`rxanalardin` da`ramatlarina 17 % payda salig`i to`lewshiler 36 % stavka boyinsha saliq salinadi;

2. videosalonlar, auktsionlar, kazinolar, pul utisi shig`atug`in oyin avtomatlari, ma`mleketke qarasli bolmag`an mekemeler o`tkeretug`in lotareya oyinlarinin` ha`m g`alaba kontsert-tamasha shoulari o`tkeriwden alinatug`in da`ramatlarg`a 60 % stavka boyinsha saliq salinadi;

3. shet el kapitalinin` u`lesi ustav fondinin` 30 % inen kemin qurag`an qospa ka`rxanalardin` da`ramatlarina ustav fondinda shet el kapitalinin` u`lesi 30 % ten ko`p bolg`an ka`rxanalardin`, sonday-aq, shet el ka`rxanalarinin`, olar filiallarinin` ha`m shu`ba ka`rxanalarinin` da`ramatlarina bolsa 10 % stavka boyinsha salinadi;

Ustav fondina shet el kapitali bolg`an qospa ka`rxanalar shet el qatnasiwshilarinin` da`ramatlari shet elge o`tkerilip atirg`anda, O`zbekstan Respublikasinin` xaliq araliq sha`rtnamalarinda basqa ta`rtip belgilenbegen bolsa, olarg`a 15 % ko`lemde saliq saliwi belgilengen.

4. ka`rxananin` aktsiyalar boyinsha aling`an dividentlerden tu`setug`in da`ramatina ha`mde basqa ka`rxanalardin` ustav fondina kirgizilgen kapitallardan aling`an basqa da`ramatlarina 15 % stavka boyinsha saliq saliw ta`rtipleri belgilengen;

*5.* Sawda ka`rxanalarinin` da`ramatlilik da`rejesine qaray jalpi da`ramattan bo`listirilgen stavkalar boyinsha saliq Ministrler Komitetinin` «Sawda ka`rxanalari ha`m sho`lkemlerine saliq saliwdag`i ayrim o`zgerisler haqqinda»g`i qararinda (1994 jil 16 mart № 138) ko`rsetilgen 1-kestege muwapiq engiziw jumislari belgilengen ha`m a`melde qollanilmaqta.

*2-keste*

Mu`lkshilik formasinan biyg`a`rez sawda ha`m uliwma awqatlaniw ka`rxanalarinin` jalpi da`ramatlarina bo`listirilgen saliq stavkalari

| Da`ramatliliq da`rejesi | Sawda ka`rxanalarinin` da`ramatliliq da`rejesi (jalpi da`ramatlardin` tovar aylanisina qatnasi) | Sawda ka`rxanalari boyinsha jalpi daramatqa saliq stavkalari, % esabinda jaylasqan, ornina qarap |
|---|---|---|

| | Ko `tere sawda | Usaql ap satiw | Uliwma awqatlaniw | Wala orinlarinda | Awil orinlarinda | Alis ha`m tawli rayonlarda |
|---|---|---|---|---|---|---|
| Kem bolg`anda | 17 | 16 | 39 | 17 | 16 | 14 |
| Artiq bolg`anda | 17 | 16 | 39 | 50* | 50* | 50* |

***** -stavka daramatliliqtan belgilengen da`rejelerinen artiq bolg`an da`ramatlarna qarap qollaniladi.

6. awil xojalig`i menen shug`illanatug`in diyqan-fermer xojaliqlarinin` paydasinan alinatug`in saliq to`lemlerinin` stavkalari olardin` rentabellik da`rejesine u`zliksiz baylanisli tu`rde belgilenedi. Xojaliqtin` rentabellik da`rejesi 25 % ke shekem bolsa 3 % ke, 25 % ha`m onnan artiq bolsa 20 % saliq stavkalari alinadi.

Respublika territoriyalarinda islep shig`arilip atirg`an ayrim aktsizli o`nimlerge aktsiz salig`i to`mendegi ta`rtipte qollaniladi:

*3 - keste*

O`zbekstan Respublikasi territoriyalarinda islep shig`arilip atirg`an aktsizli tovarlar boyinsha aktsiz stavkalarinin` mug`dari

| Tovarlardin` ati | Aktsizlerdi esapqa alg`an halda satiw boyinsha tovardi qunindag`i aktsizlerdin` stavkasi, %lerde |
|---|---|
| Araq | 65 |
| Ju`zim vinosi | 30 |
| Shampan` vinosi | 25 |
| Kon`yak | 50 |
| Vino materiallari* | 20 |
| Pivo | 20 |
| Zavod ishindegi aylanistag`i spirt penen birge aziq-awqat spirit | 20 |
| Fil`trli sigaretler | 40 |
| Fil`trsiz sigaretler, papiroslar | 25 |
| Gilemler ha`m mashinada islengen gilem o`nimleri (maydalap toqilg`an milliy gilem buyimlari, jip-gezleme buyimlarinan tisqari) | 5 |
| Zergerlik buyimlari | 10 |
| Gu`misten islengen asxana asbaplari | 10 |
| Neft` o`nimleri: | |
| - avtomobil` benzini A-72, A-76 | 38,3 |
| - benzin A-92 | 28 |
| - dizel` janilg`isi | 34,8 |
| Ta`biyiy gaz: | 53,7 |
| Neft` ha`m gaz kondensati: | |
| Uzneft`gazkazipaliw DXJ, Mu`ba`rekgaz GPU ushin | 55,4 |
| Karshineft` NPU, Shurtangaz GPU ushin | 53,8 |
| O`simlik (paxta) mayi | 46 |
| «Vostochnoe» mayi | 22 |

* -tayar vino islep shig`ariw ushin respublika ishindegi tutiniwshilarg`a vino materiallari jetkerip beriw aktsiz salig`ina tartilmaydi.

Aktsiz tovardi aktsiz salig`i summasin ha`m satiw bahasin aniqlawg`a tiyisli to`mendegi misaldi keltiremiz (tsifrlar sha`rtli):

(o`nim birligine)

1. Ka`rxananin` ko`tere bahasi — 40-00
2. Satiw bahasina aktsiz salig`i stavkasi (%) — 50
3. Satiw bahasi (aktsizdi esapqa alg`anda sumlarda):

   $\frac{\text{1qatar x}}{\text{100-2 qatar}}$ $\frac{4000}{50}$ — 80-00
4. Aktsiz salig`i summasi, sumlarda

   (3 qatar – 1 qatar), yamasa:

   $\frac{\text{3 qatar x 2 qatar}}{100}$ — 40-00

<u>Tu`sindirme</u>: Ka`rxananin` ko`tere bahasi to`lewshi ta`repinen g`a`rezsiz tu`rde O`zbekstan Respublikasi Finans Ministrligi ta`repinen 27 yanvar` 1995 jilda tastiyiqlang`an № 9 “Finansliq na`tiyjelerdin` qa`liplesiw ta`rtibi ha`m o`nim (jumis, xizmet) o`zine tu`ser bahasina kirgiziletug`in o`nimler (jumislar, xizmetler) di islep shig`ariw ha`m realizatsiya qiliw boyinsha qa`rejetler qurami haqqindag`i Nizam”g`a muwapiq, bolg`an barliq qa`rejetlerdi o`zine sa`wlelendirgen halda aniqlanadi..

Ka`rxana satiw bahasina aktsiz summalari da kiredi ha`m to`mendegi formula boyinsha aniqlanadi:

$$\text{Satiw (shig`ariw) bahasi} = \frac{\text{Ko`tere baha x 100}}{\text{100 – aktsiz}}$$

Byudjetke o`tkeriletug`in aktsizler summasi to`mendegi formula boyinsha aniqlanadi:

$$\text{Aktsiz summasi} = \frac{\text{Satıw bahası x aktsiz stavkası}}{100}$$

Aktsiz saliq to`lemleri boyinsha to`mendegi <u>jen`illikler</u> belgilengen.

Aktsiz saliqlari biykar etilgen tovarlar toparinda:

- mebel` komplektlerine;
- xrustal buyimlarina;
- farfordan tayarlang`an servizler ha`m komplektler;
- xolodil`nikler, televizorlar, termoslar;
- 1,5 litrli PTF shiyshelerdegi alkagolsiz ishimlikler;
- spirt nastoykalari ha`m ekstraktleri kiredi.

Sonday – aq, o`zi islep shig`arg`an o`nimlerdi shet ellerge jetkerip bergende, Qizil Yarim Ay ja`miyetinin` ka`rxanalari ha`m sho`lkemleri islep shig`aratug`in mallardan (bul qarjilar tolig`i menen ja`miyet ustav waziypalarin orinlawg`a isletilmewi sha`rti menen) aktsiz salig`i alinbaydi.

Neft` ha`m gaz kondensatlarin, gilem ha`m gilem mallarin, paxta mayina qosimsha dividentler ajiratiw esabinan differentsiyalasqan aktsiz stavkalari belgilengen ta`rtipte Ministrler Kabineti ta`repinen ko`rsetilgen halda engiziledi.

To`mendegi jag`daylarda aktsiz salig`i salinbaydi:

- O`zi islep shig`arg`an aktsizli tovarlardi eksportqa shig`ariw; G`MDA qatnasiwshilari bolg`an ma`mleketlerge jetkerilip berilip atirg`an aktsizli tovarlar bug`an kiredi;
- Tayar vino islep shig`ariw ushin respublika ishindegi tutiniwshilarg`a vino materiallarin jetkerip beriw;
- G`MDA qanasiwshilari bolg`an ma`mleketler menen birge, eksportqa ha`m sanaat qayta islewine o`simlik (paxta) mayin jetkerip beriw.

Tu`sindirme: 1. Respublika ishindegi sawda ha`m basqa sho`lkemler ta`repinen (joqarida ko`rsetilgen jag`daylardan tisqari) realizatsiya qilinatug`in vino materiallari aktsiz salig`i qollanilg`an jag`daylarda realizatsiya qilinadi.

2. O`simlik (paxta) mayina ha`m tutiniw idisinda islengen, tazalang`an (dezodorivannoe salatnoe) paxta mayina aktsiz salig`i qadaqlaw boyinsha qa`rejetlerdi esapqa almastan ko`tere bahadan kelip shiqqan jag`dayda esaplanadi.

Saliq summasin aniqlawda ha`m oni to`lewde aktsizlerdin` summasin saliq to`lewshi satilg`an tovarlar dizimi ha`m ko`lemi ha`mde sol tovarlar u`stinen belgilengen aktsiz stavkalarina qarap g`a`rezsiz halda belgilenedi.

Isbilermenlerdi ekonomikaliq xizmet ju`rgiziwinde, finansliq ha`m buxgalteriyaliq esap-kitaplarin duris a`melge asiriwinda auditorliq firmalarinda a`hmiyetli rol` oynaydi. Auditorliq firmalar bazar infrastrukturasinin` en` za`ru`r elementlerinen biri, olardin` mu`lkdarlar ha`m ma`mlekettin` mu`lk ma`plerin qorg`aw maqsetinde biyg`a`rez finansliq qag`iydalawdi a`melge asiradi.

O`zbekstanda audit O`zbekstan Respublikasinin` «Auditorliq xizmeti haqqinda»g`i Nizami tiykarinda a`melge asiriladi.

Audit – xojliq ju`rgiziwshi sub`ektlerdi g`a`rezsiz ekspertiza ha`m finansliq esabatin analiz etiwshi sho`lkem, buni sog`an wa`kil etilgen ta`repler – auditorlar (auditorliq firmalari) orinlaydi.

Audittin` tiykarg`i maqseti – finansliq ha`m xojaliq operatsiyalarinin` durislig`in ha`m olardin` O`zbekstan Respublikasi Nizamlig`ina ha`m basqa normativ hu`jjetlerine qa`nshelli sa`ykesligin aniqlawda bulardin` toliqlig`i, aniqlig`i, buxgalter esabi yamasa basqa finansliq esap ju`rgiziwge qosilip atirg`an talaplarg`a qa`nshelli sa`ykesligin aniqlawdan ibarat. Audit quraminda ja`ne konsalting, yag`niy klient penen sha`rtnama du`zip, xizmetler ko`rsetiw de kiredi**.**

Auditorliq xizmeti xojaliq ju`rgiziwshi sub`ektlerdin` xizmeti u`stinen arnawli wa`killik alg`an ma`mleket mekemelerinin` qadag`alawi ornin baspaydi.

Audittin` tiykarg`i «ha`reketleniwshi shaxsi» auditor ha`m auditorliq firmasi.

Auditor belgilengen ta`rtipte auditorliq xizmeti menen shug`illaniw huqiqin alg`an ha`mde auditorliq ka`sibi dizimine kiritilgen kadr.

Auditorliq firmasi – yuridikaliq ha`m fizikaliq shaxs ta`repinen du`zilip, belgilengen ta`rtipte dizimnen o`tken ustavina qaray usi firmag`a auditorliq xizmetin ko`rsetiw menen shug`illanatug`in sho`lkem.

Auditorliq firmalari kishi ka`rxanalar, juwapkershiligi sheklengen ja`miyetler ha`m basqa ka`rxanalardin` sho`lkemlestiriw huqiqiy formalarinda ashiliwi mu`mkin, ashiq tu`rdegi aktsionerlik ja`miyetleri bug`an kirmeydi.

To`mendegilerge auditorliq tekseriwin o`tkeriwge qadag`an:

- tekserilip atirg`an xojaliq ju`rgiziwshi sub`ekttin` basshilari ha`m basqa a`meldar shaxslar menen jaqin ag`ayin bolg`an shaxsqa;
- tekserilip atirg`an xojaliq ju`rgiziwshi sub`ektte jeke mu`lklik ma`pleri bolg`an shaxsqa;

- xojaliq ju`rgiziwshi sub`ekttin` basshilarina, mekemelerine yamasa mu`lkdarlarina;
- tekserilip atirg`an xojaliq ju`rgiziwshi sub`ekt yamasa onin` formalari xizmetkerine;
- ma`mleket ha`kimiyati ha`m basqariw mekemelerinin` a`meldar shaxslarina;
- kreditorlar, investorlar ha`m basqa ma`pdar shaxslar.

Auditorlar ha`m auditorliq firmalar ma`mleket du`ziminen o`tip, litsenziya alg`annan keyin xizmet baslaydi.

Auditorlar ha`m auditorliq firmalai nizamda belgilep qoyilg`an ta`rtipte O`zbekstan Respublikasinin` A`dillik ministrliginde ma`mleket diziminen o`tedi.

Auditorliq xizmeti menen shug`iwlaniw huqiqi ushin litsenziya ma`mleket diziminen o`tkennen keyin beriledi.

Olardi beriw ta`rtibin O`zbekstan Respublikasinin` Ministrler Kabineti belgileydi.

Auditorlar (auditorliq firmasi) to`mendegi huqiqlarg`a iye:

- xojaliq ju`rgiziwshi sub`ektinin` esabatin audit qiliw ha`m du`zilgen sha`rtnamag`a tiykarlanip konsalting xizmetin ko`rsetiw;
- O`zbekstan Respublikasinin` «auditorliq xizmeti haqqinda»g`i bul nizam, basqa nizamliq ha`m normativ hu`jjetler talaplarina muwapiq tekseriwdin` forma ha`m usillarin g`a`rezsiz belgilew;
- Tekserip atirg`an ob`ektti de, u`shinshi shaxslar qolinda da, bolg`an tekserip atirg`an xojaliq ju`rgiziwshi sub`ektlerdin` mu`lklik jag`dayi ha`m xizmetine tiyisli hu`jjetler menen tanisiw imkaniyati bar;
- o`tilip atirg`an tekseriw ha`m yamasa ko`rsetip atirg`an auditorliq xizmeti qatnasig`i menen tekserilip atirg`an xojaliq ju`rgiziwshi sub`ekt basshilarinan ha`m basqa xizmetxizmetlerinen sonday – aq u`shinshi shaxslardan awizeki yamasa jazba tu`rde za`ru`r tu`sinikler aliw'
- litsenziyadan ayiriw haqqinda qarar etilgeninen sudqa arza menen xabarlasiw.

Auditorliq (auditor firmasi) nin` waziypalsi:

- auditor tekseriw sipatli quramali o`tkeriw, tekseriwler o`tkeriw menen baylanisli basqa auditorliq xizmetin ko`rsetiw;
- tekserilip atirg`an xojaliq ju`rgiziwshi sub`ekt basqarmasina tekseriw waqtinda aniqlang`an nizamshiliqtin` buziliwi da`lilleri haqkinda mag`liwmat beriw;
- o`z waziypasin orinlaw waqtinda sir saqlaw. Klientke ziyan jetkeretug`in mag`liwmatlar tek sudtin` talabi menen ayan etiliwi mu`mkin;
- keshirimli sebepler bolmasa, o`z xizmetin toqtatpaw, oni aqirina jetkeriiw ha`m juwmaq shig`ariw;
- za`ru`r bolinp qalg`an jag`daylarda tekseriw na`tiyjelerin bildiriw ushin mu`lkdarlar (aktsionerler) uliwma jiynalisin shaqiriwdi talap qiliw;
- eger jumis ha`m juwmaqlarinda erkin ha`m ob`ektiv boliwdin` imkani bolmay qalsa, o`z xizmetin dawam etiwdi toqtatiw.

Auditorliq klient penen sha`rtnama du`zgen auditorliq firmasi xojaliq ju`rgiziwshi sub`ekt mu`lkdarlari menen kelisilgen halda tayinlanadi.

Xojaliq ju`rgiziwshi sub`ekt mu`lkdarlari qarari menen yamasa auditordin` tayinlang`an yuridikaliq shaxstin` qararina muwapiq auditor shig`arip aliniwi mu`mkin, auditor bul haqqinda aldiniraq jazba tu`rde, onin` xizmetinen sheshiw sebeplerin ko`rsetip xabardar etedi.

Tekseriw waqtinda yamasa buyirtpag`a muwapiq basqa jumislar bolip atirg`anda xizmetten bosasa, xojaliq ju`rgiziwshi mu`lkdar auditor xizmetine haq to`lewi sha`rt.

Tekseriw organi, prokuror, tergewshi ha`m sud tapsirmasi menen auditorliq tekseriw o`tkerilse, qa`rejetler tekserilip atirg`an xojaliq sub`ekti moynina tu`sedi, onin` qolinda jeterli qa`rejet bolmasa, tekseriwditayinlag`an organ moynina tu`sedi.

Eger xojaliq ju`rgiziwshi sub`ekt qolinda za`ru`r qa`rejet bolmasa tekseriw qa`rejetlerin to`lewden bas tartsa, prokuror auditor yamasa auditorliq firmasinin` mu`lklik ma`plerin qorg`aw tiyisli sudqa xabarlasiwi shart.

Xojaliq sub`ektinin` basshilari ha`m basqa a`meldar shaxslari auditordin` talabi menen to`mendegilerdi orinlawi sha`rt:

- finansliq – xojaliq xizmetine da`rriw hu`jjetlerdi beriw;
- awizeki yamasa jazba tu`rde za`ru`r tu`sinikler beriw;
- teksirilip atirg`an ob`ekttin` finansliq-xojaliq xizmetinin` sipati ekspertiza qiliw ushin basqa za`ru`r sha`rayatlardi jaratiw.

«Auditorliq xizmeti haqqinda»g`i nizam ha`m basqa nizam hu`jjetlerinin` qag`iydalarin auditorliq tekseriw waqtinda buzg`ani ushin auditor ha`m auditorliq firmasi juwapker boladi:

1) O`zbekstan Respublikasi nizamshilig`ina muwapiq mulklik ha`m administrativlik juwapkershilik;

2) Litsenziya huqiqin toqtatip qoyiw yamasa auditorliq xizmeti menen shug`illaniw huqiqin beretug`in litsenziyadan ayiriwg`a (litsenziya bergen organ qararina muwapiq) bolg`an jazalardi beriw.

Auditor xizmetin ta`rtipke salip turiw ushin nizamliqqa auditorlar palatasin ashiya nazerde tutilg`an.

O`zbekstandag`i ko`pshilik auditorliq firmalarin auditorlar o`zleri baslap du`zgen, biraq g`a`rezsiz audit o`tkeriw ushin olardin` sani jeterli emes. Bul mashqalani sheshiw ushin Ma`mleketlik mu`lk komiteti baslamasi menen 1996-jildin` may ayinda qimbatli qag`azlar bazari qatnasiwshilarina ma`sla`ha`t – auditorliq ha`m informatsiya xizmetin ko`rsetiw ushin arnawli agentlik – «Konsauditinfort» sholkemlestirildi.

Tez arada barlik karxanalar jumis ju`rgizetug`in bazar ekonomikasi sharayatlari tosattan qatti, ha`m ma`mleket ishindegi, ha`m shet el konkurent ka`rxanalari bar bolg`an bir waqitta na`tiyjeli, paydali ha`m xizmet jollari ha`m qurallarin duris belgilew qa`biletinin` a`hmiyeti asadi. Bul auditorlarg`a qosimsha waziypalar ju`kleydi. Olar ka`rxanalardin` finansliq ahwali ha`m onin` keyingi rawajlaniwi keleshegin duris bahalawi za`ru`r.

Soni aytip o`tiw kerek, dastu`riy tekseriw eski faktlar, turaqli da`rejede tez g`ana tariyx mu`lkine aylaniwshi bul waqiyalardi dizimge aliw ha`m de bahalaw menen sheklenedi. Audit bolsa, tek g`ana eski ha`m tap usi tu`rdegi jag`daydi bahalawi emes, al ka`rxananin` xojaliq xizmetine ha`m onin` na`tiyjelerine ta`gir korsetiwge iye kelesi ha`diyselerdi de aldinnan kore bilewi lazim. Ayriqsha faktlar boyinsha,olardi salistiriw ha`m u`yreniw tiykarinda xojaliq xizmetinin` rawajlaniwindag`i jedelliklerdi bilip aliw, ol yamasa bul o`nim, jumislar ha`m xizmetlerge talap ko`lemin, kelesi da`ramatlar ha`m qa`rejetlerdi, payda ha`m rentabellikti ta`miyinlew za`rur.

Ta`biyiy, bul auditordin` ta`jriybesine asirilg`an talaplar qoldi. Auditor prognos qila alaw paziyletine iye boliwi, bunda ol juda` bay ekonomikaliq – matematikaliq ha`m zamanagoy esaplaw texnikasinan paydalanip a`melge asirilatug`in xojaliq xizmetinin` ekonomikaliq analizi usilina tayaniwi kerek.

Endilikte qospa ka`rxanalardag`i audit, bank auditi, o`zi islep shig`ariwg`a iye bolg`an aktsionerlik ja`miyetlerinde islewshi audit, investitsiya fondlarinin` auditi ha`m qamsizlandiriw kompaniyalarinin` auditi qa`liplesti .

Basqa bazar sistemalari-birjalari, sawda-satip aliw firmalari, sonday-aq sawda xizmeti menen shug`illananiwshi ja`miyet sho`lkemlerinde shug`illanatug`in auditlardin` qa`niygelesip shig`iwi ku`n ta`rtibinde turipta.

A`lbette, auditorliq sho`lkeminde qandayda bir tarmaqta sawda xizmetinin` qa`siyetleri menen jaqsi tanis bolg`an, finansliq ahwaldi analiz qolap, tekserilip atirg`an ka`rxana ha`m mekemenin` esap-kitap hujjetleri bo`yinsha ta`jriybeli jumaq beriwge qa`biletli kadrlar bolmawi mu`mkin. So`l sebepli sho`lkemler a`dete o`z ku`shlerin o`zleri jumista ja`rdem beriwi mu`mkin bolg`an klient- ka`rxanalarg`a biriktiredi.

Ha`r qanday xizmet belgili da`rejede ha`m belgili ta`rtip-qag`iydalarg`a boysinip a`melge asiriliwi kerek.Audit standartlari autidorliq xizmeti dawaminda o`zinin` maqsetke muwapiqlig`i ha`m puxtalig`in tastiytiqlag`an ha`mde dun`enin` tu`rli ma`mleketlerindegi, juda` ko`p sanli auditorlardin` a`meliy is ta`jriybesinde pisken professional normalar ha`m qag`iydalardi o`z

ishine aladi.Bunda audit boyinsha jalg`iz standartlardi da`rriw ha`m toliq ko`leminde engiziw waziypasi ku`n ta`rtibine uliwma qoyilmaydi.Ha`r bir ma`mlekette konkret ekonomikaliq ha`m siyasiy sha`rayatlar, tu`rli da`stu`rler ha`m milliy o`zine ta`nlik bar, auditorliq xizmetin sho`lkemlestiriw waqtinda olar a`lbette esapqa aliniwi kerek. Auditin` xaliq araliq standartlari haqqindag`i ga`p-so`zlerge kelgende bolsa standartlardin` bunday ken` ko`lemi ha`m ha`r ta`repten qa`bil etilgen standartlar dizimi negizinen bar emes.

Barliq xaliq araliq standartlardi to`rt toparg`a bo`liw mu`mkin:

-Birinshi topar – ha`r qanday memleketlerde da`rriw, tolig`i menen qabil etiliwi mu`mkin bo`lg`an ;

- Ekinshi topar – maqullanip, kishkene o`zgerisler menen qabil etiliwi mu`mkin bo`lg`an ;

- Ushinshi topar – tek aniqliq kirgiziwge emes, al o`zinin` engiziliwi ushin tiyisli sha`riyatlardi (misali, bazar qatnasiqlarinin` ja`nede rawajlandiriliwin ha`m jedellestiriliwi payda etiwge mutaj bo`liwshi ;

- To`rtinshi topar – bul ma`mleketlerde onin` tariyxiy da`sturleri ha`m milliy ruwxiylig`ina qarap qabil etiliwi mu`mkin bo`lmag`an standartlardi o`zishine aladi.Auditorliq jumisinda, ol a`melge asirilatug`in ma`mleketten biyg`araz,to`mendegi ma`jbu`riy quram bo`limler bar bo`ladi:ol yamasa bo`lek xojaliq faktorlarin tekseriw, u`yreniw ha`m burislig`i yamasa maqsetke muwapiqlg`in tastiyiqlaw.Audittin` bul ha`mme ha`rketleri konkret waziypalardi sheshiw ushin en` kop da`rejede shidamli bolg`an pariqlaniwi basqa ga`p.Audittin` za`ru`r sha`rti esap – kitaptin` qollanilip atirg`an forma ha`m usillari tuwrilig`in tekseriw esaptag`i mal – mu`lk ha`m qarjilardi bahalaw, ol yamasa bul ma`mlekette ha`zirgi waqitta a`mel qilip atirg`an nizamlar ha`m normalarg`a esabatta salistiriwdan ibarat.

- Audittin` o`z standartlari haqqinda soni aytiw kerek, olar anin`, qisqa ha`m ashiq – aydin tu`sindiriliwi, a`melde orinlanatug`in ha`m ju`da` ken` tu`rde maqullanip, ta`jriybeli auditorlar ta`ripinen qollap – quwatlanatug`in boliwi kerek.

- Solay etip, audit standartlari en` aldi menen bul xizmet tu`rip otkeriwdin` ma`jburiy sha`rtleri tajriybe talaplari, tayarliq jumisi auditorliq tekseriw akti ha`mde auditorliq juwmag`in du`ziwde tiyisli boliwi kerek.

Takrarlau ushin soraular.

1. Kishi bizneste ideyalardin payda boliui.
2. Kishi xam jeke isbilermenlik karxanalarinin bankler menen alip baratugin xizmeti kalay amelge asiriladi?

## 4-Tema: İsbilermenlikti sholkemlestiriw huquqıy tiykarları.

**Mazmunı**

**Jeke isbilermenlik.**
**Aktsionerlik ja`miyetler, onın` tu`rleri ha`m du`ziliw printsipleri.**
**İsbilermenliktin sotsial-psixologiyalık axmiyeti.**

Ka`rxanani basqariwdin` na`tiyjeleri sistemasin payda etiw baslawshi isbilermen sheshiwi kerek bolg`an za`ru`r waziypalardan biri. Ol sho`lkemdi na`tiyjeli islewi ushin og`an qaysi qa`niygedegi kadrlar qanday ta`jiriybege, qanday jeke paziyletlerge iye bolg`an qansha adamdi birlestiriwi kerekligin aniqlap aliwi kerek. Ka`rxana u`lkeyip, onin` xizmet tarawlari ken`eyip bariwi menen aqilana sistemag`a bolg`an mu`ta`jlik ja`nede artadi. Ka`rxananin` jetiklik, ha`tte, gu`llep-jaynag`an basqishinda da sho`lkemlesken sistema adamnin` o`mirlik qa`biletin belgilewshi a`hmiyetin faktor bolip qaladi. Ka`rxananin` ba`seki gu`resine shidam beriw, o`z quwatin saqlap turiw yamasa asirip bariwi, onin` o`zgerip baratirg`an sha`rayatlarg`a iykemlesiw qa`biletine baylanisli boladi. Ka`rxana basqariwinin` sho`lkemlesken sistemasi – bul bo`limler, islewshiler ortasindag`i arnawli islep shig`arilg`an baylanislar ha`m qatnasiqlardin` uqsas sistemasin o`z ishine aladi, ha`m onin` ko`leminde islewshi adamlar aldina qoyilg`an maqseti en` na`tiyjeli jol menen erisiw waziypasin orinlaydi. Bul sistemanin` sho`lkemlesken waziypalari birinshi sistemada ko`rsetilgen.

Ka`rxana sistemasinda to`mendegi elementler ajratip ko`rsetiledi: basshiliq ha`m baylanis (gorizontal` ha`m vertikal`) buwinlar (bo`limler), da`rejeler (basqishlar).

Buwin (bo`lim) – bul sho`lkemleskenlik ta`repten ayriqsha g`a`ressiz basqariw sho`lkemi.

Bo`lim adamlar topari ta`repinen turaqli waziypanin` orinlaniwi onin` qa`liplesiwinin` tiykarg`i maqseti esaplanadi. Bo`limler ortasindag`i baylanislar gorizontal` tu`rge iye.

Basshiliq (basqariw) da`rejesin (basqishin) basqariw ierarxiyasinda belgili basqishti iyelegen bo`limler topari (yamasa bir bo`lim) sipatinda belgilew mu`mkin.

Basqishlar ortasindag`i baylanislar bul vertikal` boyinsha baylanisli. Olar to`mendegi da`rejelerden baslap joqari da`rejege erkin belgilengen ta`rtipte boysiniw tu`rine iye.




1-sizilma: Ka`rxana basqariw sistemasinin` sho`lkemlesken waziypalari.

Ha`r qanday, ha`tte kishi ka`rxanada, joqarida aytip o`tilgen u`sh sistema elementlerinin` ha`mmesi bar boladi. Isbilermen ol sho`lkemlestirgen ka`rxananin` mug`dari bolip, onin` isine basshiliq qiladi. Vertikal` boyinsha og`an onin` xizmetkerleri boysinadi.

Ka`rxananin` tu`rli waziypalarina (sho`lkem, marketing, buxgalteriya ha`m basqalar) orinlap atirg`an xizmetkerleri ortasinda gorizontal` baylanislar ornatiladi. Olar tuwridan – tuwri

boysiniw tu`rinde bolmaydi, biraq, ko`binshe ka`rxana tu`rli islep shig`ariw operatsiyalarinin` izbe-izligi ha`m o`z-ara baylanislig`in belgileydi. Basqariw birligi qag`iydasi basqariwshi sistema (basqariw organi, sho`lkem) ha`m basqarilatug`in sistema (islep shig`ariw) barlig`in an`latadi. Ha`r qanday kishi firmanin` basqariw ha`m basqarilatug`in sistemalari ortasinda tuwri ha`m keri baylanis a`melge asiriwi kerek. Basqariwshi sistema basqariliwshi sistemadan informatsiya aladi.

Basqariw organinda aling`an informatsiya tiykarinda qararlar qabil qilinadi.

Solayinsha basqariw tuwri ha`m keri baylanis tiykarinda a`melge asiriladi.

Boysiniw birligi to`mendegi ma`nini an`latadi:

1. Xizmetkerler topari o`zinin` u`stinen qoyilg`an bir basshig`a boysinadi;
2. Boysiniwshilar tu`rli basshilardan bir-birine tiyisli emes, baylanispag`an ko`rsetpeler almawi kerek.

Jergilikli basqariw sho`lkemleri, bul a`melde rayon (qala) ha`kimiyati, sho`lkemler, qadag`alaw organlari ta`repinen orinlanip atirg`an basqariw waziypalari. Jergilikli sho`lkemler basqariliwi «Jergilikli o`zin-o`zi basqariw haqqinda»g`i nizamg`a tiykarlanip a`melge asiriladi.

Baylanis sistemasi barliq basqariw organlari o`z waziypalarin bir-biri menen bekkem baylanista orinlaydi, degen ma`nisti an`latadi. Baylanisti jog`altiw, basqariwdi jog`altiw, degen ma`nisti bildiredi. Baylanislar tu`rli formada:

Siziqli (vertikal`), funktsional` (gorizontal`), tarmaqli, regionalliq boliwi mu`mkin.

Bag`darlang`anliq qag`iydasi ha`r bir ka`rxananin` belgili sirtqi infrastrukturalarg`a – (bankler, birjalar, finans sho`lkemleri) bag`dar aliwi ha`m sirtqi ortaliqtin` o`zgerip turg`an sha`rayatlarina iykemlese aliwi kerekligin bildiredi.

Jumisti bo`listiriw ka`rxanada jumislardi: kim ne ushin juwap beriwi, kim qadag`alaw yamasa naraziliq qiliw huqiqina iye ekenligin ha`m basqalarg`a qarap aniq pariqlawdi bildiredi. Bulardin` ha`mmesi xizmetkerlerdin` basqariw ma`selelerindegi g`a`rezsizligin asiradi. Ha`mmebapliq qag`iydasi bazar qatnasiqlari, ba`seki sha`rayatlarinda tek jasirin esaplanbag`an informatsiya menen erkin tanisiw imkaniyati beriliwi kerek, degen ma`nini bildiredi. Misali: a`tiraptin` pataslaniwi da`rejesi haqqindag`i, o`nim sipati haqqindag`i, texnika qa`wipsizligi haqqindag`i informatsiyalar solar qatarina kiredi.

Operatsiyalar u`stinen qadag`alaw orinlanip atirg`an barliq basqishlarinda qadag`alawdin` texnik qurallarinan paydalanip yamasa paydalanbay a`melge asiriliwi mu`mkin.

Rejelestiriw – basqariw protsesinin` da`slepki basqishlarinan biri bolip, ol maqsetti a`melge asiriw rawajlandiriwda bag`dardi belgilew demek. Ha`r qanday firma o`z xizmetin puxta ha`m jaqsi rejelestiriw kerek, sebebi, firmanin` aman qaliwi ha`m payda ko`riwi sog`an baylanisli boladi.

Ka`rxana basqariw sistemasin qa`liplestiriw protsessi 2-sizilmada ko`rsetilgen.

| Basqishlar | Mazmuni |
|---|---|
| Orinlanip atirg`an jumis xarakterin belgilew. | Waziypalardi qoyiw.<br>Qoyilg`an waziypalardi sheshiw ushin za`ru`r bolg`an jumislar ko`lemin belgilew. Paydasiz jumisti ha`m ayrim operatsiyalardi ta`kirarlawdi biykar etiw. Basqariw ha`m ta`kirarlawdi biykar etiw. Basqariw ha`m qadag`alaw sistemasi elementlerinin` o`z-ara birge islesiwi protsessin islep shig`iw, qararlar tu`rleri ha`m olardi qabil etiwde ol yamasa bul menedjerdin` qatnasiwi qa`siyetin, menedjer uliwma iske qosiwi kerek bolg`an bo`legin, belgilew, menedjer o`z-ara birge islesiw kerek bolg`an shaxslardin` qarar qabil qilip atirg`an basqa shaxslardin` menedjerge ko`rsetetug`in ta`sirin o`z ishine aladi. |
| Jumisti basqariwdin` | Normativlerdi belgilew ha`m modellerdi tastiyiqlaw.<br>Misali, ka`rxanani basqariwdin` ha`r qanday da`rejesinin` ha`r bir basshisi |

| | |
|---|---|
| ayriqsha elementleri ortasinda bo`listiriw. | ushin aniq lawazim ma`jbu`riyatlarin belgilew, qabil etiw.<br>Basqariwdin` ilimiy uslublari ko`lemindegi texnik usillar. Misali: jumis waqti miynetti sho`lkemlestiriw ha`m basqariw xizmetinin` basqa faktorlarin analizlew uslublarin engiziw. Ka`rxana ko`leminde islep atirg`an barliq shaxslardin` bekkem birge islesiwin ha`m aniq o`z-ara ha`reketti sho`lkemlestiriw. |
| Basqariwdin` logikaliq toparlarin du`ziw. | <u>Bo`limlerdi sho`lkemlestiriw.</u><br>Basqarilip atirg`an jumis tu`rine muwapiq basqariw elementlerin toparg`a bo`liw. Misali, abiroyg`a iye bolg`an basshilar a`tirapinda bo`limler du`ziw. |

Ka`rxana (firma) ishinde bo`limlerdi bo`listiriw belgili qag`iydalarg`a tiykarlaniwi kerek. Solardin` ishinde, ten` toparlarg`a bo`liw qag`iydasi xizmetkerler ta`jiriybe tayarlig`ina iye bolip, qoyilg`an maqsetke erisiw ushin ja`ne belgili mug`dardag`i adamlar za`ru`r bolg`an jag`daylarda qollaniladi.

Funktsional belgi boyinsha bo`liw qag`iydasi bolsa, islep shig`ariw boyinsha yexlar, marketing, kadrlar, finans ha`m basqa bo`limlerdi sho`lkemlestiriwdin` en` ken` tarqalg`an usili. Olar sani sho`lkem mu`ta`jliklerine baylanisli boladi.

Territoriyaliq belgi boyinsha bo`liw qag`iydasi ka`rxana o`z xizmetin tu`rli rayonlar territoriyasinda a`melge asirg`anda ko`birek qollanadi. Bul territoriyada ka`rxananin` barliq tu`rdegi operatsiyalardin` orinlaniwin, sonin` ishinde, satiw boyinsha jumislardi territoriyaliq orinlawshig`a tapsiriliwi mumkin.

Islep shig`arilip atirg`an o`nim tiykarinda bo`listiriw qag`iydasi islep shig`arilip atirg`an o`nim turin ko`beytip barip atirg`an, basqa sho`lkemlesken sistemani qollaw jumisin tek quramalastiriwi mu`mkin bolg`an iri ka`rxanalarda ken` tarqalg`an.

Tutiniwshilar ma`plerin esapqa alg`an halda bo`listiriw qag`iydasi, qariydar sheshiwshi faktor bolg`an tarmaqlarda onin` ma`pleri sho`lkemlesken sistemag`a ku`shli ta`sir ko`rsetedi. Sonin` ushin tutiniwshilar ma`pi jrqari qoyilg`an karxanalarda usi usil qollaniladi.

Iri ka`rxanalarda joqarida ko`setilgen qag`iydalardin` ayrimlarinan yamasa ha`mmesinen paydalaniladi. Sanap o`tilgen faktorlardin` ha`mmesine yamasa birewine a`hmiyet beriwine tiyisli usildi tan`lawda tiykar boladi.

Bo`limlerdin` basqariw sistemalarin qa`liplestiriwde to`mendegilerdi esapqa aliw za`ru`r:

Stratifikatsiyani, yag`niy, eger isbilermen o`z jumisin endi g`ana baslag`an bolsa, basqariwdin` qanday da`rejesin qollaw maqsetke muwapiq boliwin aniqlaw. Bunda bir yamasa, a`dette eki boysiniw da`rejesi bar boladi. Biraq, jumis ken`eyip bariwi menen, basqariw da`rejeleri sani asip baradi. Iri ka`rxanalarda basqariw basqishi 12 den 20 g`a shekem bolg`an basqishlardan ibarat boladi.

Ra`smiylestiriwdi, yag`niy, sho`lkemdegi basshiliq usilin ha`m xizmet protsessin adamlar arasindag`i qatnasiqlar qa`siyetin biliw. Egerde bul qatnasiqlar ko`plep qag`iydalar ha`m ko`rsetpeler menen tartipke salinsa, sho`lkem ra`smiy sholkem sipatinda qaraladi. Qag`iydalar qanshelli ko`p, basshiliq usili qu`anshelli byurokratliq bolsa, ka`rxana sistemasi sonshelli ra`smiy ha`m tarmaqli boliwi kerek.

Oraylastiriw yamasa oraylastirmawdi, yag`niy joqari basshiliq sheshiwi kerek bolg`an ma`seleler dizimi boyinsha qararlardi qabil qiliyai ha`m qararlardi jetkeriw ierarxiyasin biliw, oraylastirilg`an basshiliq usilin sho`lkemlestiriwde a`hmiyetli ha`m ekinshi darejeli ma`selelerdi basshinin` (basshilar toparinin`) o`zi sheshiwge umtiladi. Jumisti basshi o`z wa`killiklerinin` u`lken bo`legin basqariwdin` to`men da`rejesine beretug`in ha`m usi menen o`z xizmetleri do`retiwshilik potentsialin rawajlandiriwg`a ko`meklesetug`in tu`rde sholkemlestiriw en` alg`i ha`m natiyjeli dep tan alinadi.

Sho`lkemlesken sistemanin` quramaliq da`rejein biliw. Ka`rxanadag`i bo`limlerdin` tu`ri, mug`dari ha`m o`z – ara birge islesiwi, basshi xizmetkerler, jumisshi xizmetkerler sanini ha`m

basqlar basqariwdin` quramaliq da`rejesin belgilep beredi. Ka`rxananin` na`tiyjeli isleniwi ushin xizmetkerlerdin` waziypalari ha`m wa`killikleri, sonday – aq olardin` o`z – ara qatnasiqlari ta`rtibi belgilenedi.

Waziypalar ha`m wa`killiklerdi belgilew ha`m olardi sho`lkem ko`leminde tarqaliwdin` 3 usili bar:

Sho`lkemlesken sxemalar, kesteler du`ziw;

Qollanba (mag`liwmatlar) yamasa ko`rsetpe islep shig`iw;

Waziypalardi bo`listiriw.

Ka`rxananin` basshisi ha`m ha`r bir xizmetkeri o`z waziypalari, wa`killiklerin, basqa xizmetler menen birge islesiw ta`rtibin biliwi kerek

.Wa`killikler, huqiqlar, waziypalar ha`m juwapkershilik ta`repinen kishi biznes ka`rxanalari basqariw sistemalarinin` tomendegi sho`lkemlesken tu`rleri bar:

- siziqli;
- siziqli – funktsional;
- planlastirilatug`in ha`m matritsali;
- venchur ha`m firma ishki innovatsiali.

Basqariwdi siziqli sho`lkemlestiriw `uwridan tuwri lawazim waziypalarin usi ta`rizde bo`listiriw tiykarinda ko`riledi, bunda, ha`r bir xizmetker firma aldinda turg`an waziypalardi orinlawg`a en` ko`p da`rejede bag`darlang`an boladi. Siziqli sistema qol astindag`ilarg`a tuwridan tuwri ta`sir ko`rsetiwdi a`melge asiriwdi ha`m isbilermen basshida barliq basqariw waziypalarin birlestiriwdi na`zerde tutadi. Barliq wa`killikler tuwridan tuwri (siziqli) belgilenedi.

Olar joqari basqariw buwininan to`men basqariw buwinlarina qarap o`zgeredi.

Basqariwdin` siziqli sistemasi artiqmashiliqlari:

- isbilermen basshinin` jeke basshilig`i, bunda xizmetkerlerdin` jumis na`tiyjeleri ushin o`zi juwapkershiligi qag`iydasina qatan` a`mel qiladi;
- xizmetkerler o`z basshilarinan bir-birine keri ha`m o`z ara baylanisli bolmag`an ko`rsetpeler almaydi. Isbilermen o`z ha`reketleri menen toliq juwapkershilikti bir o`zi moynina aladi;
- qararlar qabil qiliwdin` operativligi;
- informatsiyani tu`siniw ha`m onnan paydalaniwdin` a`piwayilig`i;
- za`ru`r ta`rtiptin`, barlig`i basqariwdin` puxtalig`i ha`m kem qa`rejetligi ha`m olardi saqlap turiwdin` mu`mkinligi.

Siziqli sistemanin` kemshilikleri:

- iykemlesiwshen` emesligi, qattilig`i, ka`rxananin` bunnan keyingi o`siwge sa`ykes kelmewi;
- basqariw usilinin` byurokratliq, jalg`iz hu`kimranliqqa tiykarlang`an boliwi mumkinligi;
- isbilermen o`z isinde, a`lbette, joqari ta`jriybeli (profissional) boliwi ha`m barliq ma`selelerdi tu`siniwi, biliwi kerek, bul bolsa adamlardin` ko`pligi ha`m olar xarakteri ha`r tu`rli ekenligi menen ju`da` u`lken qiyinshiliqlar tuwdiradi.

A`melde siziqli sistema ha`m jeke tartipte iyelik qiliwda ha`m xizmetkerler sani kem bolg`an kishi ka`rxanalarda qollaniladi.

Basqariw sistemasin siziqli-funktsional sho`lkemlestiriw o`z isine de siziqli ha`m funktsional basqariw elementlerin jamlestiredi, yag`niy siziqli basqariw arnawli jardemshi xizmetler menen belgilenedi.

Bul sistemanin` kemshilikleri:

- siziqli ha`m funktsional xizmetkerler ortasindag`i kelispewshilikler;
- isbilermenge funktsional xizmetkerler jumisin muwapiqlastiriw qiyiniraw boladi.

A`melde basqariwdin` bul sistemalarinan kishi biznese isbilermenlik ken`eyip baratirg`an ha`m o`nim satiw kolemi ken`eyip baratirg`anda qollaniladi.

Planli ha`m matritsali basqariw sistemalari. Planli sistema arnawli plandi islep shig`iw ha`m og`an basshiliq qiliwda qollanadi. Matritsali yamasa kletkali sholkemlesken sistema tap sol sistemanin` jetilisiyai esaplanadi.

Planli sistema – bul anik waziypani sheshiw ushin sho`lkemlestiriletug`in waqitshaliq sho`lkem. Ol funktsional bo`lim ishinde sho`lkemlestiriledi. Bul plandi a`melge asiriw ushin toplang`an tu`rli tarawlarin joqari darejeli kadrlari onin` ag`zalari esaplanadi. Plan tamamlang`annan keyin topar tarqatilip jiberiledi. Kadrlardin` bir topari o`zinin` da`slepki jumis ornina ketedi, ekinshi bo`legi – yag`niy planlastiriwshi toparg`a o`tedi. Bul sistemanin` o`zine ta`n qa`siyeti sonnan ibarat, xizmetkerler bir waqittin` o`zinde eki basshig`a – plan basshisina ha`m bul topar ko`leminde islep atirg`an bo`lim basshisina boysinadi.Ko`p g`ana isbilermenlik firmalari bar itibar ha`m ku`sh-g`ayratin ayriqsha – za`ru`r jan`a texnologiyalar ha`m o`nimlerdi islep shig`ariw, yag`niy innovatsiya planlarin a`melge asiriw maqsedinde usinday sistemalardi quraydi.

Matritsali sistema planli sistemalarinin` rayaajlaniwi esaplanadi. Ol bo`listiriwdin` ekitu`ri: waziypalar boyinsha ha`m o`nim boyinsha bolistiriwdin` birigiwi. Matritsali sistemalar 50-60 – jillarda, AQSh tin` onsha u`lken bolmag`an aviasazliq firmalarinda payda bolg`an. Olar taza planli (a`dette qimbat turatug`in) sistemadan na`tiyjeli paydalaniw ushin islep shig`ilg`an.

«Jeneral Elektrik», «Shill Oyl» ha`m basqa korporatsiyalarda planli sistemani funktsional sistemag`a qosiw barisinda ta`jriybe o`tkeriledi. Solay etip aling`an sxema kletkalardan ibarat bolg`an matritsa (pantera) formasina iye bolip isbilermenlikfirmasinda bir waqittin` o`zinde to`rt o`nim jaratiw ha`m islep shig`ariw imkanin beredi. Ol topardin` ha`r birine ayriqsha basshi juwap beredi. Xizmetshilerdin` baprliq to`rt topari o`nimdi jaratiwdan baslap oni islep shig`ariw ha`m satiwg`a shekem bolg`an shinjirdag`i waziypalardi orinlaydi.

Matritsali usildin` artiqmashilig`i:

- firma xizmetinin` o`zgerip berip atirg`an ishki ha`m sirtqi sha`rtnama tez qatnas bildiriwi ha`m iykemlesiwine imkan beredi;
- tutiniwshi talaplari ha`m resurslari tejew za`ru`rligi ortasinda na`tiyjeli turaqliliqti jolg`a qoyiw imkanin beredi;
- kadrlar ortasinda tuwridan – tuwri baylanislardi qollap – quwatlaw za`ru`r informatsiya menen tuwridan – tuwrita`miyinlew imkanin beredi;
- bo`lim ishinde byurokratliq reformalardi ku`shsizlendiriw;
- funktsional sistemada qabil qiling`anina qaray minez – qulqinin` ja`ne de demokratsiyaliq normalari esabina miynetten ma`pdarliqti ku`sheytiredi ha`m miynetke qa`lew artadi.

Materiali sistemanin` kemshilikleri: sistemanin` quramlilig`i, basshilar wa`killiklerin aniq belgilemew na`tiyjesinde tu`rli naraziliq jag`daylardin` belgilemew na`tiyjesinde tu`rli naraziliq jag`daylardin` payda boliwi mu`mkinligi.

Shet el ma`mleketlerindegi isbilermenlik xizmetin analizlew na`tiyjelerinin` ko`rsetiwinshe, planli ha`m matritsali sistemadan to`mendegi sha`rtler payda bolg`aninda paydalaniw maqsetke muwapiq:

1) Islep shig`arilg`an plan kemnen – kem ha`m aktual (oni orinlawda bolsa itibarsiz bolg`anda bolmawi kerek);
2) O`nim tu`rli yamasa texnologiya tez – tez almasqanda.
3) Topardin` plan u`stinde islew waqti sheklengen boliwi kerek. Buyimdi toliq islep shig`ariw baslaniwi menen oni jetilistiriw barisinan jumislar a`piwayi funktsional bo`limlerde alip bariladi.
4) Mashqala topar ag`zalarinin` uliwma ku`sh – g`ayratlari esabina sheshiletug`in jag`daylarda.

Venchur ha`m innovatsiya sistemalari. Venchur ha`m innovatsiya sistemalari plani (da`stu`riy - maqsetli) sho`lkemlesken sistemanin` zamanago`y ko`rinisi esaplanadi. Bul eki at belgili da`rejede sinonim esaplanadi. Anchlichancha «ventuti» so`zi «ta`wekel is» degen ma`nisti bildiredi. A`dette, bizneste ta`wekel is innovatsiyalar, yag`niy jan`a texnologiyalar,

tovarlar yamasa xizmetlerdi islep shig`ariwdan ibarat. Bazar ekonomikasi rawajlang`an barliq ma`mleketlerde kishi bizneste sonday sistemalar sho`lkemlestiriledi. Izertlewlerdin` ko`rsetiwinshe, bul bazardin` tez o`zgerip atirg`an sha`rayatlarina tez qatnas bildiriwdin` en` keleshekli joli.

To`mendegiler sonday sistemalardin` xarakterli qa`siyetleri esaplanadi:

- Ta`wekelshilik biznesi, yag`niy isbilermen uliwma taza, aldin hesh kim islep shig`armag`an (innovatsiya) ob`ektin tan`laydi ha`m oni islep shig`ariwg`a o`z investitsiyasin, yamasa qarizg`a aling`an finans qarjilari menen ta`wekel qiladi. Isbilermen jetiskenlikke erisse, joqari yamasa ju`da` joqari payda aliwi mu`mkin;
- Pa`n menen baylanisli venchur firmasinda o`nimdi jaratiw ha`m islep shig`ariwg`a shekem jetkeriw u`lken firmalardin` funktsional bo`limlerindegiden bir qansha tez (to`rtten u`sh, ko`binese besten u`sh ese tez) a`melge asadi. Buni eki sebep penen tu`sindiriw mu`mkin: kishi ja`ma`a`ttin` jiynawi ha`m xizmettin` bir maqsetke bag`darlang`anlig`i, ha`mde, bunday sho`lkemlerdin` innovatsiya ob`ektin tan`lawg`a o`zine ta`n jandasiwi menen ko`rsetiledi. Venchur firmasinda, a`dette, tez na`tiyje beretug`in planlar islep shig`iladi. Ha`mme na`rse maqsetke muwapiqliliq ha`m ha`r tu`rli o`nimdi islep shig`ariwg`a boysindiriladi;
- Venchur firmasi yamasa kishi biznes bolg`aninan biznes du`n`yasinda u`lken tezlikke iye boladi. Ol g`a`rezsiz sho`lkem bolip, jumis sxemalari, usillarin tez o`zgertiw imkaniyatina iye;
- Isbilermen (mu`lkdar, basshi, menedjer)nin` jaqsi isley aliwi, tez pikirlewi, tirisqaqlig`i, ta`wekelshilikke umtiliwshilig`i siyaqli paziyletler ju`da` za`ru`r bolip, «venchur» atina tuwridan tuwri sa`ykes keledi.

Kishi bizneste na`tiyjeli ha`reket qilip atirg`an venchurlardin` na`tiyjesi so`nshelli joqari, u`lken firmalardin` basshilari ko`binese olardan partnerlardi izleydi, olar menen innovatsiya planlarin orinlaw ushin sha`rtnama buyirtpalar du`zedi. Ekinshi jol venchur toparlarinin` unamsiz ta`jriybesin u`yreniw ha`m firma ishinde tiyisli innovatsiya bo`limlerin sho`lkemlestiriw.

Innovatsiya (venchur) firmasi ishki bo`limleri tu`rleri isbilermenlikte innovatsiyalar qag`iydasina a`mel qiliw ba`seke gu`resinde firmanin` aman qaliwi ha`m onin` na`tiyjeli xizmet ko`rsetiwinin` za`ru`r sha`rti esaplanadi.

Iri isbilermenlik firmalarinda innovatsiya sistemalari bir qansha faktorla, islep shig`arilip atirg`an planlardin` a`hmiyetin, olardin` maqset, bag`darlari ha`m quramalilig`i, hu`jjetlestiriw da`rejesine baylanisli halda bir neshe tu`rge bo`linedi.

Jan`a o`nimdi jaratiw bo`limi. Bul negizinde, planli o`nim sistemasi. Bo`lim firma ushin strategiyaliq a`hmiyetke iye bolg`an jan`aliqti islep shig`iw ushin sho`lkemlestiredi. Ol tarawg`a sa`ykes bolg`an funktsional bo`limge tiyisli boladi. Biraq innovatsiya bo`limindegi jumislar bul bo`lim is rejesine qosilmaydi.

Tuwridan tuwri integratsiya. Bul en` za`ru`r a`hmiyetke iye bolg`an o`nimdi islep shig`iw demek. Sonin` menen birge, innovatsiya tiykarg`i islep shig`ariw xizmeti menen bekkem baylanista. Jumisti na`tiyjeli a`melge asiriw ushin onin` tiykarinda turatug`in texnologiya, konstruktorliq ha`m basqa xizmetler de kerek boladi. Solay etip, jan`aliqti islep shig`iw firmani basqariwdin` bar sistemasina integratsiyalanadi. Ta`biyiy, xizmettin` jan`a, do`retiwshilik tu`ri payda boliwi sho`lkemge qatti ta`sir ko`rsetedi, onin` ag`zalari minez qulqinda ol yamasa bul o`zgerislerdi keltirip shig`aradi.

Eger innovatsiya firma ushin ju`da` za`ru`r a`hmiyetke iye bolsa, biraq a`meldegi tiykarg`i islep shig`ariw menen uliwma baylanisli bolmasa, ol jag`dayda ka`rxana basqariwinda jan`a o`nimdi jaratiw menen shug`illaniwshi qa`niygelestirilgen bo`lim sho`lkemlestiriliwi ha`m onin` quralinda bazarg`a shig`iw u`lken payda keltiriwi mu`mkin. Jetiskenlikke erisilse, bunday bo`lim g`a`rezsiz bo`limge aylandiriladi.

Jan`a sistemalardi da`stu`riy funktsional ha`m basqa xizmetler menen baylanistiriw ushin firmada ko`binese baylanistiriw oraylari sho`lkemlestiriledi. Bul – ekspertlerdin` g`a`rezsiz toparlari bolip, olar, bir ta`repten, jaratilip atirg`an o`nim qa`siyetleri haqqinda, ekinshi

ta`repten, onin` mu`mkin bolg`an tutiniwshisi yamasa onin` paydalaniwshisi haqqndag`i informatsiyag`a iye boladi ha`m islep shig`ariwshi ha`m tutiniwshi ortasinda baylanis ornatiwg`a ja`rdem beredi.

Isbilermenlik firmasinda sonday etip onin` xizmeti na`tiyjeliligi ha`m ba`seke gu`resinde onin` ku`shin kepillikleytug`in muwapiqlastiriwshi venchur ha`m innovatsiya sistemalarinin` pu`tin bir tarmag`i a`mel qiladi.

Funktsional qatnasiqlar – bul sho`lkem ko`leminde ol yamasa bul waziypani orinlawg`a wa`killikli bolg`an kadrdin` basqa ag`zalari menen qatnasig`i. A`dette bunday islep shig`ariw missiyasi usinis ko`rinisinde boladi. Misali, kadrlar bo`limi baslig`i xizmetkerlerdi jumisqa qabil etiw, oqitiw ha`m sotsialliq ta`repten ta`miyinlew ma`selelerinde tsex baslig`i menen funktsional qatnasiqlar boladi. Buxgalter – pul menen ta`miyinlew, satiw, reklama ma`seleleri ha`m basqa ma`seleler boyinsha satiw bo`limi baslig`i menen funktsional qatnasiqlarda boliwi mu`mkin. Sonin` menen bir qatarda funktsional basshinin` o`zi de o`z siziqli sho`lkemi ko`leminde siziqli qatnasta boladi (misali, kadrlar bo`limi baslig`i o`z bo`limi xizmetkerlerine qarag`anda siziqli qatnasta boladi). Funktsional qatnasiqlardin` basqa tu`rine lateral dep atalg`an qatnasiqlar da kiredi. Ol anglichancha «Lateran» so`zinen aling`an bolip, «qaptal ta`reptegi» degen ma`nisti bildiredi. Lateral qatnasiqlar  funktsional qatnasiqlardin` bir turi esaplanadi. Olar 2 tu`rde boliwi mu`mkin.

Kollegnal – bir bo`lim xizmetkerleri ortasindag`i qatnasiqlar;

Parallel` – bul sho`lkemde birdey abroyg`a iye bolg`an, biraq tu`rli bo`limler ha`m bo`linbelerde islep atirg`an xizmetshiler ortasindag`i informatsiya, ideyalar, pikirlerdi almaslaw za`ru`rligi menen payda bolatug`in qatnasiqlar.

Bunda bir neshe bo`lim (xizmetler) basshilari ortasindag`i qatnasiqlar ayqin misal bolip xizmet qiladi. Ja`ne bir misal sipatinda bir ka`siptegi, biraq jag`day talap etip tu`rli bo`limlerde islep atirg`an kadrlar ortasindag`i jumis boyinsha qatnisiqlar yamasa olar xizmetkerleri ortasinda informatsiya almastiriw qatnasiqlarin keltiriw mu`mkin.

Bul qatnasiqlardin` maqseti informatsiyalardi optimallastiriwdan ibarat. Biraq, soni aytiw kerek. Parallel qatnaslar ha`mme waqit ta kemshiliksiz ha`m o`z-ara ma`pli bolabermeydi. Olar ko`leminde qarama-qarsi jag`daylardin` payda boliw jag`daylari kem emes (misali, sirli informatsiyalardin` ashiliwi, ha`kimiyat konkurentsiyasi).

Basqariw apparati qatnasiqlari. Qatnasiqlardin` bul tu`ri ol yamasa bul adamlardin` huqiq ha`m wa`killiklerin belgilegende juz beredi. Bunda, lawazim ma`jburiyatlari usinislar, ma`sla`ha`tler beriwden ibarat boladi.

Misali, ka`rxanada jan`a xizmetkerlerdi jumisqa qabil etiw ma`seleleri menen shug`illanatug`in arnawli topar du`ziliwi mu`mkin. Bug`an, xizmetkerler bo`limi wa`kili, bos orinlar bar bolg`an bo`limlerdin` basshilari yamasa basshi orinbasarlari kiredi. Bunda, topar lawazimg`a talaban menen so`ylesiw, test sinawinan o`tkeriwdi a`melge asiradi ha`m sonnan keyin, bul adamdi jumisqa qabil etiw (yamasa jumisqa almaw) haqqinda juwmaq xarakteristika beredi.

Qatnasiqlardin` to`rtinshi tu`ri ta`repler araliq qatnasiqlar. Bunday qatnasiqlar – ja`miyet ag`zalari ortasinda basqarip bolmaytug`in ra`wishte – sho`lkemde qabil etilgen qag`iydalar, ko`rsetpeler, adamlardin` xizmet atag`ina qaramastan payda boladi. Bunday qatnasiqlar o`z-ara unaw ha`m unamaw, jan`aliq, dosliq, hurmet ha`m bunin` kerisine tiykarlaniwi mu`mkin. Bo`limde hu`jjetlestirilmegen aldag`i, a`hmiyetli oring`a iye bolmag`an, biraq, sonday xarakter belgilerine iye bolg`an adam boliwi mu`mkin, bul belgiler basqa adamlardi onin` pikirin tin`lawdi yamasa qararlarina boysiniwg`a ma`jbu`r etedi. Ha`r qanday, ha`tte en` kishi ka`rxanada da hu`jjetlestirilgen sistema menen birge hu`jjetlestirilmegen sistema payda boladi ha`m rawajlanadi. Bunda, tu`rli ta`repler araliq qatnasiqlardin` birigip ketiwi juz beredi. Hu`jjetlestirilmegen baylanislardin` jiyindisi ja`miyettegi mikropogodani belgileydi, bul ko`p ta`repten miynet o`nimdarlig`ina ta`sir ko`rsetedi. Eger mikropogoda unamli, birgelikte bolsa, demek, bo`lim de u`lken na`tiyje menen isleydi, kerisinshe bolsa, onin` is qa`biliyeti keskin

to`menleydi. Ja`ma`a`t ishinde ta`repler araliq qatnasiqlar mashqalasi menen, ko`binese kishi ka`rxana basshisinin` o`zi shug`illaniwg`a tuwri keledi.

Takrarlau ushin soraular.

1. Kishi biznes xam jeke isbilermenlikti rauajlandiriudin tiykargi bagdarlari.
2. Kishi biznes xam jeke isbilermenlikti rauajlandiriuda mamleket tarepinen islenip atirgan ilajlar.
3. Aktsionerlik jamiyetler degenimiz ne?
4. Aktsionerlik jamiyetlerdin kanday turleri bar?

## 4.1-Tema: Isbilermenlerdin minez-kulik kagiydalari mazmuni.

Mazmuni:

1. Biznes xam isbilermenlik etikasi. Isbilermennin jeke kasiyetleri.
2. Klientler menen katnasiklari, kabarlardi toplau xam saklau.
3. Kommertsiyalik sir.

Biznesmennin axmiyetli paziyletlerinen biri juuapkershilikti oz moynina alip, tauekelge tayar turiudan ibarat. Tauekelshilik - oylamay islengen is emes, balki ogan katan turdegi esap-sanak zarur. Tauekelshilikti aniklau bul jagdaydi aldinan kore biliu, analizleu xam rni kol astindagi xizmetkerlerge tusindiriu. Isbilermen jokari tajiriybeli xam unamli paziyletlerge iye boliui kerek. Kop isleui, ulken fizikalik juklemeni kotere biliui, xam buni apiuayi jagday dep esaplaui kerek.

Oz sozinde turiui, xadallik xam sheshimdi aklaui isbilermennin en tiykargi paziyleti. Ozine tapsirilgan uaziypani yaki bireudin iltimasin darxal orinlau mumkinshiligi bolmagan jagdayda oylanip koremen dep aytkan makul. Isbilermen oz biznesin xar tarepleme teren uyreniui xam ogan ayriksha itibar beriui kerek.

Xar tarepleme natiyjeli shartnama duze biliu shakkan biznesmennin jane bir unamli paziyleti . Xar kanday jaksi isbilermenlik paziyletlerine iye bolgan adamlar jaksi isbilermen boliui mumkin. Insannin isbilermenlik kabiletin tekseriu ushin tomendegi soraularga juuap aliu maksetke muuapik.

1. isbilermen jeterli darejede aktiv xam sholkemlestiriushi, baskariu ukibina iye me?
2. tosattan kelip shikkan baxitsizliklardin aldin aliu kerek pe?
3. oz kemshiliklerin utislarga aylandira alama?
4. barligin jogaltip jane basinan baslay aladi ma?
5. turakli xam ayirim jagdaydagi kizigiushiliklarinan oz biznesinen paydalaniu mumkin be?
6. bir tarepleme xam ashik kasiyetlerge iye me?

7. kuramali mashkalalardi sheshiuge tayar boladi ma?
8. sauda etiudi biledi me?
9. maksetlerge erise aladi ma?

Soylesiuler alip bariudan aldin ushirasin yaki telefon, pochta xam faks arkali baylanisin. Teren oylap alin, ne xakkinda xam kalay soylesiu kerek?

Soylesiulerden aldin ozinizdi bir neshe jagdaylarda koz aldinizga keltirin xam unamli juuap aliu ushin umit etin. Maselen biz siz benen shartnama duziudi kaleymiz.Sebebi sizin firmanizdi biz juda jaksi dep esaplaymiz.Eger siz razi bolsaniz men ozim baklap baraman, ilaji barinsha, sizge jaksi xizmet korsetemen.Soylesiu paytinda anik, jaksi boliuga xareket etin.Eger zarur bolsa, keyingi ushirasiuga mirat etin. Shartnama duziuge kolayli ortalik payda etin xam oylap korin.Esinizde saklan: soylesiudi natiyjeli alip bariu ushin akilinizda yaki kagazda xarekettin bir neshe variantlari bolsin.Sonin ushin soylesiu maksetin, usinisinizdi xam mashkalani sheshiu jollarin aldinnan oylap koyin. Sheriginizdin argumentlerin aldinnan koriu xam kushsiz tareplerin tabiuga xareket kilin. Majburiy sheshim kabil etiu jagdayin xam onin natiyjelerin oylap korin.

Soylesiuler alip bariu tartibin tomendegishe tanlan: salemlesiu, masele menen tanistiriu xam ogan kirisiu, mashkala xarakteri xam soylesiu dauamindagi pikirler, oz pozitsiyasin tolik saulelendiriu, dialog, mashkalani sheshiu tiykarinan shartnama xam soylesiu juumagi.Belgilen: sizin klientnizde onimge anik zarurligi barma? Sonin ishinde, satip aliu xukiki xam ogan xaki toleu kabiletin de.

Isbilermenlikte tiykargi faktorlardan biri- isbilermen ozin kanday bilse, oz karsilaslarin da sonday jaksi biliuge xareket kiladi.

Baseke- bul en kolay sharayatta onimler islep shigariu xam stiu natiyjesinde ayrim islep shigariushi xam tovar jetkerip beriushiler arsindagi gures.

Basekeleslerinen ozip ketiu ushin ilaji barinsha onimdi kop islep shigariuga xareket etiu kerek.Bunda xar kiyli usillardan paydalanip onin en tiykargilari tomendegiler:

1.Janaliklar kirgiziuge erisiu.

2.Bazarga difitsit onimlerdi alip kirip,baxani kiska muddetke kemeytiu.

3.Aktsiyalar satip aliu, konkurentlerge kredit beriu, karxanalardin birigiui xakkinda shartnama duziu.

4.Bazardagi jagday xam alip barilip atirgan jumislardi sir saklau.

Sonin ushin tekseriu barisinda xar bir kaniyge ozine tiyisli soraularga juuap beriui kerek.Soylesiuler mazmunin baklau , jiberilgen kemshilikler sebebin sorau kerek.

Kommertsiyalik sir dep esaplanbaytugin barlik xujjetlerdi tekseriuge usiniu mumkin.

Takirarlau ushin soraular.

1.Biznes etikasi degenimiz ne?

2.Isbilermennin tiykargi  paziyletleri.

3.Isbilermenlikte soylesiuler alip bariu kalay amelge asiriladi?

4.Isbilermennin jumis kunin jobalastiriui degenimiz ne?

5.Kommertsiyalik sir degende neni tusinesiz?

## Tiykarg`ı a`debiyatlar.


1.Wzbekiston Respublikasi Prezidentining «Twg`ridan twg`ri xorijiy investitsiyalarni jalb etishni rag`batlantirish borasidagi qwshimcha chora-tadbirlari twg`risida»gi 2005 yil 11 apreldagi PF-3594-sonli Farmoni. Xabarnoma jurnali, 2005 yil, 2-son.

2. Wzbekiston Respublikasi Prezidentining «Mikrofirmalar va kichik korxonalarni rivojlantirishni rag`batlantirish borasi-dagi qwshimcha chora-tadbirlar twg`risida»gi 2005 yil 20 iyundagi PF-3620-sonli Farmoni. Xabarnoma jurnali, 2005 yil, 2-son.

3. Wzbekiston Respublikasi Prezidentining «Tadbirkorlik sub`ektlari tomonidan taqdim etiladigan hisobot tizimini tako-millashtirish va uni noqonuniy talab etganlik uchun javobgarlikni kuchaytirish twg`risida»gi 2005 yil 15 iyundagi PQ-100-son qarori. Xabarnoma jurnali, 2005 yil, 2-son.

4. Xodiev B.Yu., Qosimova M.S., Samadov A.N. Kichik biznes va xususiy tadbirkorlik. – T.: TDIU, 2010.

5. Samadov A,N., Ostanaqulova G.N. Kichik biznes va tadbirkorlik. T.: Moliya-iqtisod, 2008.

6. Qosimova M.S., Samadov A,N. Kichik biznes va tadbirkorlik. T.: Wzbekiston yozuvchilar uyushmasi, 2005.

7. Qosimova M.S., Xodiev B.Yu., Samadov A.N., Muxitdinova U.S. Kichik biznesni  boshqarish. Wquv qwllanma. –T.: Wqituvchi, 2003.

8. Aniskin Yu.P. Organizatsiya i upravlenie malim biznesom: Ucheb. posob. – M.: Finansi i statistika, 2008.